रवि
25 अक्टूबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

आश्विन, पूर्णिमा, संवत् : 2083
समदिया मिथिला
देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 45 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00



# जदयू सं निकालल गेलाह अनंत सिंह, विधायकी समाप्त करबाक लेल विस अध्यक्ष कें लिखल गेल चिट्ठी

- **एमएलसी चुनाव मे बगावत पर कारबाइ, जनसुराज समर्थित प्रत्याशी लेल केने रहथि प्रचार-प्रसार**

**पटना, समदिया**

बिहार विधान परिषद चुनाव मे विरोधी रुख अपनेबाक कारण मोकामा विधायक अनंत सिंह कें नीतीश कुमारक पार्टी जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) सं निकालि देल गेल अछि। जेडीयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा अनंत सिंह कें छह वर्षक लेल पार्टी सं निष्कासित कए देलनि। हुनकर पत्नी आ पूर्व विधायक नीलम देवी कें सेहो जेडीयू सं बाहर कए देल गेल। एतबे नहि, अनंत सिंहक विधानसभा सदस्यता समाप्त करबाक लेल पार्टी विधानसभा अध्यक्ष कें चिट्ठी सेहो लिखने अछि।

जेडीयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा शनिदिन जारी आदेश मे कहलनि जे विधायक अनंत सिंह किछु दिन सं लगातार पार्टीक निर्देश सभक अवहेलना कए रहल छलाह। हुनका पर आरोप लगाओल गेल अछि जे मोकामा विधायक जेडीयूक शीर्ष नेतृत्वक लेल अमर्यादित आ अपमानजनक भाषाक प्रयोग कयलनि। एकर अतिरिक्त, हालहि भेल विधान परिषद चुनाव मे जेडीयूक उम्मीदवारक विरोध कयलनि आ दोसर दलक प्रत्याशीक पक्ष मे प्रचार सेहो कयलनि। एहि कारण अनंत सिंहक जेडीयूक प्राथमिक सदस्यता तत्काल प्रभाव सं समाप्त कए देल गेलनि।

### अनंत सिंहक विधायकी पर लटकल तलवार?

जेडीयू सं निष्कासित भेलाक बाद अनंत सिंहक विधायकी पर सेहो संकट गहरा गेल अछि। जेडीयूक प्रदेश अध्यक्ष हुनकर विधानसभा सदस्यता तत्काल समाप्त करबाक अनुशंसा कयलनि। एहि संबंध मे विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार कें चिट्ठी लिखलनि। बाहुबली नेता अनंत सिंह पटना जिलाक मोकामा विधानसभा क्षेत्र सं छह बेर विधायक रहि चुकल छथि।

### नीरज कुमारक विरोध करबाक कारण कारबाइ

**अनंत सिंहक पत्नी नीलम देवी सेहो पार्टी सं निष्कासित**



जेडीयू अनंत सिंहक संग हुनकर पत्नी नीलम देवी कें सेहो पार्टी सं बाहर कए देलक। अनंत सिंह जेल मे रहबाक समय नीलम देवी मोकामा सं विधायक छलीह। हुनका पर सेहो पार्टी विरोधी गतिविधि मे शामिल रहबाक आरोप लगबैत अनुशासनात्मक कारबाइ कयल गेल अछि।

हालहि भेल बिहार विधान परिषद चुनाव मे मोकामा विधायक अनंत सिंह पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं जेडीयू प्रत्याशी नीरज कुमारक खुलि कए विरोध कयने छलाह। ओ पार्टीक निर्देश सं अलग जा कए जन सुराजक प्रत्याशी अनुज सिंह कें समर्थन देलनि आ हुनकर पक्ष मे प्रचार सेहो कयलनि। चुनावक दौरान अनंत सिंह आ नीरज कुमारक बीच तीव्र बयानबाजी चर्चाक विषय बनल रहल।

एमएलसी चुनाव मे मतदान भेलाक अगिला दिन पार्टी अनंत सिंह पर कारबाइ कयलक। ओना, अनंत सिंह शुक्रदिन कहने छलाह जे ओ चाहैत छथि पार्टी हुनका पर कारबाइ करय। विधान परिषद चुनावक परिणाम 27 अक्टूबर कें घोषित होयत।

### एक दिन पहिने कहने छलाह, के छथि ललन सिंह, हम नहि चिन्हैत छी

एक दिन पहिने अर्थात शुक्रदिन अनंत सिंह केंद्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कें लए कए प्रतिक्रिया देने छलाह। मीडियाकर्मी अनंत सिंह सं पूछलनि जे ललन सिंह केकरा संग छथि? एहि पर अनंत सिंह कहलनि जे कोन ललन सिंहक बात कए रहल छी? बिहार मे तं सौ ललन सिंह छथि। हम हुनका नहि चिन्हैत छी। अनंत सिंह कहलनि जे हम नीतीश कुमार आ पार्टी कें अपना भगवान मानैत छी। हम कतहु रहब, नीतीश जी कें मानैत रहब। सरकारक विरोध मे चलि रहल छी, पुलिस कतहु-कतहु जुमार्ना कयने अछि। एहि सभ सं हमरा कोनो फर्क नहि पड़त।

### आगू की?

अनंत सिंह कें जेडीयू सं निष्कासित कयल गेलाक बाद बिहारक राजनीति मे सत्तारूढ़ दलक भीतर अनुशासन आ नेतृत्वक पकड़ पर चर्चा तेज होयबाक संभावना अछि। ललन सिंहक विरोध आ एमएलसी चुनाव मे पार्टीक प्रत्याशीक विरुद्ध प्रचार करबाक मुद्दा जेडीयूक लेल प्रतिष्ठाक प्रश्न बनि गेल अछि। आब सभक नजरि विधानसभा अध्यक्षक निर्णय पर रहत, जे अनंत सिंहक विधायकी पर असरि दए सकैत अछि। दोसर दिस, अनंत सिंहक अगिला राजनीतिक डेग सेहो महत्वपूर्ण होयत। ओ नीतीश कुमार प्रति निष्ठा जतौने छथि, मुदा पार्टी सं निष्कासनक बाद हुनकर राजनीतिक रणनीति बिहारक राजनीति मे नव समीकरण बना सकैत अछि।

---

## एक नजरि

### मधुबनी मे कमला नदी मे धसना खसला सं बच्ची आ महिलाक मृत्यु

**मधुबनी :** बाबूबरही थाना क्षेत्रक बेला बकशाही मे कमला नदी मे धसना खसला सं आठ वर्षक बच्ची आ 42 वर्षीया महिलाक मृत्यु भए गेल। एहि दुर्घटना मे एकटा आर महिला सेहो दबि गेलीह, जिनका ग्रामीण सभ बाहर निकालि अस्पताल पहुंचौलनि। हुनकर गंभीर अवस्था देखैत चिकित्सक रेफर कए देलनि। जानकारीक अनुसार, गामक लोक रोज जेकां कमला नदी मे स्नान करबाक लेल गेल छलाह। बच्चा सभ नदी मे कूदि रहल छल। एही बीच अनचोके धसना खसि पड़ल, जाहि मे कतेको महिला आ बच्चा दबि गेल।

### सीतामढ़ी मे एक हजार टाका लेल अधेड़क पीटि-पीटि कए हत्या

**सीतामढ़ी :** भुतही थाना क्षेत्रक तिलंगही गाम मे मात्र एक हजार टाका बकाया रहबाक विवाद मे 55 वर्षीय रहमान साहबक लाठी-डंडा सं पीटि हत्या कए देल गेल। मृतक आ हुनकर पत्नी दुनू दिव्यांग छल आ भीख मांगि कए परिवारक भरण-पोषण करैत छलाह। ग्रामीण सभक अनुसार, रहमान साहबक गामक राम नारायण महतो संग बकायाक टाका लेल विवाद भेल छल। आरोप अछि जे एहि विवाद मे हुनका पीटि देल गेल।

(विस्तृत खबरि पेज 5 पर)

---

# डेढ़ सालक अबोधक बलि, पटना मे पैघ भाइ केलक निर्मम हत्या

**निशांक आदी छल आरोपी युवक, मूड़ी काटि दुर्गा कें केलक अर्पित**

**पालीगंज/पटना, समदिया**

पटनाक पालीगंज सं एकटा हृदयविदारक घटना सोझां आयल अछि। एतय एकटा पैघ भाइ अपन डेढ़ सालक छोट भाइ कें गर्दनि काटि हत्या कए देलक। बच्चाक माथ लगक दुर्गा मंदिर मे भेटल अछि। आरोप अछि जे पैघ भाइ अपन छोट भाइ कें घर सं कोरा मे उठा कए लए गेल छल। आरोपित भाय अबोध बच्चा कें गामक मंदिर मे लए गेल आ ओतय ओकर हत्या कए देलक। मंदिर मे बच्चाक शव देखिते लोक स्तब्ध रहि गेल। बच्चाक माथ आ धड़ अलग-अलग पड़ल छल। एहि भयावह घटनाक बाद मंदिर परिसर मे चारू कात खून पसरल छल।

### घटनास्थल पर पसरल छल खून

मंदिर मे खून देखलाक बाद स्थानीय लोक तुरंत पुलिस कें सूचना देलनि। घटनास्थल पर पहुंचल पुलिस आरोपित भाइ कें गिरफ्तार कए लेलक। ओकरा सं लगातार पूछताछ कएल जा रहल अछि। जानकारीक अनुसार, रानीतालाब थाना क्षेत्रक जीतन छपरा गाम निवासी रंजू यादवक 22 वर्षीय बेटा अजीत कुमार उर्फ बाला पछिला कतेको मास सं निशाक आदी छल।



### निशाक लत मे कएलक भयावह काज

आरोप अछि जे निशाक लत मे अजीत अपन सभ सं छोट भाइ कें पहिने घर सं कोरा मे उठा लेलक। ओ बच्चा कें घर सं करीब 200 मीटर दूर गामक दुर्गा मंदिर मे लए गेल। ओतय पहिने अबोधक गर्दनि काटि देलक आ बाद मे ओकर काटल माथ मां दुर्गाक आगू चढ़ा देलक। गामक लोक जखन मंदिर पहुंचलाह आ ई दृश्य देखलनि, तं तुरंत पुलिस कें सूचना देलनि। एहि जघन्य घटनाक खबरि पूरा गाम मे आगि जकां पसरि गेल। मृत बच्चाक माता-पिता सेहो दौड़ैत मंदिर पहुंचलाह।

### माता-पिताक सोझां पड़ल छल अबोधक मूड़ी

मंदिर पहुंचला पर माता-पिता अपन डेढ़ सालक अबोध बेटाक मूड़ी ओतय पड़ल देखलनि। पुलिस तत्परता देखबैत आरोपित अजीत कुमार कें गिरफ्तार कए लेलक। घटना मे प्रयुक्त धारदार हथियार सेहो बरामद कयल गेल अछि।

### की कहलनि पुलिस अधिकारी?

घटनास्थल पर पहुंचल पालीगंज डीएसपी-2 पंकज शर्मा पटना एफएसएल (फॉरेंसिक विज्ञान प्रयोगशाला) टीम कें सूचना देलनि। हुनका अनुसार एफएसएल टीम सेहो घटनास्थल पर पहुंचल। पुलिस आ फॉरेंसिक विशेषज्ञ सभ घटनाक गहन जांच कए रहल छथि। डीएसपी कहलनि जे एहि भयावह घटनाक वास्तविक कारण एखन स्पष्ट नहि भए सकल अछि। पुलिस पीड़ित परिवारक सदस्य सभ सं पूछताछ कए रहल अछि आ आरोपित कें गिरफ्तार कए लेल गेल अछि।

पंकज शर्मा, डीएसपी-2, पालीगंज कहलनि जे स्थानीय लोक सभ सं सूचना भेटल छल जे जीतन छपरा गामक दुर्गा मंदिर मे कोनो बच्चाक शव पड़ल अछि। एकर बाद पुलिस टीम तुरंत घटनास्थल पर पहुंचि गेल आ मामिलाक जांच शुरू कए देलक।

---

# पुलिस लाइन मे फांसीक फंदा सं लटकल भेटल दरोगाक शव

- **आठ दिन पहिने एएसआई सं एसआई बनल छलाह**

**नवगछिया, समदिया**

भागलपुरक नवगछिया पुलिस लाइन मे शनिदिन भोरे पुलिस अवर निरीक्षक (एसआई) योगेश कुमारक शव फांसीक फंदा सं लटकल भेटल। घटना सामने अयलाक बाद पुलिस महकमा मे हड़कंप मचि गेल। घटनास्थल पर पहुंचल एसडीपीओ सहित अन्य पुलिस अधिकारी जांच शुरू कयलनि। फॉरेंसिक टीम सेहो जांच मे जुटल अछि।

पुलिस लाइन मे उपस्थित लोकक अनुसार, शनिदिन भोरे करीब साढ़े चारि बजे योगेश पानिक टंकी बंद करबाक लेल गेल छलाह। ओतय सं लौटबाक बाद अपन कोठरी मे चलि गेलाह। भोरे करीब पांच बजे हुनकर पत्नी फोन कयलनि। 20 सं 25 बेर फोन केलाक बादो जखन फोन नहि उठल, तं ओ सहकर्मी सभ कें फोन कयलनि। सहकर्मी कोठरी पर पहुंचि कतेको बेर दरबज्जा खटखटौलनि, मुदा भीतर सं कोनो आवाज नहि आयल। खिड़की सं देखला पर योगेशक शव फंदा सं लटकल देखाइ पड़ल। मृत्युक कारण एखन स्पष्ट नहि अछि।



### तीन मास पहिने भेल छल विवाह

योगेश बांका जिलाक बौंसी-बाराहाट क्षेत्रक रहनिहार छलाह। हुनकर गाम तप्पाड़ीह मे शोक पसरल अछि। एहि वर्ष एक जुलाई कें हुनकर विवाह लखीसराय निवासी गुड़िया कुमारी सं भेल छलनि। हुनकर पत्नी पटना सचिवालय मे काज करैत छथि। दशहराक समय गुड़िया नवगछिया आबि पति संग पर्व मनौने छलीह।




---

# मानकक उल्लंघन कए रहल अछि रिलायंस, फ्लिपकार्ट आ बिग बास्केट

- **गोदाम मे भेटल चिड़ै-चुनमुनीक बसेरा**

**पटना, समदिया**

पटना आ लगपासक क्षेत्र मे संचालित ई-कॉमर्स आ खुदरा कारोबारक नामी कंपनी सभक गोदाम मे खाद्य सुरक्षा मानकक खुल्लमखुल्ला उल्लंघनक मामिला सोझां आएल अछि। खाद्य सुरक्षा विभागक विशेष जांच मे रिलायंस रिटेलक दूटा गोदाम सहित फ्लिपकार्ट आ बिग बास्केटक भंडारण परिसर मे गंभीर त्रुटि भेटल अछि। कतहु शीत भंडार मे खाद्य सामग्री खुलल जगह पर छिड़ियाएल छल, तं कतहु खाद्य पदार्थक संग रासायनिक आ अखाद्य वस्तु राखल भेटल। फ्लिपकार्टक गोदाम मे चायक पैकेट आ बाहरी कार्टन पर अंकित बैच नंबर अलग-अलग छल। विभाग 14 दिनक भीतर सभ कमी दूर करबाक नोटिस देलक अछि। त्रुटि दूर नहि भेल तं लाइसेंस निलंबित अथवा रद्द कयल जा सकैत अछि। सभ प्रतिष्ठान सं खाद्य पदार्थक नमूना लए जांच लेल प्रयोगशाला पठाओल गेल अछि।



### रिलायंस : गोदाम मे खुलल जगह पर राखल छल खाद्य पदार्थ, फर्श पर गंदगी

पटना सिटीक मौजा जेठुली मे छपाक वाटर पार्कक सामने स्थित रिलायंस रिटेलक गोदामक शीत भंडार मे खाद्य पदार्थ खुलल जगह पर राखल भेटल। फर्श पर गंदगी पसरल छल। गोदाम मे पड़बाक उपस्थिति आ ओकर कारण पसरल गंदगी सेहो भेटल। एतय सं मलाई पनीरक नमूना लए जांच लेल प्रयोगशाला पठाओल गेल। दोसर दिस, दीदारगंजक गौरीचक स्थित रिलायंस रिटेलक गोदाम मे खाद्य आ अखाद्य वस्तु एकहि संग राखल छल। ओतय सं हरदी पाउडर आ मरिच पाउडरक नमूना लेल गेल।

### बिग बास्केट : कर्मी सभक स्वास्थ्य प्रमाणपत्र नहि भेटल

मंगहूपुर चिरौरा स्थित बिग बास्केटक गोदामक जांच मे कर्मी सभक अनिवार्य स्वास्थ्य प्रमाणपत्र नहि भेटल। परिसर मे गंदा पानिक निकासक समुचित व्यवस्था सेहो नहि छल। एतय सं वेगन टोफू गोल्ड, बारबेक्यू सॉस आ जीरा पाउडरक नमूना लेल गेल।

### फ्लिपकार्ट : चायपत्तीक पैकेट बेचबा पर रोक

बिहटा स्थित फ्लिपकार्टक गोदाम मे टाटा टी गोल्डक 500 ग्रामबला पैकेट पर अंकित बैच नंबर आ कार्टन पर लिखल नंबर मे अंतर भेटल। एहि कारण चायपत्तीक बिक्री पर रोक लगा देल गेल। जांच लेल नमूनो लेल गेल। समुचित रखरखाव नहि रहबाक कारण 31 पीस केक-पेस्ट्री, आंटाक 170 पैकेट, 70 पैकेट कुकीज, 60 पैकेट कॉफी, 24 पैकेट चिप्स आ सीरियल फ्लेक्स असुरक्षित भेटल।

# पटना मे प्रत्येक दिन 1000 स्ट्रीट लाइटक होयत मरम्मति

## सभ वार्ड कें भेटत 100-100 नव स्ट्रीट लाइट, नवंबरक पहिल सप्ताह सं शुरू होयत काज

पटना, समदिया

पटना मे त्योहार सं पहिने अन्हारक समस्या दूर करबाक लेल पटना नगर निगम स्ट्रीट लाइट व्यवस्थाक सुधार करबाक तैयारी तेज कए देने अछि।

निगम क्षेत्रक सभ 75 वार्ड मे 7,500 नव स्ट्रीट लाइट लगाओल जाएत। प्रत्येक वार्ड के 100-100 लाइट उपलब्ध करयबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

निगम प्रशासनक अनुसार, 31 अक्टूबर धरि वार्ड सभ मे लाइट पहुंचा देल जाएत, जखनकि एकरा लगयबाक काज नवंबरक पहिल सप्ताह मे शुरू होयबाक उम्मीद अछि।

एजेंसी 29 अक्टूबर धरि लाइट खरीदबाक काज पूरा करबाक आश्वासन देने अछि।





### जरूरतक अनुसार तय होयत लाइट लगयबाक स्थान

नव स्ट्रीट लाइट संबंधित वार्डक सैनिटरी इंस्पेक्टर (एसआई) के सौंपल जाएत। लाइट लगयबाक स्थानक चयन वार्ड पार्षद सभक सुझाव आ नगर निगमक आंतरिक सर्वेक्षणक आधार पर कयल गेल अछि। ओहि सड़क, गली आ सार्वजनिक स्थान सभ के प्राथमिकता देल जाएत, जतय रोशनीक कमी अछि। जे लाइट पूरा तरहे खराब भए चुकल अछि, ओकरा हटा कए नव लाइट लगाओल जाएत।

### सभ दिन 1000 खराब लाइट ठीक करबाक लक्ष्य

नव लाइट लगयबाक संग पुरान स्ट्रीट लाइटक मरम्मत सेहो तेज कयल जा रहल अछि। फिलहाल शहर मे हर दिन लगभग 600 सं 700 खराब लाइट ठीक कयल जा रहल अछि। नगर निगम एहि संख्या के बढ़ा कए प्रतिदिन 1000 लाइट दुरुस्त करबाक योजना बनौने अछि।

मरम्मत काज लेल तीन-तीन सदस्यबला 26 टीम अलग-अलग इलाका मे तैनात अछि। ई टीम खराब लाइटक संग स्विच, वायरिंग आ दोसर तकनीकी समस्या ठीक कए रहल अछि। जे लाइट मरम्मत करबाक स्थिति मे नहि अछि, ओकरा बदलबाक व्यवस्था कयल जा रहल अछि।

### शिकायत लेल टोल फ्री नंबर आ व्हाट्सऐप सुविधा

नगर निगम क्षेत्र मे बंद स्ट्रीट लाइट के संबंध मे लोक कंट्रोल रूम मे शिकायत दर्ज करा सकैत छथि। एकरा लेल टोल फ्री नंबर 155304 आ व्हाट्सऐप चैटबॉट नंबर 9264447449 जारी कयल गेल अछि। शिकायत भेटलाक बाद संबंधित तकनीकी टीम के समस्या दूर करबाक लेल पठाओल जाएत। पटना नगर निगम क्षेत्र मे फिलहाल 82 हजार सं बेसी स्ट्रीट लाइट लागल अछि। एकर रखरखाव आ मरम्मतक जिम्मेदारी ईईएसएल (एएरछ) एजेंसीक जिम्मा अछि। नव लाइट लगयबाक आ मरम्मत काज मे तेजी अयला सं शहरक प्रकाश व्यवस्था नीक होयबाक उम्मीद अछि।

# पेसू जांच लेल बनौलक टेक्नीशियन टीम, 1.28 लाख बिजली उपभोक्ता लग एखन धरि नहि लागल स्मार्ट मीटर

पटना, समदिया

शहर मे 1.28 लाख बिजली उपभोक्ता एखनहु पुरान मीटरक भरोसे छथि। हुनका सभक परिसर मे एखन धरि स्मार्ट प्रीपेड मीटर नहि लागल अछि। एहि मीटर सभक खोज लेल पेसू अभियान शुरू कयने अछि। सभ 13 डिवीजन मे तीन सदस्यीय टेक्नीशियन टीम बनाओल गेल अछि।

एहि टीम सभ के ओहि परिसर सभक पहचान करबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि, जतय एखन धरि स्मार्ट प्रीपेड मीटर नहि लागल अछि। एकरा संग बिजली चोरी रोकबाक लेल जांच करबाक जिम्मेदारी सेहो देल गेल अछि।

अधिकारी सभक अनुसार, पेसू क्षेत्र मे दानापुर सं पटना सिटी धरि सभ 13 डिवीजन मे 7.61 लाख बिजली उपभोक्ता छथि। एहि मे सं 6.33 लाख उपभोक्ताक परिसर मे स्मार्ट प्रीपेड मीटर लागल अछि। शेष 1.28 लाख घर मे स्मार्ट प्रीपेड मीटर नहि अछि।




### रिचार्ज नहि करय बला उपभोक्ताक जांच

शहर मे 3 सं 6 किलोवाट तक लोड स्वीकृत करौने ओहि उपभोक्ता सभक सेहो जांच कयल जा रहल अछि, जे तीन महीना सं अपन स्मार्ट प्रीपेड मीटर रिचार्ज नहि कयने छथि। एहन उपभोक्ता सभक पहचान कए सत्यापन कयल जा रहल अछि।

एहन लोक सभक आंकड़ा जुटाओल जा रहल अछि, जिनकर घर आ बिजली कनेक्शन तं अछि, मुदा ओ शहर मे रहैत नहि छथि। एहि मे अपार्टमेंट मे फ्लैट किनय बला बहुत रास उपभोक्ता एहन भेटि रहल छथि, जे महीना मे एक-दू बेर अबैत छथि आ एक-दू दिन रहि कए वापस चलि जाइत छथि। एहि कारण हुनका सभक बिजली खपत 125 यूनिटक सीमा मे रहैत अछि।

### मकान सभ मे सभ सं बेसी बिजली चोरी पकड़ल जा रहल अछि

जांचक दौरान मकान सभ मे सभ सं बेसी बिजली चोरी पकड़ल जा रहल अछि। अभियंता सभक अनुसार, बिजली चोरी लेल बाइपास करबाक आ रिमोट लगयबाक मामिला सामने आएल अछि। खास कए दीघा, दानापुर आ बाइपास इलाका मे एहन उपभोक्ता सभक संख्या बेसी अछि। एकरा अतिरिक्त शहरक विभिन्न स्थान पर छोट व्यवसाय लेल चलाओल जा रहल उद्योग सभ मे सेहो बिजली चोरीक मामिला सामने आबि रहल अछि। पेसू क्षेत्र मे औसतन प्रत्येक महीना 100 सं बेसी लोक बिजली चोरी करैत पकड़ल जा रहल छथि।

# पटना मे आइ चारि घंटा बंद रहत जेपी गंगा पथ

पटना, समदिया

राजधानी पटना मे रवि, 25 अक्टूबर कें एसबीआई ग्रीन मैराथनक आयोजन कें देखैत यातायात पुलिस ट्रैफिक व्यवस्था मे बदलाव केने अछि। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार, भोर 4 बजे सं 9 बजे धरि मैराथन मार्ग पर गाड़ी सभक परिचालन पर रोक रहत। एहि दौरान गाड़ी चालक सभके बदलल ट्रैफिक रूटक पालन करय पड़त।




मैराथनक शुरूआत गांधी मैदानक गेट नंबर-1 सं होयत। प्रतिभागी चिल्ड्रेन पार्क, जेपी गंगा पथ, एलसीटी घाट आ दीघा गोलंबर होइत अटल पथक शिवपुरी धरि पहुंचत। तकर बाद यू-टर्न लैत ओहि मार्ग सं वापस गांधी मैदान लौटत। आयोजनक दौरान एहि पूरा मार्ग पर यातायात नियंत्रित कएल जायत।

यातायात पुलिसक अनुसार, जेपी गंगा पथ पर आयुक्त कार्यालयक सामने सं दीघा गोलंबर धरि दक्षिणी फ्लैंक पर सभ तरहक गाड़ी सभक परिचालन प्रतिबंधित रहत। ओतहि दीघा गोलंबर सं अटल पथक शिवपुरी धरि पूर्वी फ्लैंक पर सामान्य गाड़ी सभक आवाजाही बंद रहत। गाड़ी चालक सभके एहि प्रतिबंध के ध्यान मे राखि अपन यात्रा योजना बनयबाक चाही। ट्रैफिक व्यवस्थाक अंतर्गत आयुक्त कार्यालयक सामने सं दीघा गोलंबर धरि उत्तरी लेन मे एकतरफा परिचालन होयत। एही तरहे दीघा गोलंबर सं अटल पथ धरि पश्चिमी लेन मे गाड़ी सभके एकतरफा चलेबाक अनुमति रहत। गाड़ी चालक सभके घटनास्थल पर तैनात यातायात पुलिसकर्मी सभक निर्देश पालन करय पड़त। एसबीआई ग्रीन मैराथन मे शामिल होमय बला प्रतिभागी आ मीडियाकर्मी सभक गाड़ी गांधी मैदानक भीतर निर्धारित जगह पर पार्क कराओल जायत। आयोजन मे शामिल होमय बला लोक सभके पार्किंग आ यातायात संबंधी निर्देश सभक अनुसार गाड़ी ठाढ़ करय पड़त।

यातायात पुलिस गाड़ी चालक सभ सं अपील केने अछि जे ओ रविदिन भोर निर्धारित समय मे वैकल्पिक मार्गक उपयोग करथि। संगहि, यातायात कर्मी सभक निर्देश पालन करथि, जाहि सं मैराथनक दौरान जाम नहि लगय आ आम लोकक आवागमन सुचारु बनल रहय।

### डॉ. प्रेम कुमार अयोध्या मे भगवान श्रीरामक दर्शन-पूजन केलनि

**पटना।** बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार अपन सहयोगी सभक संग अयोध्या स्थित श्रीराम जन्मभूमि मंदिर मे भगवान श्रीरामक विधिवत दर्शन-पूजन कयलनि। एहि अवसर पर ओ हनुमानगढ़ी मे वीर हनुमानजीक दर्शन कए आशीर्वाद प्राप्त कयलनि। डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे भगवान श्रीरामक दर्शन आ पूजन सं मोन के आध्यात्मिक शांति आ नव ऊर्जा भेटैत अछि। प्रभु श्रीरामक जीवन मयार्दा, त्याग, सेवा, समर्पण आ कर्तव्यनिष्ठाक अनुपम उदाहरण अछि। हुनकर आदर्श आ जीवन-मूल्य समाज आ राष्ट्रक सेवा लेल हमरा सभके निरंतर प्रेरित करैत अछि। अयोध्या मे दर्शन-पूजनक बाद डॉ. प्रेम कुमार विंध्याचल स्थित शक्तिपीठ मां विंध्यवासिनी मंदिर आ वाराणसी स्थित बाबा विश्वनाथ मंदिर मे सेहो विधिवत दर्शन-पूजन कयलनि। एहि अवसर पर ओ समस्त बिहारवासी सभक सुख, शांति, समृद्धि आ खुशहालीक मंगलकामना कयलनि। ओ कहलनि जे धार्मिक आ आध्यात्मिक स्थल सभक यात्रा हमरा सभक समृद्ध सांस्कृतिक विरासत, आस्था आ सनातन परंपरा प्रति श्रद्धा आ विश्वास के बेसी मजबूत करैत अछि।

# छठम कक्षा सं कंप्यूटरक पढ़ाइ अनिवार्य 31 मार्च धरि बनत 700 स्मार्ट क्लास

### बिहारक स्कूल सभ मे पैघ बदलाव

पटना, समदिया

अगिला शैक्षणिक सत्र सं बिहारक सभ सरकारी विद्यालय मे छठम आ ओकरा ऊपरक कक्षा सभ मे कंप्यूटर शिक्षा अनिवार्य कए देल जायत। एहि सं पहिने सभ शिक्षक के राज्य शैक्षिक अनुसंधान आ प्रशिक्षण परिषद (एससीईआरटी) मे कंप्यूटरक प्रशिक्षण देल जायत, जाहि सं ओ विद्यार्थी सभके प्रभावी तरीका सं कंप्यूटर पढ़ा सकथि। शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी शुक्रदिन विकास भवन स्थित अपन कार्यालय कक्ष मे आयोजित समीक्षा बैसार मे अधिकारी सभके एहि संबंध मे आवश्यक तैयारी करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे सभ 700 सरस्वती विद्या निकेतन (मॉडल स्कूल) मे 31 मार्च सं पहिने स्मार्ट क्लास बनेबाक काज पूरा कएल जाए। जाहि आदर्श विद्यालय सभ मे एखन धरि चारदीवारी नहि बनल अछि, ओतय एकर निर्माण कराओल जाए। शिक्षा मंत्री केंद्र सं भेटल राशि के सदुपयोग करैत विद्यालय सभ मे जरूरी आधारभूत सुविधा समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि।



### सभ प्रमंडल मे गुरुकुलम विद्यापीठ बनेबाक योजना

शिक्षा मंत्री कहलनि जे राज्य मे पारंपरिक शिक्षा व्यवस्था के बढ़ावा देबाक लेल सभ प्रमंडल मे गुरुकुलम विद्यापीठक खाका तैयार करबाक निर्देश देल गेल अछि। एकर शुरूआत बक्सर सं कएल जा चुकल अछि। एतय पहिल गुरुकुलमक स्थापना पर करीब 70 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि।

ओ बजट पदाधिकारी के दोसर गुरुकुलम विद्यापीठ सभक विस्तृत योजना तैयार करबाक निर्देश देलनि। संगहि कहलनि जे एहि बेर बजट मे बेसी सं बेसी नव योजना सभके शामिल कएल जाए।

### बंद संस्कृत विद्यालय फेर शुरू होयत

शिक्षा मंत्री कहलनि जे राज्य मे संस्कृत शिक्षाके बढ़ावा देबाक लेल बंद पड़ल राजकीय संस्कृत विद्यालय सभके फेर सं शुरू करबाक तैयारी चलि रहल अछि। पहिने ओहि विद्यालय सभक जीर्णोद्धार कएल जायत, जकरा लग अपन जमीन उपलब्ध अछि।

एहि संग संस्कृत शिक्षा बोर्डक तर्ज पर मदरसा बोर्डक कार्यालय के सेहो शीघ्र नव भवन मे स्थानांतरित कएल जायत।

### बिहार दिवस पर होयत पैघ आयोजन

शिक्षा मंत्री जानकारी देलनि जे एहि बेर बिहार दिवसक अवसर पर पैघ स्तर पर कार्यक्रम आयोजित कएल जायत। मुख्य समारोह पटना स्थित बापू सभागार मे करबाक योजना अछि। एहि अवसर पर कवि डॉ. कुमार विश्वास के आमंत्रित कएल जायत। बैसार मे विशेष सचिव धर्मेंद्र कुमार, बिहार शिक्षा परियोजनाक राज्य परियोजना निदेशक नवदीप शुक्ला, माध्यमिक शिक्षा निदेशक नितिन कुमार सिंह, टेक्स्ट बुकक निदेशक यतेंद्र कुमार पाल, प्राथमिक शिक्षा निदेशक कुमार निशांत विवेक, निदेशक प्रशासन विजय कुमार पांडेय सहित अन्य अधिकारी सभ उपस्थित छलाह।

# दानापुर-बिहटा एलिवेटेड रोडक जमीन अधिग्रहण पूरा

## 1969 करोड़ रुपैया सं बनि रहल 25 किमी लंबा फोरलेन कॉरिडोर

पटना, समदिया

पटना आ आसपासक इलाका मे यातायात व्यवस्था नीक करबाक लेल दानापुर-बिहटा चारि लेन बला एलिवेटेड कॉरिडोरक निर्माण काज जारी अछि। करीब 25.081 किलोमीटर लंबा एहि परियोजना सं दानापुर आ बिहटा बीच आवागमन सुगम बनेबाक योजना अछि। एकर निर्माण पूरा भेला पर राजधानी पटना के पश्चिमी हिस्सा मे सड़क यातायातक दबाव कम होयत। संगहि, प्रस्तावित बिहटा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा धरि पहुंच सेहो नीक होयबाक उम्मीद अछि। दानापुर-बिहटा परियोजनाक अंतर्गत चारि लेन बला एलिवेटेड कॉरिडोर बनाओल जा रहल अछि। एहि संग दानापुर-बिहटा खंड मे सड़क सुधारक काज सेहो शामिल अछि। एहि मार्ग पर गाड़ी सभक आवाजाही आसान बनायब आ प्रमुख संपर्क मार्ग सभक बीच कनेक्टिविटी नीक करब परियोजनाक मुख्य उद्देश्य अछि। पथ निर्माण विभाग अपन आधिकारिक वेबसाइट पर एहि योजना सं जुड़ल जानकारी साझा केने अछि। परियोजनाक अंतर्गत राष्ट्रीय राजमार्ग-922 के कनहौली मोड़ आ राष्ट्रीय राजमार्ग-139 के एम्स गोलंबर सं नीक संपर्क देबाक योजना अछि। एहि सं अलग-अलग सड़क मार्ग सभक बीच संपर्क मजबूत होयत। क्षेत्र मे गाड़ी सभक संख्या बढ़ैत देखैत ई कॉरिडोर भविष्य मे यातायात व्यवस्था के बेसी व्यवस्थित बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। दानापुर-बिहटा एलिवेटेड कॉरिडोरक एकटा महत्वपूर्ण उद्देश्य प्रस्तावित बिहटा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा धरि नीक सड़क संपर्क उपलब्ध करायब अछि। हवाई अड्डा धरि संपर्क मजबूत भेला पर यात्रि सभक संग आसपासक क्षेत्र सं आबय-जाय बला लोक सभके सेहो लाभ भेटत। परियोजना लेल जमीन अधिग्रहण पूरा भए चुकल अछि आ एखन निर्माण काज चलि रहल अछि। एलिवेटेड कॉरिडोरक संग संबंधित सड़क खंड मे सुधार सेहो कएल जा रहल अछि। परियोजना पूरा भेला पर दानापुर, बिहटा आ आसपासक क्षेत्र सभक बीच आवागमन नीक होयबाक उम्मीद अछि। जानकारीक अनुसार, एहि परियोजनाक कुल निर्माण लागत करीब 1,969 करोड़ रुपैया अछि। एहि एलिवेटेड रोडक सब सं पैघ लाभ ई होयत जे भविष्य मे बनय बला बिहटा सिविल एन्क्लेव (हवाई अड्डा) के पटना शहर सं सीधा जोड़त आ यातायात जामक समस्या कम करत।



स्थानीय यातायात सुगम बनेबाक लेल एहि मार्ग पर चारि महत्वपूर्ण जगह–दानापुर रेलवे स्टेशन लग, शिवाला मोड़, बिहटा हवाई अड्डा लिंक आ बिहटा-सरमेरा बाइपास–पर रैंप आ लूप बनाओल जायत।

सड़क पर यातायात जाम कम करबाक लेल एहि मार्ग मे 4 प्रमुख बाइपास–नेऊरागंज, पैनाल, कनहौली आ विशुनपुरा–के सेहो शामिल कएल गेल अछि। एकर निर्माण पूरा भेला पर नीचां बला सड़क पर चलय बला स्थानीय गाड़ी सभक दबाव कम होयत। ई एलिवेटेड रोड व्यापक पटना-बक्सर फोरलेन परियोजना (एनएच-922)क एकटा महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। एकरा चालू भेला पर पटना सं दिल्ली आ उत्तर प्रदेश दिस जाय बला गाड़ी सभक यात्रा समय करीब 2 घंटा तक कम होयबाक उम्मीद अछि।

### बरौनी सं गुजरातक बीच चलत अमृत भारत एक्सप्रेस पीएम मोदी करताह उद्घाटन

**पटना।** बिहारक दोसर राज्य सभक संग रेल संपर्क पहिने सं बेसी मजबूत होय बला अछि। बिहार सं गुजरात यात्रा करय बला लोक सभ लेल नीक खबर अछि। बरौनी आ भुजक बीच नव अमृत भारत एक्सप्रेस चलयबाक मंजूरी देल गेल छल। आब एकर उद्घाटन होयबाक बारी अछि। नव अमृत भारत ट्रेन बिहारक कतेको स्टेशन पर रुकत, जाहि सं अलग-अलग जिला सभक बीच रेल संपर्क मजबूत होयत। भेटल जानकारीक अनुसार, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नव अमृत भारत एक्सप्रेस के हरी झंडी देखाओत। कहल जा रहल अछि जे 30 आ 31 अक्टूबर के पीएम मोदी गुजरातक दौरा पर रहताह। एहन स्थिति मे 30 अक्टूबर के ट्रेनक उद्घाटन कयल जा सकैत अछि। बरौनी आ भुजक बीच ई ट्रेन सप्ताह मे 3 दिन चलत। एहि सं बिहार सं गुजरात यात्रा करय बला लोक सभके एकटा नव विकल्प भेटत आ सीधा रेल संपर्क सेहो उपलब्ध होयत।

समय-सारिणीक जानकारीक अनुसार, गाड़ी संख्या 19427 भुज-बरौनी अमृत भारत एक्सप्रेस भुज सं सांझ 5 बजे खुलत। अलग-अलग स्टेशन सभ पर रुकैत ई ट्रेन चारिम दिन भोर 4:05 बजे बरौनी पहुंचत।

# पटना न्यू मार्केटक होयत कायाकल्प 498 करोड़क परियोजना कें केंद्रक मंजूरी



### पार्किंग सं वेंडिंग जोन धरि सुविधा

पटना, समदिया

राजधानी पटना मे शहरी विकास आ आधुनिक सुविधाक विस्तारक दिशा मे एकटा पैघ पहल भेल अछि। केंद्र सरकार 498.40 करोड़ रुपैयाक लागत सं प्रस्तावित ह्यपटना न्यू मार्केट पुनर्विकास परियोजनाह्व के सैद्धांतिक मंजूरी द' देने अछि।

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सोशल मीडिया मंच एक्सक माध्यम सं एहि जानकारी के साझा कयलनि। ओ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक दूरदर्शी नेतृत्व लेल आभार व्यक्त कयलनि। सार्वजनिक-निजी भागीदारी (पीपीपी) मॉडल पर आधारित एहि महत्वाकांक्षी परियोजना सं न्यू मार्केट क्षेत्रक कायाकल्प होयत। संगहि, स्थानीय व्यवसायी आ आम जनता के आधुनिक सुविधा सभ भेटत।

मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य सरकार राजधानी पटना के आधुनिक, सुव्यवस्थित आ सभ सुविधा सं संपन्न शहर बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। एहि परियोजना के मंजूरी भेटला सं पटना के शहरी विकास के नव गति भेटत। बता दी जे पटना न्यू मार्केट राजधानीक प्रमुख व्यावसायिक स्थल सभ मे सं एक अछि। एकरा अंग्रेजक शासनकाल मे 1929 मे बसाओल गेल छल। एकरा एटूजेड मार्केट सेहो कहल जाइत अछि, किएक तं एतय घरेलू जरूरतक लगभग सभ तरहक सामान भेटैत अछि।

# मां चंडी मंदिर परिसरक जीवछ पोखरि मे नवविवाहिताक शव बरामद, हत्याक आरोप

## दू मास पहिने अही मंदिर मे भेल छल विवाह, सासुर पक्षक लोक घर छोड़ि फरार

**सहरसा/समदिया**

जिलाक सोनबरसा राज थाना क्षेत्र अंतर्गत मां चंडी मंदिर परिसर स्थित जीवछ पोखरि सं शुक्रदिन राति पुलिस 19 वर्षीया नवविवाहिताक लास बरामद कयलक। मृतकाक पहचान खगड़िया जिलाक बेलदौर थाना क्षेत्रक नारदपुर गाम, वार्ड नंबर-4 निवासी बबलू यादवक बेटी पूनम कुमारीक रूप मे भेल अछि। ओकर विवाह मात्र दू मास पहिने, 26 अगस्त 2026 कें सोनबरसा राज थाना क्षेत्रक जम्हरा गाम, वार्ड नंबर-11 निवासी विभीषण यादवक संग भेल छल। घटनाक बाद मृतकाक मायकेवला पति आ सासुर पक्षक लोक पर हत्या कए लास पोखरि मे फेकि देबाक आरोप लगौने छथि। ओम्हर, घटनाक बाद सं सासुर पक्षक



लोक घर छोड़ि फरार बताओल जा रहल छथि।

### दू मास पहिने मंदिर परिसर मे भेल छल विवाह

मृतकाक चाचा विशेखानंद यादव बतौलनि जे दुनू परिवारक सहमति सं 26 अगस्त 2026 कें मां चंडी स्थान मंदिर परिसर मे पूनम आ विभीषणक विवाह भेल छल। पूनम तीन बहिन आ एक भाइ मे सभ सं पैघ छल। विवाहक मात्र दू मास बाद संदिग्ध परिस्थिति मे ओकर मृत्यु भेला सं मायके मे शोक पसरल अछि।

### घरेलू विवाद मे हत्या करबाक आरोप

शनिदिन सोनबरसा राज थाना पहुंचल मृतकाक चाचा आ अन्य परिजन सासुर पक्ष पर हत्याक आरोप लगौलनि। परिजनक अनुसार, विवाहक बाद सं पति-पत्नीक बीच प्रायः घरेलू विवाद होइत रहैत छल। हुनका सभक आरोप अछि जे एही विवादक कारण पूनमक हत्या कए लास पोखरि मे फेकि देल गेल, जाहि सं घटना कें पानि मे डूबि मृत्यु होयबाक रूप देल जा सकय। हालांकि, हत्याक आरोपक पुलिस एखन जांच कए रहल अछि। पोस्टमार्टम रिपोर्ट अयलाक बादे मृत्यु कें वास्तविक कारण स्पष्ट भए सकत।

### पोस्टमार्टमक बाद नैहरक लोक कें सौंपल गेल लहास

पुलिस शुक्रदिन राति जीवछ पोखरि सं लास बरामद कयने छल। शनिदिन भोरे पोस्टमार्टम करयबाक बाद लास परिजन कें सौंपि देल गेल। एकर बाद मायकेवला आखरी संस्कार लेल लास अपना संग लए गेलाह।

सोनबरसा राज थानाध्यक्ष नागमणि कुमार कहलनि जे महिलाक लास पोखरि सं बरामद कयल गेल अछि। पोस्टमार्टम रिपोर्ट अयलाक बादे मृत्यु कें स्पष्ट कारण पता चलत। ओ कहलनि जे मामिलाक सभ पहलूक बारीकी सं जांच कयल जा रहल अछि। सासुर पक्षक लोक फरार होयबाक बात सेहो सामने आयल अछि।

# तीन मास पहिने बियाह, आठ दिन पहिने बनल दरोगा, फांसीक फंदा सं लटकल भेटल योगेश

**भागलपुर, समदिया**

भागलपुरक नवगछिया पुलिस लाइन मे शनिदिन भोर अवर निरीक्षक (एसआई) योगेश कुमारक शव हुनकर कोठली मे फांसीक फंदा सं लटकल भेटल। योगेश आठ बहिनक एकमात्र भाय छलाह। एहि बरख 1 जुलाई कें हुनकर बियाह भेल छल। तीन महिनाक नवविवाहित जीवन आ आठ दिन पहिने भेटल पदोन्नतिक बाद हुनकर मृत्यु सं परिवार आ पुलिस महकमा मे शोकक माहौल अछि। जानकारीक अनुसार, शनिदिन भोर करीब 4:30 बजे योगेश पानिक टंकी बंद करबाक लेल गेल छलाह। एकर बाद ओ अपन कोठली मे घुरि अएलाह। भोर करीब पांच बजे हुनकर पत्नी गुड़िया कुमारी फोन कयलनि, मुदा कई बेर फोन करबाक बादो जवाब नहि भेटलनि। बताओल गेल अछि जे पत्नी 20 सं 25 बेर फोन कयलनि। जवाब नहि भेटलापर ओ सहकर्मी सं संपर्क कयलनि। पुलिसकर्मी सभ कोठलीक दरबज्जा खटखटौलनि,



मुदा भीतर सं कोनो प्रतिक्रिया नहि भेटल। खिड़की सं देखलापर योगेशक शव फंदा सं लटकल देखाइ देल। सूचना भेटिते एसडीपीओ सहित वरिष्ठ अधिकारी घटनास्थल पर पहुंचलाह। फॉरेंसिक टीम सेहो जांच शुरू कए देने अछि।

योगेशक पत्नी पटना सचिवालय मे कार्यरत छथि। दशहराक दौरान ओ नवगछिया आयल छलीह आ दुनू गोटे संग पर्व मनौने छलाह। योगेश बरख 2020 सं नवगछिया पुलिस लाइन मे तैनात छलाह। एहि बीच ओ नवगछिया एसपीक रीडरक रूप मे सेहो काज कयने छलाह। 16 अक्टूबर 2026 कें हुनका सहायक अवर निरीक्षक (एएसआई) सं पदोन्नति दए अवर निरीक्षक (एसआई) बनाओल गेल छल। बांका जिलाक तप्पाड़ीह गाम निवासी योगेशक जीवन मे बचपनहि सं दुख छल। मात्र तीन वर्षक उम्र मे सांप काटि लेबाक कारण हुनकर माय सरस्वती देवीक मृत्यु भए गेल छलनि। हुनकर पिता रामकृष्ण साह उर्वशी देवी सं दोसर विवाह कयलनि। उर्वशी देवी योगेश कें अपन बच्चा जकां पालन-पोषण कयलनि। परिजनक अनुसार, योगेश हुनका सगी माय जेकां सम्मान दैत छलाह। आठ बहिनक एकमात्र भायक मृत्यु सं पैतृक गाम मे मातम पसरल अछि। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि। फिलहाल मृत्यु कें कारण स्पष्ट नहि भए सकल अछि।

# स्नातक चुनाव मे चौंकाबयबला परिणामक डॉ. इमामुल हक कयलनि दावा



**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक प्रत्याशी डॉ. मो. इमामुल हक दावा कयलनि जे एहि बेर चुनावक परिणाम चौंकाबयवला होयत। शनिदिन आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे ओ कहलनि जे चारू जिलाक बूथ सभ सं भेटल फीडबैकक अनुसार, हुनका मतदातासभक व्यापक समर्थन भेटल अछि। हुनकर कहब छलनि जे ई संघर्ष करयवला सामान्य परिवारक प्रत्याशीक प्रति शिक्षित मतदातासभक भरोसाक परिणाम अछि। डॉ. इमामुल हक कहलनि जे बूथ संख्या 1 सं 102 तकक रिपोर्ट उत्साहजनक अछि। हुनकर अनुसार, स्नातक मतदाता सभ धनबल आ बाहुबलक बदला संघर्ष करयवला प्रत्याशी कें प्राथमिकता देलनि। ओ दावा कयलनि जे प्रत्येक बूथ आ प्रखंड मे हुनका प्रथम वरीयताक वोट भेटल अछि। मतगणना 27 अक्टूबर कें होयत। ओ कहलनि जे अपन पिता मो. असरारुल हक उर्फ लाडले साहबक आदर्श आ संघर्षक परंपरा सं प्रेरित भए ओ राजनीति मे प्रवेश कयलनि। छात्र-युवा सभ सहित समाजक विभिन्न वर्गक लेल लगातार काज करब हुनकर प्राथमिकता रहल अछि।

एहि अवसर पर हुनकर पिता मो. असरारुल हक मतदातासभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे विभिन्न समाजक लोक हुनकर बेटा कें समर्थन देने छथि। ओ सभ मतदाता कें धन्यवाद देलनि। प्रेस कॉन्फ्रेंस मे भरत यादव, अकील अहमद, मोआज अंसारी, महेश चोपाल, मोहम्मद आजम, डॉ. शंकर पासवान, संजीव कुमार यादव, जितेंद्र कुमार यादव, मोहम्मद कलामुद्दीन, तौफीक रजा, नफीस इकबाल, कन्हैया यादव, ई. मो. इनामुल हक रेहान सहित कतेको समर्थक उपस्थित छलाह।

# हरियर चनाक खेती सं किसानक समृद्धिक नव अवसर : विजय कुमार सिन्हा

## उत्पादन सं बाजार धरि किसान कें लाभ पहुंचेबाक पहल, हरियर चनाक अगेती खेती पर जोर

**पटना, समदिया**

बिहार मे किसानक आमदनी बढ़ेबा, रबी मौसिम मे हरियर चनाक उत्पादन कें प्रोत्साहित करबा आ बाजारक मांगक अनुरूप एकर उपलब्धता सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं कृषि विभाग द्वारा हरियर चना (अगेती किस्म) प्रत्यक्षण कार्यक्रम चलाओल जा रहल अछि। कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा ई जानकारी दैत कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत किसान कें प्रति एकड़ 4,000 टाकाक सहायता देल जायत। योजनाक अंतर्गत बीज आ अन्य कृषि उपादानक वितरण 15 नवंबर 2026 धरि कयल जायत। कृषि मंत्री कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक किसानक आमदनी बढ़ेबाक आ कृषि कें लाभकारी बनेबाक दृष्टिकोण तथा मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्व मे बिहार सरकार किसान कें पारंपरिक



खेतीक संग-संग बाजारक मांगक अनुरूप फसलक खेती करबाक लेल प्रोत्साहित कए रहल अछि। एहि दिशा मे हरियर चनाक खेती एकटा महत्वपूर्ण पहल अछि। श्री सिन्हा बतौलनि जे हरियर चना (अगेती किस्म) प्रत्यक्षण कार्यक्रम पटना, नालंदा, भोजपुर, गयाजी, जहानाबाद, औरंगाबाद, भागलपुर, जमुई, लखीसराय आ समस्तीपुर सहित कुल 10 जिला मे लागू कयल जायत। एहि कार्यक्रमक अंतर्गत कुल 6,250 एकड़ मे प्रत्यक्षण करबाक लक्ष्य निर्धारित कयल गेल अछि। एकरा लेल 250 लाख अर्थात 2.50 करोड़ टाकाक वित्तीय राशि निर्धारित अछि।

योजनाक अंतर्गत पात्र किसान कें प्रति एकड़ 4,000 टाकाक सहायता उपलब्ध कराओल जायत। एहि सं किसान हरियर चनाक खेती अपनयबाक लेल प्रोत्साहित हेताह आ उत्पादन बढ़ेबा मे सहायता भेटतनि।

### 15 नवंबर धरि बीज आ कृषि उपादानक वितरण

कृषि मंत्री कहलनि जे योजनाक निर्धारित प्रत्यक्षण मॉडल अनुसार किसान सभ कें बीज आ अन्य आवश्यक कृषि उपादानक वितरण 15 नवंबर धरि सुनिश्चित कयल जायत। कार्यक्रमक क्रियान्वयन संबंधित विभागीय यूनिट कॉस्ट कमिटीक अनुशंसित मॉडल अनुसार होयत। योजनाक स्वीकृत राशि सीमा अंतर्गत विभिन्न जिला आ किसान कें आपूर्ति कयल गेल बीज तथा अन्य कृषि उपादानक देय राशि बिहार राज्य बीज निगम लिमिटेड, पटना कें उपलब्ध कराओल जायत।

### बाजारक मांगक लाभ उठा सकताह किसान

श्री सिन्हा कहलनि जे कृषि कें लाभकारी बनेबाक लेल मात्र उत्पादन बढ़ेनाइ पर्याप्त नहि अछि, बल्कि बाजारक मांग, फसलक उपलब्धता आ किसान कें भेटयवला मूल्य पर सेहो ध्यान देब आवश्यक अछि। हरियर चनाक अगेती किस्म कें बढ़ावा देला सं बाजार मे फसलक शुरूआती आवकक समय किसान कें नीक अवसर भेटि सकैत अछि। ओ कहलनि जे बिहारक किछु क्षेत्र मे उत्पादित हरियर चना दोसर जिलाक बाजार धरि सेहो पहुंचैत अछि। एहन स्थिति मे वैज्ञानिक पद्धति सं खेती, गुणवत्तापूर्ण बीजक उपलब्धता आ समय पर बुआइ किसान लेल लाभकारी साबित भए सकैत अछि। विभागक प्रयास अछि जे किसान कें एहन फसलक उत्पादन लेल प्रोत्साहित कयल जाय, जाहि सं हुनकर आमदनी बढ़बाक संभावना मजबूत हो।

# पटना मे हेल्थ एंड वेलनेस सम्मिट आइ, शिक्षा मंत्री सहित कतेको गणमान्य लोक रहताह उपस्थित

**पटना :** राजधानी पटनाक होटल ताज मे 25 अक्टूबर कें पल्स ऑफ पॉजिटिविटी (हेल्थ एंड वेलनेस समिट बिहार-2026) कार्यक्रमक आयोजन कएल जाएत। वसुधैव विमर्श फाउंडेशनक तत्वावधान मे आयोजित एहि कार्यक्रमक उद्घाटन बिहार सरकारक शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी, परिवहन मंत्री दामोदर रावत, पटना उच्च न्यायालयक न्यायाधीश सौरेंद्र पांडेय, पटनाक महापौर सीता साहू आ बिहार राज्य धार्मिक न्यास परिषदक अध्यक्ष डॉ. रणवीर नंदन संयुक्त रूप सं करताह।

आयोजकक अनुसार, एहि सम्मेलन मे देशक विभिन्न भाग सं प्रतिष्ठित चिकित्सक, वैज्ञानिक आ स्वास्थ्य क्षेत्रक विशेषज्ञ भाग लेताह। सम्मेलन मे स्वास्थ्य सेवा, लोकक कल्याण आ स्वस्थ जीवनशैली सं जुड़ल विभिन्न विषय पर विचार-विमर्श होएबाक संभावना अछि। कार्यक्रमक शुभारंभ रविदिन भोरे 9:30 बजे सं होयत। आयोजक संस्था द्वारा एहि सम्मेलनक समाचार संकलन लेल विभिन्न समाचारपत्र आ इलेक्ट्रॉनिक मीडियाक प्रतिनिधि सभ कें आमंत्रित कएल गेल अछि।

# विकास आयुक्त बैंक सभ कें मिशन मोड मे साख योजनाक लक्ष्य पूरा करबाक देलनि निर्देश

**पटना, समदिया**

बिहार मे बैंकसभक कार्यप्रदर्शनक मूल्यांकन आब 100 अंकक वैज्ञानिक मापन सूचकांकक आधार पर कयल जायत। विकास आयुक्त मिहिर कुमार सिंहक अध्यक्षता मे शुक्रदिन पुरान सचिवालय मे आयोजित उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार मे बैंकसभक रैंकिंग आ वार्षिक साख योजनाक प्रगतिक समीक्षा कयल गेल। वित्तीय बरख 2026-27 लेल बिहारक वार्षिक साख योजनाक लक्ष्य 4.95 लाख करोड़ टाका निर्धारित कयल गेल अछि। 30 सितंबर 2026 धरि एहि लक्ष्यक विरुद्ध 1,89,343.52 करोड़ टाका अर्थात 38.25 प्रतिशत ऋण वितरित कयल गेल। एमएसएमई क्षेत्र मे 52.68 प्रतिशत आ कृषि क्षेत्र मे 28 प्रतिशत लक्ष्य हासिल कयल गेल अछि। राज्यक साख-जमा अनुपात 60.17 प्रतिशत रहल। कुल जमा राशि 6,49,225 करोड़ टाका आ बकाया ऋण 3,90,655 करोड़ टाका धरि पहुंचि गेल अछि। 100 अंकक सूचकांक मे 50म बेसी अंक पाबयवला बैंक ग्रीन जोन, 40 सं 50 अंकवला येलो जोन आ 40 सं कम अंकवला बैंक रेड जोन मे राखल गेल अछि। [illegible] फर्स्ट बैंक 74 अंकक संग शीर्ष पर रहल। जम्मू एंड कश्मीर बैंक आ आरबीएल बैंक कें 68-68 अंक भेटल। ओतहि भारतीय स्टेट बैंक कें 32, केनरा बैंक कें 27 आ आईडीबीआई बैंक कें 26 अंक प्राप्त भेल। बैसार मे किसान क्रेडिट कार्ड, पीएम सूर्य घर, पीएम स्वनिधि आ पीएम विश्वकर्मा योजनाक अंतर्गत ऋण वितरण तेज करबाक निर्देश देल गेल। विकास आयुक्त कम प्रदर्शन करयवला बैंक सभ कें ऋण प्रक्रिया मे तेजी आनबाक आ लंबित आवेदनसभक शीघ्र निपटारा करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे बिहारक जनताक जमा पाइक निवेश राज्यक कृषि, एमएसएमई, स्टार्टअप आ आधारभूत संरचनाक विकास मे होयबाक चाही।

# 450 बोतल नेपाली देसी शराब बरामद, टैंपो चालक गिरफ्तार

**बेनीपट्टी, समदिया**

अरेर थाना पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ कर 450 बोतल नेपाली देसी शराब बरामद कयलक। एहि दौरान पुलिस एकटा टैंपो जब्त करैत चालक कें गिरफ्तार कय लेलक। गिरफ्तार चालकक पहचान हरलाखी थाना क्षेत्रक करुणा रघुनाथपुर निवासी राजू कुमारक रूप मे भेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, अरेर थानाध्यक्ष आनंद शंकर गौरव कें गुप्त सूचना भेटलनि जे एकटा टैंपो पर शराब लएद्ध कए कारोबारी नागदह सं अरेर दिस आबि रहल अछि। सूचनाक सत्यापन आ आवश्यक कारबाइ लेल थानाध्यक्ष दिवा गश्ती मे निकलल पीटीसी छोटे लाल प्रसाद कें निर्देश देलनि। निर्देश भेटिते पीटीसी छोटे लाल प्रसाद पुलिस बलक संग कारबाइ लेल निकललाह। हुसैन मंदिरक लग पहुंचला पर नागदह दिस सं एकटा टैंपो अबैत देखलनि। पुलिस वाहन चालक कें रुकबाक इशारा कयलक, मुदा चालक टैंपो रोकबाक बदला ओकर गति बढ़ा कए भागय लागल।

# निजी अस्पताल मे ऑपरेशनक दौरान प्रसूताक मृत्यु, परिजन कयलनि हंगामा

## चिकित्सकीय लापरवाहीक आरोप, समस्तीपुर लए जेबाक क्रम मे तोड़लनि दम

**रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया**

नगर परिषद क्षेत्रक एक निजी अस्पताल मे प्रसवक दौरान 27 वर्षीया प्रसूताक मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद मृतकाक परिजन चिकित्सक सभ पर लापरवाहीक आरोप लगबैत अस्पताल परिसर मे जमि कए हंगामा कयलनि। परिजनक आरोप अछि जे ऑपरेशनक दौरान महिलाक स्थिति बिगड़लापर अस्पताल प्रबंधन ओकरा समस्तीपुर रेफर कए देलक। मुदा, समस्तीपुर लए जेबाक क्रम मे बाटे मे ओकर मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद अस्पताल संचालक डॉक्टर, कंपाउंडर आ अन्य कर्मीसभक मौका पर सं फरार होयबाक बात सामने आयल अछि। मृतकाक पहचान रोसड़ा थाना क्षेत्रक हिरमिया गाम, वार्ड संख्या-4 निवासी रामबालक



महतोक 27 वर्षीया बेटी करुणा भारतीक रूप मे भेल अछि। मृतकाक पिता रामबालक महतो बतौलनि जे प्रसव पीड़ा होयलापर हुनकर बेटीक भर्ती रोसड़ा नगर परिषदक वार्ड संख्या-26 मे दरगाह लग स्थित आरएम मेमोरियल हॉस्पिटल मे कराओल गेल छल। परिजनक अनुसार, अस्पतालक चिकित्सक सामान्य प्रसवक बदला तत्काल सिजेरियन ऑपरेशन करबाक बात कहलनि। तकर बाद परिजन ऑपरेशन लेल तैयार भए गेलाह।

आरोप अछि जे ऑपरेशनक दौरान महिलाक स्थिति बिगड़य लागल। एकर बाद चिकित्सक आनन-फानन मे टांका लगा ओकरा समस्तीपुर रेफर कए देलनि। अस्पताल सं निकललाक बाद समस्तीपुर लए जेबाक क्रम मे बाटे मे करुणा भारती दम तोड़ि देलनि। प्रसूताक मृत्यु भेला सं परिवार मे कोहराम मचल अछि। मृतकाक पिता बतौलनि जे करुणा भारतीक तीन वर्षक बेटी पुष्पांजलि भारती अछि। माय कें अनचोके गमा देला सं मासूम बच्ची माथ सं मायक छांह उठि गेल। घटनाक बाद परिवारक सदस्यसभक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि। घटनाक जानकारी भेटलापर मृतकाक परिजन आ स्थानीय लोक अस्पताल पहुंच विरोध प्रदर्शन कयलनि। लोकसभक आक्रोश देखैत अस्पताल संचालक, चिकित्सक, कंपाउंडर आ अन्य कर्मी मौका पर सं फरार भए गेलाह, एहन बात कहल जा रहल अछि। एहि संबंध मे नगर इंस्पेक्टर सह रोसड़ा थानाध्यक्ष आशुतोष कुमार कहलनि जे अस्पताल प्रबंधन आ पीड़ित परिवार, दुनू मे सं कियो एखन धरि पुलिस कें सूचना वा शिकायत नहि देने अछि। शिकायत भेटलाक बाद मामिलाक जांच कए आवश्यक कारबाइ कयल जायत।

# महिलाक अपमान करयबला सामंती मानसिकता समाज लेल अभिशाप, साधु यादव माफी मांगथि : शरण

**पटना, समदिया**

हिंदुस्तानी अवाम मोर्चा (से.) केर राष्ट्रीय प्रवक्ता श्यामसुंदर शरण महिला सिपाही सभ पर साधु यादव द्वारा कयल गेल टिप्पणी कें कड़ा निंदा करैत कहलनि जे महिला कें कमजोर बुझबाक, हुनकर योग्यता पर सवाल उठेबाक आ पुरुष सं कमतर मानबाक मानसिकता सभ्य समाज लेल अभिशाप अछि। ओ कहलनि जे साधु यादवक राजनीतिक पहचान राष्ट्रीय जनता दल आ लालू प्रसाद यादवक परिवार सं हुनकर संबंध आ राजनीतिक संरक्षणक संदर्भ मे बनल अछि। एहन स्थिति मे हुनकर बयान पर राजद आ लालू परिवारक राजनीतिक जिम्मेदारी पर सवाल उठब स्वाभाविक अछि। श्री शरण कहलनि जे महिला कें अपन पयरक जूती बुझबाक सोच रखनिहार लोक कें ई बुझबाक चाही जे महिला केओक जागीर नहि छथि, बल्कि अपन सम्मान, अधिकार आ स्वतंत्र पहचानक संग जीवन जीबयवाली नागरिक छथि। महिला सिपाहीसभक वर्दी आ क्षमतापर टिप्पणी करब बिहारक लाखो बेटीक आत्मसम्मान पर चोट करबाक समान अछि। साधु यादवक सार्वजनिक बयान आ महिलाक प्रति हुनकर रवैया कें लए कए उठि रहल सवालक स्पष्ट जवाब हुनके देबाक चाही।

श्री शरण कहलनि जे बिहारक महिला आइ पुलिस, सेना, प्रशासन आ राजनीतिसहित प्रत्येक क्षेत्र मे अपन योग्यता साबित कए रहल छथि। महिला सिपाही कठिन प्रशिक्षण आ चयन प्रक्रिया सं गुजरलाक बाद वर्दी प्राप्त करैत छथि आ नागरिकक सुरक्षाक जिम्मेदारी निभबैत छथि। हुनकर क्षमतापर सवाल उठायब महिलासभक संघर्ष आ योगदानक अपमान अछि। ओ कहलनि जे लालू प्रसाद यादव, राबड़ी देवी आ राष्ट्रीय जनता दलक नेता सभ कें सेहो स्पष्ट करबाक चाही जे ओ महिला सम्मानक पक्ष मे ठाढ़ छथि अथवा एहन टिप्पणी पर मौन रहताह। महिलाक सम्मान कोनो राजनीतिक परिवारक कृपा नहि, बल्कि हुनकर मौलिक अधिकार अछि। साधु यादव कें अपन बयान वापस लैत सार्वजनिक रूप सं माफी मांगबाक चाही। महिलाक अपमान केहनो परिस्थिति मे स्वीकार नहि कयल जा सकैत अछि।

# सिलाइ मशीन आ वस्त्र वितरण सं महिला सशक्तीकरण कें भेटल बढ़ावा

**बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ अभियान अंतर्गत जिला स्तरीय जागरूकता कार्यक्रम आयोजित**

मधुबनी, समदिया

महिला सशक्तीकरण, बालिकाक अधिकारक संरक्षण, बाल विवाह उन्मूलन आ लैंगिक समानताक प्रति जन- जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सं शनिदिन डीआरडीए सभागार, मधुबनी मे 'बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ' योजनाक अंतर्गत जिला स्तरीय जागरूकता आ सशक्तीकरण कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। महिला आ बाल विकास निगमक अंतर्गत आयोजित एहि कार्यक्रमक संयोजन जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वुमेन, मधुबनी आ विभा शंकर फाउंडेशन संयुक्त रूप सं कयलक। कार्यक्रमक उद्घाटन अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए कयलनि। अतिथि सभ कें मिथिला पेंटिंग सं सजल पाग, दुपट्टा आ गमलासहित गाछ भेंट कए सम्मानित कयल गेलनि। एहि माध्यम सं मिथिलाक सांस्कृतिक परंपरा आ पर्यावरण संरक्षणक संदेश देल गेल।सिलाइ मशीन आ वस्त्रक वितरण कार्यक्रमक दौरान विभा शंकर फाउंडेशनक माध्यम सं चिह्नित जरूरतमंद महिला सभ कें सिलाइ मशीन देल गेलनि। एहि पहल सं महिला सभ कें स्वरोजगार शुरू करबाक, परिवारक आमदनी बढ़ेबाक आ आर्थिक रूप सं आत्मनिर्भर बनेबाक अवसर भेटत। एहि अतिरिक्त 21 बालिका कें नव वस्त्र आ 21 बालक कें टी-शर्ट देल गेलनि।साइबर सुरक्षा पर जागरूकता कार्यक्रम कें संबोधित करैत अपर पुलिस अधीक्षक रश्मि कुमारी महिला आ किशोरी सभ कें साइबर सुरक्षा, ऑनलाइन ठगी सं बचबाक उपाय, पुलिस हेल्पलाइन नंबर आ महिला सुरक्षा सं जुड़ल सुविधाक जानकारी देलनि। ओ डिजिटल माध्यमक सावधानीपूर्वक उपयोग करबाक आ संदिग्ध गतिविधि सभ सं सतर्क रहबाक सलाह देलनि। विभा शंकर फाउंडेशनक संस्थापक डॉ. ऋचा झा कहलनि जे संस्था शिक्षा, स्वास्थ्य, रोजगार आ गरीबी उन्मूलनक क्षेत्र मे काज कए रहल अछि। महिला सशक्तीकरण आ जरूरतमंद वर्गक उत्थान लेल जिलाप्रशासनक संग समन्वय कए काज करबाक प्रतिबद्धता सेहो व्यक्त कयलनि। कार्यक्रमक संचालन जिलामिशन समन्वयक अंजनी कुमार झा कयलनि। एहि अवसर पर बाल विवाह उन्मूलन, बालिका शिक्षा, सुरक्षा आ लैंगिक समानता लेल प्रशासन, सामाजिक संस्था आ समाजक संयुक्त प्रयास पर जोर देल गेल। कार्यक्रम मे सहायक निदेशक नितेश पाठक, सहायक आपदा प्रबंधन पदाधिकारी रजनीश कुमार, सूर्यकांतझा, जिला प्रबंधक मयंक अभिषेक, लैंगिक विशेषज्ञ शिवराम मेहरा सहित संबंधित विभाग आ संस्थाक कर्मी उपस्थित छलाह।



# ग्राम कचहरीक अभिलेख मे मधुबनी जिला अव्वल

मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिला मे कुल 21 प्रखंडक अंतर्गत 386 ग्राम कचहरी संचालित अछि। ग्रामीण स्तर पर छोट-छोट विवादक स्थायी समाधान करय मे ग्राम कचहरीक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। वर्तमान मे ई-ग्राम कचहरी पोर्टल पर सभ वाद ऑनलाइन दर्ज कयल जाइत अछि। दीवानी आ फौजदारी मामिलाक कुल 40 धाराकअंतर्गत सुनवाइक अधिकार ग्राम कचहरी कें प्राप्त अछि। ई-ग्राम कचहरी पोर्टलक प्रतिवेदनक अनुसार, मधुबनी जिला मे पांच हजार सं बेसी वाद दर्ज कयल गेल अछि, जाहि मे करीब 3100 वादक स्थायी समाधान आपसी सुलहक माध्यम सं भए' चुकल अछि। वाद दर्ज करबाक मामिला मे मधेपुर प्रखंड 533 वादक संग पहिल स्थान पर अछि। ओतहि घोघरडीहा प्रखंड मे 505, लौकहा मे 335 आ बिस्फी प्रखंड मे328 वाद दर्ज कयल गेल अछि। ग्राम कचहरी सचिव संघ, बिस्फीक प्रखंड अध्यक्ष त्रिलोकी नाथ कहलनि जे महात्मा गांधीजीक ग्राम स्वराज आ न्याय पंचायतक परिकल्पना कें ग्राम कचहरी साकार कए रहल अछि। पंच-परमेश्वर द्वारा देल गेल सामाजिक न्याय पर आइयो ग्रामीण सभक विश्वास कायम अछि। ग्राम कचहरीक माध्यम सं स्थानीय स्तर पर विवादक समाधान होयबाक कारण लोक सभ कें न्याय लेल दूर-दूर तक नहि जाय पड़ैत अछि। ई व्यवस्था ग्रामीण क्षेत्र मे आपसी सद्भाव बनौने रखबाक संग-संग सामाजिक न्याय कें सुदृढ़ करय मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि।

# अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालय सभ मे नामांकन शुरू, 3 नवंबर धरि आवेदन

मधुबनी, समदिया

बिहार सरकारक अल्पसंख्यक कल्याण विभाग राज्यक अल्पसंख्यक आवासीय विद्यालय सभ मे शैक्षणिकसत्र 2026-2027 लेल नवम आ एकादश वर्ग मे नामांकनक प्रक्रिया शुरू कए देने अछि। उक्त जानकारी मधुबनी जिला औकाफ कमिटीक सचिव सह जदयू अल्पसंख्यक प्रकोष्ठक प्रदेश उपाध्यक्ष मो. रजाअली देलनि। ओ कहलनि जे विभाग एहि संबंध मे आवश्यक सूचना जारी कए देने अछि। दरभंगा, किशनगंज, नालंदा, कैमूर, मुजफ्फरपुर, जमुई, कटिहार, सहरसा, सुपौल (सहरसा स्थित शिविर), पूर्णिया (कटिहार स्थित शिविर), पूर्वी चंपारण (मुजफ्फरपुर स्थित शिविर), रोहतास (कैमूर स्थित शिविर) आ मुंगेर (जमुई स्थित शिविर) मे स्थित आवासीय विद्यालय सभ मे मुस्लिम, सिख, ईसाई, बौद्ध, जैन आ पारसी समुदाय के छात्र-छात्राक नामांकन लेल आवेदन आमंत्रित कयल गेल अछि। आवेदन करबाक तिथि 15 अक्टूबर सं 3नवंबर 2026 धरि निर्धारित अछि। इच्छुक अभ्यर्थी विभागीय वेबसाइट पर ऑनलाइन आवेदन कए सकैतछथि। पात्रताक अनुसार, नवम वर्ग मे नामांकन लेल अधिकतम आयु 16 बरख आ एकादश वर्ग लेल 18बरख निर्धारित कयल गेल अछि। अभ्यर्थीक परिवारक वार्षिक आय 6 लाख टाका सं बेसी नहि हेबाक चाही। प्रवेश परीक्षा मे प्राप्त अंकक आधार पर मेधा सूची तैयार कयल जायत। प्रवेश पत्र 7 सं 10 नवंबर धरि डाउनलोड कयल जा सकत। प्रवेश परीक्षा 12 नवंबर, परिणाम 25 नवंबर,नामांकन 1 सं 7 दिसंबर आ नव सत्रक प्रारंभ 8 दिसंबर 2026 सं होयत। रजाअली कहलनि जे एहि विद्यालय सभ मे निःशुल्क शिक्षाक संग भोजन, वस्त्र, औषधि, पुस्तक आ आवासक आधुनिक सुविधा उपलब्ध कराओल जाइत अछि। इंटरमीडिएट स्तर पर पीसीएम, पीबीसी आ कला संकाय मे पढ़ाइकव्यवस्था अछि। संगहि प्रयोगशालाक सुविधा सेहो उपलब्ध अछि। विद्यालय सभ मे 50 प्रतिशत आसनछात्रा सभ लेल आरक्षित अछि, जखनकि 75 प्रतिशत आसन ग्रामीण क्षेत्रक विद्यार्थी सभ लेल आरक्षितराखल गेल अछि।



# लोक परंपरा सभ सं बच्चा सभ कें कराओल गेल अवगत

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक उच्च माध्यमिक विद्यालय परसौनी उत्तरी आ मध्य विद्यालय परसौनीक परिसर मे शनिदिन शिक्षक-अभिभावक संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। संगोष्ठीक अध्यक्षता विद्यालयकप्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा कयलनि। बच्चा सभक समुचित आ सर्वांगीण विकासक उद्देश्य सं एहिबैसारक आयोजन कयल गेल छल। एहि अवसर पर बिहारक गौरवशाली संस्कृति, परंपरा आ पर्व-त्योहारक महत्व पर विशेष चर्चा कयल गेल। संगोष्ठी मे बच्चा सभक शैक्षणिक प्रगति, नियमित उपस्थिति,अनुशासन, व्यवहार आ व्यक्तित्व विकास सं जुड़ल विभिन्न पहलू पर सेहो विचार-विमर्श कयल गेल। प्रधानाध्यापक राजेश कुमार झा बिहारक सांस्कृतिक विरासत आ गौरवशाली लोक परंपरा सभ सं बच्चा सभ कें अवगत करौलनि। ओ छठि पूजा, दीपावली, दुर्गा पूजा आ सामा-चकेवा सन प्रमुख पर्व-त्योहारक महत्व पर विस्तार सं प्रकाश देलनि। विद्यार्थि सभ कें एहि पर्व सभ सं जुड़ल आस्था, लोक संस्कृति,पारिवारिक एकता, सामाजिक सद्भाव, प्रेम आ भायचारा के संदेश सं परिचित कराओल गेल। विशेष रूप संसामा-चकेवा पर्वक चर्चा करैत मिथिलांचलक एहि विशिष्ट लोक परंपरा कें क्षेत्रीय संस्कृतिक पहचान आधरोहरक रूप मे प्रस्तुत कयल गेल। एहि अवसर पर विद्यानंद सिंह, प्रदीप रंजन झा, पंकज कुमार, अभिलाष श्रीवास्तव, सुशांत कुमार झा, शोभा कुमारी, रेणु देवी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।




# दुर्गा पूजाक बाद पोखरि सभक सफाइ, पूजन सामग्री आ मूर्तिक अवशेष निकालल गेल

**नमामि गंगे अभियान अंतर्गत जलस्रोतक संरक्षण लेल विशेष पहल**

मधुबनी, समदिया

स्वच्छता ही सेवा अभियान अंतर्गत नगर परिषद झंझारपुर द्वारा शहरक पोखर सभ मे विशेष सफाइ अभियान चलाओल गेल। दुर्गा पूजाक बाद मूर्ति विसर्जन सं पोखर सभ मे जमा पूजन सामग्री, मूर्तिकअवशेष आ आन कचरा निकालि सफाइ कयल गेल। एहि अभियान मे आम नागरिक आ नगर परिषदक स्वच्छताकर्मी सभ बढ़ि-चढ़ि कए हिस्सा लेलनि। एहि अवसर पर नगर प्रबंधक संजय कुमार कहलनि जे जलस्रोत सभ कें स्वच्छ आ प्रदूषणमुक्त राखब हम सभक सामूहिक जिम्मेदारी अछि। पर्व-त्योहारक बाद पोखर सभक सफाइ आवश्यक अछि, जाहि सं जलस्रोतक स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षण सुनिश्चित कयल जा सकय। ओ आम नागरिक सभ सं अपील कयलनि जे पोखर मे पूजन सामग्री आ आन कचरा नहि फेकथि तथा स्वच्छता बनौने रखबाक लेल सक्रिय सहयोग करथि। ओतहि नमामि गंगेक डीपीओ आनंद अंकित कहलनि जे नदी आ आन जलस्रोतक निर्मलता, अविरलता आ पवित्रता बनौने रखब जिला गंगा समिति नमामि गंगेक प्राथमिकता मे शामिल अछि। जलस्रोत सभक स्वच्छता लेल जनभागीदारी अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। पर्व-त्योहारक बाद पोखर सभक सफाइ लेल चलाओल गेल ई अभियान जलस्रोतक संरक्षण प्रति सामूहिक जिम्मेदारीक उदाहरण अछि। ओ नागरिक सभ सं धार्मिक आयोजनक दौरान पर्यावरण संरक्षण पर ध्यान देबाक आ पूजन सामग्री सहित आन अपशिष्टक उचित निस्तारण करबाक अपील कयलनि। जिला गंगा समिति नमामि गंगेक विशेष अभियानक माध्यम सं जलस्रोत सभक स्वच्छता, संरक्षण आ संवर्धनक संग आम नागरिकक सहभागिता कें प्रोत्साहित कयल जा रहल अछि। एहि पहल सं जलस्रोत सभ कें प्रदूषणमुक्त रखबाक आ पर्यावरण संरक्षण प्रति जन-जागरूकता बढ़ेबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

# प्रभात फेरी निकालि बच्चा सभ देलनि मद्य निषेध आ नशामुक्तिक संदेश

झंझारपुर/मधुबनी, समदिया

उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय अररिया संग्रामक छात्र-छात्रा सभ शनिदिन, 24 अक्टूबर 2026 कें मद्य निषेध आ नशामुक्तिक प्रति जन-जागरूकता बढ़ेबाक लेल प्रभात फेरी निकाललनि। एहि दौरान बच्चा सभ विद्यालयक पोषक क्षेत्रक विभिन्न भाग मे भ्रमण कए आम लोक कें शराबबंदी आ नशामुक्तिक महत्व सं अवगत करौलनि।प्रभात फेरी मे शामिल छात्र-छात्रा सभक हाथ मे मद्य निषेध सं संबंधित संदेश लिखल तख्ती छल। बच्चा सभ 'नशा हटाउ, जीवन बचाउ' आ 'स्वस्थ समाज अपनायब, शराब कें दूर भगायब' सन नारा सं वातावरण गुंजायमान कए देलनि। ओ स्थानीय लोक सभ सं शराब आ अन्य मादक पदार्थक सेवन नहि करबाक अपील कयलनि। एहि अवसर पर विद्यालयक प्रधानाध्यापक डॉ. अमित कुमार पांडेय आ सभ शिक्षक-शिक्षिका सक्रिय रूप सं उपस्थित रहलाह। लोक सभ कें संबोधित करैत प्रधानाध्यापक कहलनि जे नशा ने मात्र स्वास्थ्य कें नोकसान पहुंचबैत अछि, बल्कि पूरा परिवार आ समाज कें सेहो संकट मे धकेलि दैत अछि। स्वस्थ आ शिक्षित समाजक निर्माण लेल मद्य निषेध अत्यंत आवश्यक अछि।ओ कहलनि जे नशामुक्त समाजक निर्माण मे जन-जागरूकताक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। एहि लेलबच्चा, अभिभावक आ समाजक सभ वर्ग कें आगू आबि अपन जिम्मेदारी निभेबाक चाही। विद्यालय परिवार द्वारा चलाओल गेल एहि जन-जागरूकता अभियान आ बच्चा सभक प्रयासक स्थानीयग्रामीण आ प्रबुद्ध नागरिक सभ प्रशंसा कयलनि। प्रभात फेरी मे विद्यालयक सभ शिक्षक-शिक्षिका आ सैकड़ो छात्र-छात्रा भाग लेलनि।




**पुलिस बलक सुविधा नीक बनेबा पर देलनि निर्देश**

# डीआईजी केलनि झंझारपुर थानाक निरीक्षण जर्जर भवन आ व्यवस्थाक लेलनि खबरि

झंझारपुर, समदिया

दरभंगा प्रमंडल के डीआईजी मनोज कुमार तिवारी शनिदिन झंझारपुर थाना निरीक्षण करबाक लेल पहुंचलाह। थाना परिसर मे पहुंचिते हुनका गार्ड ऑफ ऑनर देल गेलनि। तकरबाद ओ मधुबनी एसएसपी, ग्रामीण एसपी आ झंझारपुर थानाक पुलिस पदाधिकारी सभक संग थाना परिसरक विभिन्न जर्जर भवन सभक निरीक्षण कयलनि। ओ नवनिर्मित महिला बैरक सेहो निरीक्षण कयलनि। डीआईजी करीब ढाई घंटाधरि झंझारपुर थाना मे रहलाह। ओ थानाध्यक्षक कक्ष मे बैसि थानाक विभिन्न संचिका, लंबित कांड आवारंट सभक समीक्षा कयलनि। निरीक्षणक दौरान मीडियाकर्मी सभ सं बातचीत करैत डीआईजी मनोजकुमार तिवारी कहलनि जे झंझारपुर थाना कें सुरक्षित करबाक लेल थाना परिसर मे बाउंड्री वॉल बनबैत बहुत आवश्यक अछि। एहि लेल प्रयास कयल जा रहल अछि आ जल्दे बाउंड्री वॉलक निर्माण कराओल जायत। ओ कहलनि जे पुलिस बलक रहबाक लेल नीक व्यवस्था, पेयजल आ शौचालयक सुविधा मे सुधारकरबाक लेल काज कयल जा रहल अछि। महिला पुलिस बल लेल 30 बेड बला महिला बैरक तैयार अछि, जतय शौचालय आ पानिक व्यवस्था अछि। एहि व्यवस्था सभ कें आओर नीक बनयबाक तैयारी चलि रहल अछि। डीआईजी कहलनि जे झंझारपुर थानाक आसपास कईटा व्यावसायिक प्रतिष्ठान अछि। दोसर दिस नगर परिषद आ बैंक सेहो अछि। इलाकाक समस्या सं अवगत होइत ओ कहलनि जे यातायात व्यवस्था आ अपराध नियंत्रणक दृष्टिकोण सं लगातार काज कयल जा रहल अछि, जाहि सं पूरा इलाका सुरक्षित रहय।ओ क्षेत्र मे अपराधक स्थिति, कोन इलाका अत्यंत संवेदनशील अछि, कतेक प्रकारक अपराध भए' रहलअछि आ लंबित मामिला सभक सेहो जांच-पड़ताल कयलनि। डीआईजी कहलनि जे अपराध नियंत्रण लेल थाना कें जे सुविधा आवश्यक होयत, से उपलब्ध कराओल जायत। पुलिस नीक प्रदर्शन कयने अछि आ अपराध पर नियंत्रण सेहो कयल गेल अछि। ओ अपराधी सभक गिरफ्तारी, वारंटी सभक धर-पकड़ आ कुर्की-जब्तीक कारबाइ बेसी सं बेसी करबाक संग लंबित मामिला सभक शीघ्र निष्पादन करबाक निर्देश देलनि। डीआईजी बतौलनि जे सक्रिय अपराधी सभक सूची तैयार कयल गेल अछि। एहि दिशा मे एसपी आ ग्रामीण एसपी लगातार मेहनत कए रहल छथि। पहिने सं नीक काज भेल अछि आ आगू देल गेल निर्देश सभक पालन आओर प्रभावकारी ढंग सं करयबाक लेल सभ प्रयासरत छथि।निरीक्षणक दौरान मधुबनी एसएसपी योगेंद्र कुमार, ग्रामीण एसपी शिवम् धाकड़, झंझारपुर एसडीपीओसुबोध कुमार सिन्हा, इंस्पेक्टर राज कपूर कुशवाहा, झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह, अपरथानाध्यक्ष बिहारी आलम, एसआई रीचा कुमारी, अंजनी कुमारी सहित थानाक सभ पुलिस पदाधिकारी आजवान उपस्थित छलाह।



# ईंट-भट्ठा संचालक सभक सुविधाक लेल ब्रिक्स क्लस्टरक भौगोलिक विस्तार होयत : सांसद

**डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे ईंट-भट्ठा उद्योग कें स्थानीय रोजगार सृजन सं जोड़बाक होयत पहल**

दरभंगा, समदिया

मिथिला क्षेत्र मे ईंट-भट्ठा उद्योग ग्रामीण अर्थव्यवस्था, स्थानीय रोजगार, आवास एवं निर्माण कार्य आसरकारी राजस्वक महत्वपूर्ण आधार अछि। दरभंगा आ आसपासक जिला मे बाढ़ि, जलजमाव, मौसमीबेरोजगारी, उत्पादन लागत मे वृद्धि, वित्तीय कठिनाइ आ विभिन्न सरकारी प्रक्रियाक कारण एहि उद्योगक सोझां उत्पन्न चुनौतीसभक समाधान लेल भारत सरकार आ बिहार सरकारक स्तर पर पहल शुरू कयल गेल अछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर शनिदिन लहेरियासराय स्थित अपन संसदीय कार्यालय मे दरभंगा जिलाक ईंट-भट्ठा संचालकसभक संग आयोजित बैसार मे ई जानकारी देलनि।बैसार मे सांसद डॉ. ठाकुर ईंट-भट्ठा संचालक संघ द्वारा पूर्व मे देल गेल मांगपत्र सभ पर कयल गेलपहलसभक चर्चा करैत कहलनि जे ब्रिक्स क्लस्टरक भौगोलिक क्षेत्रक विस्तार लेल भारत सरकारक ऊर्जा मंत्रालय कें पत्र लिखल जा चुकल अछि।ओ कहलनि जे दरभंगा जिला मे ईंट उद्योग लेल सरकारी सहायता सं कॉमन फैसिलिटी सेंटर स्थापितकरबाक लेल केंद्रीय सूक्ष्म, लघु एवं मध्यम उद्यम मंत्रालयकें, जीएसटी मे विशेष राहति आ सुलभ दर पर ऋण उपलब्ध करयबाक लेल वित्त मंत्रालयकें, पर्यावरणीय स्वीकृतिक प्रक्रिया सं ईंट-भट्ठा उद्योग कें मुक्तकरबाक लेल पर्यावरण, वन एवं जलवायु परिवर्तन मंत्रालय कें तथा माटि खनन आ नियामकीय प्रक्रिया मेव्यावहारिक राहति देबाक लेल भूतत्व एवं खान मंत्रालय कें पत्र पठा शीघ्र पहल करबाक आग्रह कयल गेलअछि। सांसद कहलनि जे ईंट-भट्ठा उद्योग स्थानीय स्तर पर रोजगार आ निर्माण कार्य सं जुड़ल महत्वपूर्ण क्षेत्र अछि। एहि उद्योग कें बेसी प्रभावी बनाकऽ रोजगारक अवसर बढ़ाओल जा सकैत अछि। संचालकसभक समस्याक शीघ्र समाधान लेल संबंधित विषय सभ पर पहल कयल जा रहल अछि।बैसार मे दरभंगा जिला ईंट-भट्ठा संचालक संघक अध्यक्ष जयराम दास, उपाध्यक्ष रजनीश रंजन, सचिवप्रो. एम.ए. निशांत, एजाज हसन, संजय यादव, अशोक ठाकुर सहित दू दर्जन सं बेसी ईंट-भट्ठा संचालकउपस्थित छलाह।



# एक हजार टाकाक विवाद मे दिव्यांगक पीटि-पीटि कए हत्या करबाक आरोप

## आक्रोशित ग्रामीण लहास राखि सड़क जाम कयलनि, एफएसएल टीम जुटेलक साक्ष्य

सीतामढ़ी, समदिया



सोनबरसा प्रखंडक भुतही थाना क्षेत्रक मढ़िया पंचायतक तिलंगही गाम मे शनिदिन भोरे एक हजार टाकाक बकायाक विवाद मे 61 वर्षीय दिव्यांग रहमान शाहके लाठी-डंडा सं पीटि-पीटि हत्या कयलाक आरोप लगाओल गेल अछि। घटनाक बाद आक्रोशित परिजन आ ग्रामीण आरोपीक घरक सोझां लहास राखि सड़क जाम कए देलनि। सूचना पाबि पहुंचल भुतही पुलिस लोकनि कें बुझा-बुझाकऽ शांत करेलक आ लहास कें पोस्टमार्टम लेल सीतामढ़ी सदर अस्पताल पठा देलक। एफएसएल टीम सेहो घटनास्थल पर जांच कए साक्ष्य जुटेलक। मृतकक पहचान तिलंगही गामक वार्ड संख्या तीन निवासी सकुर साहक पुत्र रहमान शाहक रूप मे भेल अछि। मृतकक पत्नी हकीदा खातून आरोप लगौलनि जे एक हजार टाकाक लेन-देन कें लए कए गामक रामनारायण महतो शनिदिन भोरे हुनका पतिक गरदनि मे गमछा लगा घसीटैत लए गेल आ लाठी-डंडा सं पिटाइ कए देलक। एहि कारण घटनास्थले पर हुनकर मृत्यु भए गेल। परिजनक कहब छनि जे टाकाक भुगतान शनिदिन सांझ मे होबाक छल। आरोप अछि जे तीन दिन पहिने सेहो धमकी देल गेल छल। दुनू पति-पत्नी दिव्यांग, परिवार पर टूटल दुखक पहाड़ रहमान शाह आ हुनकर पत्नी दुनू दिव्यांग छलाह। दुनू कियायाक मकान मे रहि जीवनयापन करैत छलाह। मृतकक दू टा बेटा अछि। पैघ बेटा मोकील साह 18 वर्षक आ छोट बेटा वकील साह 14 वर्षक अछि। दुनू बाहर रहि मजदूरी करैत अछि। रहमान शाहक मृत्यु बाद हुनकर पत्नीक सोझां जीवनयापनक संकट उत्पन्न भए गेल अछि। घटना सं परिवार सदमा मे अछि।पुलिस कए रहल अछि मामिलाक जांचभुतही थानाध्यक्ष चंद्रगुप्त कुमार कहलनि जे ग्रामीणक अनुसार, टाकाक लेन-देन कें लए कए मारपीटक घटना भेल अछि। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि। गाम मे विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पुलिस बल तैनात कयल गेल अछि। घटनाक सिलसिला मे आरोपीक घर सं एक महिला कें हिरासत मे लेल गेलाक जानकारी सेहो भेटल अछि।

# एक सप्ताह मे 538 लीटर शराब आ 348 किलो गांजा बरामद : डीआईजी

## नशामुक्त कोशी अभियान अंतर्गत 98 लोक गिरफ्तार

सहरसा, समदिया




कोशी क्षेत्रक सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिला मे चलाओल जा रहल नशामुक्त कोशी अभियान कें लगातार सफलता भेटि रहल अछि। पुलिस उपमहानिरीक्षक डॉ. कुमार आशीषक नेतृत्व मे संचालित एहि अभियान मे आम लोकक सहयोग सेहो सराहनीय रहल अछि। हेल्पलाइन पर भेटल सूचनाक आधार पर पुलिस लगातार कारबाइ कए रहल अछि। डीआईजी कार्यालय सं जारी आंकड़ाक अनुसार, 17 सं 23 अक्टूबर धरि अभियानक अंतर्गत 538.386 लीटर अवैध शराब, 348.75 किलोग्राम गांजा, 622.80 ग्राम स्मैक आ 180 एमएल मादक इंजेक्शन बरामद कयल गेल। एहि दौरान 11 मोटरसाइकिल, तीनटा तीनपहिया आ एकटा चारपहिया वाहन सहित अन्य सामान सेहो जब्त कयल गेल। अवैध शराबक मामिला मे 84 आ सूखा नशाक मामिला मे 14 लोक कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल। फरवरी 2026 मे अभियान शुरू भेलाक बाद सं एखन धरि कुल 79,482.968 लीटर अवैध शराब, 4,419.591 लीटर अवैध कफ सिरप, 8,192.776 किलोग्राम गांजा आ 8,826.142 ग्राम स्मैक बरामद कयल गेल अछि। एहि अवधि मे कुल2,532 तस्कर कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल अछि। पुलिस अवैध कारोबार मे संलग्न लोकसभक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ जारी रखबाक बात कहने अछि। डीआईजी आम लोक सं अपील कयलनि जे नशा सं जुड़ल कोनो जानकारी हेल्पलाइन नंबर 9060384865 पर फोन, संदेश अथवा व्हाट्सएपक माध्यम सं देथि। सूचना देनिहारक पहचान गोपनीय राखल जायत। महत्वपूर्ण सूचना देनिहार लोक कें उचित पुरस्कार सेहो देल जायत।

» हेल्पलाइन पर सूचना देबाक लेल आम लोक सं अपील

# भाजपा जिलास्तरीय बैसार मे लोकतंत्र बचाउ, भीड़तंत्र हटाउ अभियान पर चर्चा




सहरसा, समदिया

भारतीय जनता पार्टीक जिलाध्यक्ष साजन शर्माक अध्यक्षता आ जिला महामंत्री भैरवानंद झाक संचालन मे शनिदिन भाजपा जिला कार्यालय, पटुआहा मे जिलास्तरीय बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे आगामी कार्यक्रम लोकतंत्र बचाउ, भीड़तंत्र हटाउ केर रूपरेखा पर चर्चा भेल। मुख्य अतिथि पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन आ जिला महामंत्री शिव भूषण सिंह कार्यकर्ता सभ कें संबोधित कयलनि। जिलाध्यक्ष साजन शर्मा जानकारी देलनि जे जिलाक चारू विधानसभा क्षेत्रक महाविद्यालय सभ मे सेमिनार आ भाषण प्रतियोगिता आयोजित कयल जायत। एहि क्रम मे 28 अक्टूबर कें रमेश झा महिला महाविद्यालय, सहरसा; 29 अक्टूबर कें डीसी इंटर कॉलेज, सिमरी बख्तियारपुर; 30 अक्टूबर कें एमएचएम महाविद्यालय, सोनवर्षा राज आ 31 अक्टूबर कें डिग्री कॉलेज, नवहट्टा मे कार्यक्रम होयत। प्रतियोगिता मे प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त करयवला प्रतिभागी कें क्रमशः 11 हजार, 5,100 आ 3,100 टाका पुरस्कार देल जायत। ओतहि 4 नवंबर कें जिला परिषद मैदान मे लोकतंत्र बचाउ, भीड़तंत्र हटाउ पदयात्रा आ आमसभाक आयोजन होयत। पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजन कहलनि जे लोकतंत्र मे विचारक मोकाबला हिंसा सं नहि, बल्कि तर्क संहोयबाक चाही। युवासभक जागरूकता लोकतंत्र कें मजबूत बनाओत। बैसार मे जिला उपाध्यक्ष राजीव रंजन साह, मनोज यादव, रिंकी देवी सहित विभिन्न पदाधिकारी, महिला मोर्चा आ युवा मोर्चाक सदस्य तथा सभ मंडल अध्यक्ष उपस्थित छलाह। धन्यवाद ज्ञापन जिला महामंत्री अनमोल भगत कयलनि।

# लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ अभियान कें गाम-गाम धरि पहुंचेबाक लेल संकल्प

बेनीपुर, समदिया



दरभंगा पूर्वी भाजपा जिला कार्यालय परिसर मे शनिदिन लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ अभियानक तैयारी कें लए कए महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कयल गेल। जिलाध्यक्ष विनय पासवानक अध्यक्षता आजिला महामंत्री संजय कुमार सिंह उर्फ पप्पू सिंहक संचालन मे भेल एहि बैसार मे अभियानक प्रभावी क्रियान्वयन आ संगठनात्मक समन्वय पर विस्तार सं चर्चा कयल गेल। बैसार मे अभियान प्रभारी सहभाजपा प्रदेश उपाध्यक्ष मुकेश कुमार शर्मा विशेष रूप सं उपस्थित छलाह। बैसार कें संबोधित करैत प्रदेश उपाध्यक्ष मुकेश कुमार शर्मा कहलनि जे एहि अभियानक उद्देश्य लोकतांत्रिक मूल्यक रक्षा, मतदाता सूची कें शुद्ध राखब आ एसआईआर प्रक्रियाक प्रति आम लोक मे जागरूकता बढ़ायब अछि। ओ कार्यकर्ता सभसं अभियानक उद्देश्य आ संदेश कें जन-जन धरि पहुंचाबयक आह्वान कयलनि। जिलाध्यक्ष विनयपासवान संगठन कें मजबूत बनेबाक आवश्यकता पर जोर दैत कहलनि जे सभ कार्यकर्ता आपसी समन्वय आ एकजुटताक संग अभियान कें सफल बनाबय मे सक्रिय भूमिका निभाबथि। ओतहि, जिला महामंत्रीसंजय कुमार सिंह उर्फ पप्पू सिंह अभियानक अंतर्गत निर्धारित सात प्रकारक कार्यक्रमक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे दरभंगा पूर्वी जिलाक प्रत्येक मंडल मे एहि कार्यक्रमसभक आयोजन योजनाबद्ध तरीका सं कयल जायत, जाहि सं अभियानक संदेश गाम-गाम धरि पहुंचय। ओ मंडल अध्यक्ष आ कार्यकर्ता सभ सं पूरा निष्ठा आ समर्पणक संग कार्यक्रम सभ कें सफल बनेबाक अपील कयलनि। बैसार मे अभियानकरूपरेखा तैयार करबाक, संगठनात्मक समन्वय स्थापित करबाक आ आगामी कार्यक्रमसभक प्रभावीसंचालन लेल विचार-विमर्श कयल गेल। एहि अवसर पर राधेश्याम झा, राहुल कर्ण, संतोष झा, मणिकांत झा,मंडल अध्यक्ष लाल मुखिया, चंदन ठाकुर, रजनीश सुंदरम, तृप्ति यादव, सोनू ठाकुर, नीरज चौधरी, रामू राम, इंद्रेश झा, प्रदीप प्रधान, सरिता देवी, निखत प्रवीण सहित सैकड़ो कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

# अतिक्रमण मुक्त भेलाक बाद फेर मंडीक सड़क पर कब्जा, जाम सं लोक परेशान

## एसडीओक कारबाइक बादो अतिक्रमणकारीक हौसला बुलंद

सहरसा, समदिया

शहरक सब्जी मंडी कें अतिक्रमण मुक्त करय लेल सदर एसडीओ श्रीयांश तिवारी द्वारा कयल गेल कारबाइक बावजूद स्थिति एक बेर फेर पहिनेसन भए गेल अछि। अतिक्रमण हटबाक किछुए समय बादसब्जी मंडीक कारोबारी सभ फेर सड़क पर कब्जा जमा लेने छथि। एहि कारण आम लोक कें आवागमन मे भारी परेशानीक सामना करय पड़ि रहल अछि। उल्लेखनीय अछि जे हालहि मे सदर एसडीओक निर्देश पर सब्जी मंडी मे अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ कयल गेल छल। एकर उद्देश्य सड़क खाली करा कए लोक कें जामक समस्या सं राहति देब छल। मुदा कारबाइक बादो अतिक्रमणकारीक मनमानी पर रोक नहिलागि सकल। सड़कक कात आ सड़कक विभिन्न हिस्सा मे फेर सं दोकान सजा लेल गेल अछि, जाहि सं आवागमन बाधित भए रहल अछि। शहर मे रेल ओवरब्रिज निर्माणक कारण शंकर चौक लग सड़ककस्थिति ठीक नहि रहबाक चलते लोक कें सब्जी मंडी भए कए गुजरय पड़ैत अछि। एहन स्थिति मे मंडीक सड़क पर अतिक्रमण भेला सं जामक समस्या आओर गंभीर भए गेल अछि। स्थिति एहन अछि जे मात्र 300 सं 500 मीटरक दूरी तय करबा मे कहियो-कहियो आधा घंटा तक लागि जाइत अछि। एहि कारणपैदल चलनिहार, वाहन चालक आ खरीदारी करय लेल मंडी आबयवला लोक कें भारी कठिनाइक सामनाकरय पड़ैत अछि। स्थानीय लोकक मानब अछि जे मात्र अतिक्रमण हटेबाक कारबाइ सं एहि समस्याक स्थायी समाधान संभव नहि अछि। एकरा लेल जिला प्रशासन कें नियमित निगरानी करबाक संग अतिक्रमणकारीक विरुद्ध ठोस कारबाइ करय पड़त, जाहि सं सड़क पर फेर सं कब्जा नहि हो आ शहरवासीक जाम सं मुक्ति भेटि सकय।

» 300 सं 500 मीटरक दूरी तय करबा मे लागि जाइत अछि आधा घंटा

# बेनीपुर-मनीगाछी सड़कक 12म बेर गुणवत्ताक जांच

## 23.92 करोड़क सड़कक नमूना दिल्ली पठाओल जायत

मनीगाछी, समदिया



बेनीपुर सं मनीगाछी प्रखंड मुख्यालय कें जोड़यवला करीब 18.64 किलोमीटर लंबा सड़कक गुणवत्ता जांच शनिदिन केंद्रीय गुणवत्ता एजेंसीक अधिकारी जगदीश गर्ग कयलनि। जांच दल सड़कक खुदाई कए मोटाइ जांचलक आ निर्माण सामग्रीक नमूना एकत्र कयलक। एहि नमूनासभक जांच दिल्ली स्थित प्रयोगशाला मे कयल जायत। 23.92 करोड़ टाकाक लागत सं बनि रहल एहि सड़कक निर्माण जुलाई 2024 मे शुरू भेलछल आ एकरा जनवरी 2026 धरि पूरा करबाक लक्ष्य छल। मुदा, सझुआर मे 760 मीटर, बाजितपुर मे 540 मीटर आ भंडारिसम मे 2200 मीटर सड़कक निर्माण अधूरा रहल बताओल गेल अछि। सड़क पर गिट्टी उखड़बाक आ ढलाईवला हिस्सा खुरदुरा भए जेबाक शिकायत सेहो सामने आयल अछि। सड़कक गुणवत्ता जांच करय लेल मिथिला संघर्ष मोर्चाक अध्यक्ष डॉ. राम मोहन झा राज्य आ केंद्रीय एजेंसी सभसं अनुरोध केने छलाह। जांच अधिकारी जगदीश गर्ग कहलनि जे प्रयोगशालाक रिपोर्ट अयलाक बादे सड़कक वास्तविक गुणवत्ता स्पष्ट भए सकत। ओम्हर, ग्रामीण कार्य विभाग (आरडब्ल्यूडी) के सहायक अभियंता सुनील कुमार प्रसाद पहिल नजरि मे काज कें संतोषजनक बतौलनि। निर्माण एजेंसीक प्रोपराइटर सुमन कुमार झा कहलनि जे सड़कक ई 12म बेर जांच अछि। हुनकर कहब छलनि जे एहि सं पहिने भेल 11 टा जांच मे काज संतोषजनक पाओल गेल छल। ओ दावा कयलनि जे तीनू ठाम अधूरा बताओल जा रहल सड़कक हिस्साक निर्माण पहिनहि आरईओ बेनीपुर द्वारा करा लेल गेल छल। हुनकर एजेंसी शेष 15.64 किलोमीटर सड़कक निर्माण पूरा कए देने अछि। बेर-बेर जांच सं नाराज प्रोपराइटर कहलनि जे भविष्य मे एहि तरहक कारबाइ भेल तं विभागक विरुद्ध मानसिक प्रताड़नाक मुकदमा कयल जायत।

# बालिका सभक प्रतिभा कें भेटल सम्मान, डीएम कयलनि प्रोत्साहित

## बाल विवाहक विरुद्ध बालिका सभ लेलनि शपथ, शिक्षा आ सशक्तीकरण पर देल गेल जोर

सहरसा, समदिया




बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ योजनाक अंतर्गत अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर शनिदिन जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे बालिका सभक सम्मान आ प्रोत्साहन लेल विशेष कार्यक्रम आयोजित कयलगेल। कार्यक्रमक उद्देश्य बालिकासभक प्रतिभा कें प्रोत्साहित करब, हुनका मे आत्मविश्वास आरचनात्मकताक विकास करब तथा बालिका शिक्षा, सुरक्षा आ सशक्तीकरणक प्रति जागरूकता बढ़ेनाइ छल। कार्यक्रमक शुभारंभ जिलाधिकारी पौधरोपण कए कयलनि। एकर बाद जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, आईसीडीएस राजू कुमार गाछ भेंट कए हुनकर स्वागत कयलनि। तत्पश्चात दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक औपचारिक शुरुआत भेल। राजू कुमार कार्यक्रमक उद्देश्य आ बालिकासभक सर्वांगीण विकास लेलचलाओल जा रहल गतिविधिसभक जानकारी देलनि। अंतरराष्ट्रीय बालिका दिवसक अवसर पर 6 सं 11अक्टूबर धरि विभिन्न विद्यालय मे चित्रकला, विज्ञान प्रदर्शनी, प्रश्नोत्तरी, भाषण सहित अन्य प्रतियोगिता सभ आयोजित कयल गेल छल। एहि प्रतियोगिता सभ मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करयवाली बालिका सभ केंकार्यक्रम मे सम्मानित कयल गेल। हुनका सभ कें बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउक लोगोयुक्त प्रशस्ति-पत्र, स्मृति चिह्न, कॉफी मग, टी-शर्ट, टोपी आ प्रेरणादायी पुस्तक आगि की उड़ान देल गेल। ओतहि बाल विवाह मुक्त भारत अभियानक अंतर्गत जिलाधिकारी उपस्थित बालिका सभ कें बाल विवाहक विरुद्ध शपथ देलनि। ओ बाल विवाहक दुष्परिणामक प्रति जागरूकता फैलेबाक, बालिका शिक्षा कें बढ़ावा देबाक आ बाल विवाहमुक्त समाजक निर्माण मे सक्रिय भूमिका निभेबाक संदेश देलनि। जिलाधिकारी बालिकासभक उपलब्धिक प्रशंसा करैत हुनका शिक्षाक क्षेत्र मे निरंतर आगू बढ़बाक, अपन प्रतिभा केंनिखारबाक आ आत्मविश्वासक संग लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल प्रेरित कयलनि। कार्यक्रम मे जिला सूचना एवं जनसंपर्क पदाधिकारी, जिला शिक्षा पदाधिकारी, जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेन, वन स्टॉप सेंटर आ पालनाघरक कर्मी उपस्थित छलाह।

# नगर निगमक चारि सड़क निर्माण योजना मे गड़बड़ी, जांच मे गुणवत्ता पर उठल सवाल

## तीन सड़कक मोटाइ प्राक्कलन सं कम, कतेको जगह नव पीसीसी सड़क टूटल भेटल

सहरसा, समदिया




नगर निगम क्षेत्र मे सड़क निर्माण योजना मे अनियमितताक मामिला सोझां आयल अछि। योजना अभिलेख आ स्थल निरीक्षणक दौरान चारिटा सड़क निर्माण कार्य मे पीसीसीक गुणवत्ता निर्धारित मानकक अनुरूप नहि पाओल गेल। कतहु सड़कक मोटाइ प्राक्कलन सं कम भेटल, तं कतहु नवनिर्मित पीसीसी सड़क कतेको स्थान पर टूटल पाओल गेल। जांच प्रतिवेदन मे नाला निर्माणक गुणवत्तापर सेहो सवालउठाओल गेल अछि। हालांकि, एहि मामिला मे संबंधित अधिकारी सभक आधिकारिक पुष्टि आ आगूक कारबाइक प्रतीक्षा अछि। प्राप्त जांच विवरणक अनुसार, वार्ड संख्या 11 मे डॉ. शियाशरण सिंहक घर सं दिन बाबा दिस जायवलासड़क निर्माण लेल 14,95,232 टाकाक प्राक्कलित राशि निर्धारित छल। जांचक दौरान तीन स्थान पर खुदाइ कयलापर पीसीसी सड़कक औसत मोटाइ मात्र चारि इंच भेटल, जखनकि प्राक्कलन मे छह इंच निर्धारित छल। एहि तरहें, वार्ड संख्या 33 मे बहेलवा पोखर ट्रांसफॉर्मर सं दक्षिण गुप्ता पथ मे मास्टर साहेबक घर धरि 14,95,594 टाकाक लागत सं बनल सड़क कतेको स्थान पर टूटल भेटल। वार्ड संख्या08 मे अवधेश साहक घर सं कौड़ी मोड़ पिचिंग धरि 14,68,200 टाकाक लागत सं बनल सड़ककगुणवत्ता सेहो खराब पाओल गेल। नाला आ सड़क निर्माणक गुणवत्तापर सवालवार्ड संख्या 33 मे एनएच-107 सं मंगलम विवाह भवन धरि नाला आ पीसीसी सड़क निर्माण लेल14,95,650 टाकाक प्राक्कलित राशि निर्धारित छल। जांच मे सड़क आ नाला दुनूक गुणवत्ता खराब भेटबाक संग कतेको स्थान पर पीसीसी सड़क टूटल पाओल गेल। एहि चारू योजनाक कुल प्राक्कलित राशि करीब 59.54 लाख टाका अछि। नगर निगम मे विभागीय जांचक ई मामिला एहन समय सोझां आयल अछि, जखन पूर्व मे सेहो विभिन्नगर आयुक्त—अनुभूति श्रीवास्तव, सुशील मिश्रा आ मुमुक्षु चौधरीक कार्यकाल सं संबंधित विभागीय जांचक चर्चा होइत रहल अछि। वर्तमान मे नगर आयुक्त प्रभात झा छथि। मुदा एहि योजना सभ मेअनियमितताक जिम्मेदारी तय करबाक आ दोषी सभक विरुद्ध कारबाइ करबाक संबंध मे स्थिति स्पष्ट नहि अछि। आब देखबाक अछि जे संबंधित अधिकारी जांच निष्कर्षक समीक्षा क आगू कोन कदम उठबैतछथि।

» करीब 59.54 लाख टाकाक योजना मे अनियमितताक संकेत, कारबाइ पर टिकल नजरि

# स्कूटी सं 23 लीटर शराबक संग तस्कर गिरफ्तार

## पोखरिक कात सं 925 लीटर शराब बरामद

दरभंगा, समदिया



आगामी पर्व-त्योहारक मद्देनजर अवैध शराबक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत मद्यनिषेध विभागक टीम सदर थाना क्षेत्र मे पैघ कारबाइ कयलक। टीम स्कूटी सं 23.400 लीटर नेपाली देशी शराब लए जा रहल एक व्यक्ति कें गिरफ्तार कयलक। हुनकर निशानदेही पर लगक पोखरिक कात झाड़-झंखाड़ मे नुकाकऽ राखल 925.500 लीटर शराब सेहो बरामद कयल गेल। एहि कारबाइ मे कुल 948.900 लीटर नेपाली देशी शराब जब्त कयल गेल अछि। सहायक आयुक्त, मद्यनिषेधक अनुसार, सदर थाना क्षेत्रक पुरा लग वाहन जांचक दौरान सदर प्रखंडक काकरघाटी निवासी शंभू कुमार यादव कें स्कूटी सं शराब लए जाइत पकड़ल गेल। मौका पर स्कूटी सेहो जब्त कए लेल गेल। गिरफ्तार अभियुक्त सं पूछताछ मे भेटल जानकारीक आधार पर टीम घटनास्थल सं करीब 200 मीटर आगू स्थित पोखरिक आसपास तलाशी लेलक। एहि दौरान झाड़-झंखाड़ मे नुकाकऽ राखल 925.500 लीटर नेपाली देशी शराब बरामद भेल। जिलाधिकारी कौशल कुमारक निर्देश पर जिला मे अवैध शराबक निर्माण, भंडारण, परिवहन आ बिक्रीक विरुद्ध लगातार छापेमारी, वाहन जांच आ गश्ती अभियान चलाओल जा रहल अछि। मद्यनिषेधविभाग शराब कारोबार सं जुड़ल संभावित नेटवर्क आ अन्य संलिप्त व्यक्तिसभक जानकारी जुटेबा मे लागल अछि। मामिला मे नियमानुसार आगूक कारबाइ कयल जा रहल अछि। विभाग स्पष्ट कयने अछि जे पर्व-त्योहारक दौरान अवैध शराबक कारोबार पर रोक लगयबाक लेल निगरानी आ जांच अभियान तेज राखल जायत। संगहि आम नागरिक सं अवैध शराब सं जुड़ल गतिविधिक सूचना प्रशासन कें देबाक आ कानून-व्यवस्था बनौने रखबा मे सहयोग करबाक अपील कयल गेल अछि।

# डिजिटल बाजारक नव उत्पाद 'ताई-चाई' वाकिंग

डॉ. संजय वर्मा

मनुष्य हजारो वर्ष सं पैदल चलैत आबि रहल अछि। तीर्थयात्री चललाह, किसान चललाह, बौद्ध भिक्षु चललाह, गांधीजी आ आंदोलनकारी चललाह। भोर-सांझ हमर माता-पिता सभ पैरे चलि अनगिनत दूरी तय करैत छलाह। प्रत्येक सभ्यता मे पैदल चलब शरीरक संग मोनक गति सेहो देलक। मुदा आइ सोशल मीडियाक डिजिटल संसार मे एकटा नव चालि तेजी सं पसरि रहल अछि। इंस्टाग्राम, फेसबुक आ यूट्यूब पर अनचोके ताई-चाई वॉकिंगक प्रचलन जंगलक आगि जकां पसरि गेल अछि। डिजिटल पर्दा पर कतहु बुजुर्ग लोकनि धीमे-धीमे डेग बढ़बैत देखाइत छथि, तं कतहु आकर्षक देहयष्टि बला प्रशिक्षक। किछु विज्ञापन मे प्रभावशाली सोशल मीडिया व्यक्तित्व एहि चालि कें वजन घटेबाक, पेटक चर्बी कम करबाक आ बढ़ैत उमेरक प्रभाव कें पछाड़बाक चमत्कारी उपाय कहि बेचि रहल छथि। भारतो मे खास कए प्रौढ़ आ साठि वर्ष सं बेसी उमेरक लोक सभक बीच एकरा लए कए रुचि बढ़ल अछि। हालहि स्वास्थ्य संबंधी अंतरराष्ट्रीय पत्रिका हार्वर्ड हेल्थ ताई-चाई वॉकिंग: व्हाट इज इट ऐंड डज इट वर्क शीर्षक सं एहि विषय पर विस्तृत लेख प्रकाशित कयलक। तखन प्रश्न उठैत अछि जे की संसार सरिपहुं पैदल चलेबाक कोनो नव तरीका ताकि लेलक अछि, अथवा सदियों पुरान आदति पर सोशल मीडिया प्रेरित बाजार एकटा नव नाम चिपका देने अछि? ताई-चाई वॉकिंगक अपन इतिहास आ प्रतिष्ठा अछि। ई चीनक सदियों पुरान युद्धकला आ मन-शरीरक सामंजस्य सं जुड़ल परंपराक हिस्सा अछि। एहि मे शरीरक धीम, नियंत्रित गति, संतुलन, श्वास आ सजगताक विशेष महत्त्व अछि। हार्वर्ड हेल्थक अनुसार, ताई-चाई वॉकिंग मूलतः पैदल चलेबाक क्रियाक एकटा विशेष रूप अछि। सामान्य चालि मे शरीरक गति हमरा सभ कें आगू बढ़बैत अछि, जखन कि एहि पद्धति मे डेग जानि-बुझि धीमा राखल जाइत अछि। पहिने एकटा पैर आगू बढ़ाओल जाइत अछि, फेर शरीरक भार धीरे-धीरे ओहि पैर पर देल जाइत अछि। तकर बाद दोसर पैर आगू बढ़ा कए एहि प्रक्रिया कें दोहराओल जाइत अछि। एहि सं व्यक्ति शरीरक गुरुत्व केंद्र, जमीन पर पैरक स्पर्श आ संतुलनक प्रति बेसी सजग होइत अछि। तें ई मात्र धीरे चलब नहि, बल्कि सामान्य चालि सं किछु भिन्न शारीरिक प्रक्रिया अछि। अध्ययन सभ मे ताई-चाई वॉकिंग आ सामान्य चालिक बीच घुटना आ कूल्हाक गति, मांसपेशीक क्रियाकलाप आ शरीरक भार स्थानांतरित करबाक तरीका मे अंतर देखल गेल अछि। एहि पद्धति मे लोक धी मे चलैत अछि आ शरीरक भार कें बेसी नियंत्रणक संग एक पैर सं दोसर पैर पर दैत अछि। तें एकरा पूर्णतः बाजारक छल कहब गलत होयत, तहिना एकरा चमत्कारी व्यायाम मानबो उचित नहि। वर्ष 2024 मे प्रकाशित 18 चिकित्सकीय परीक्षणक समीक्षा मे 65 वर्ष सं बेसी आयुक लोकक शारीरिक संतुलन आ स्वास्थ्य मे समग्र सुधार देखल गेल। एही प्रकारक दोसर विश्लेषण मे 2,000 लोक पर कयल गेल 28 परीक्षणक आधार पर पैदल चलेबाक लाभ आ नीक संतुलनक बात सामने आयल। मुदा एतय एकटा महत्त्वपूर्ण अंतर अछि। ताई-चाई पर उपलब्ध वैज्ञानिक प्रमाण आ सोशल मीडिया पर प्रचलित ह्यताई-चाई वॉकिंगह्न



कार्यक्रमक प्रमाण एक्के बात नहि अछि। हार्वर्ड हेल्थ सेहो चेतौने अछि जे एहि पद्धति सं बहुत तेजी सं वजन घटेबाक अथवा असाधारण मांसपेशी बनेबाक ऑनलाइन दाबी भ्रम फैला सकैत अछि। सामान्य चालि आ ताई-चाई वॉकिंगक तुलना सं ई बात आओर स्पष्ट होइत अछि। 374 प्रौढ़ चीनी लोक पर कयल गेल एकटा यादृच्छिक परीक्षण मे दू समूहक लोक 12 सप्ताह धरि सप्ताह मे पांच दिन, प्रतिदिन 45 मिनट ताई-चाई आ सामान्य पैदल चालिक अभ्यास कयलनि। ताई-चाई समूहक वजन लगभग 0.50 किलोग्राम घटल, जखन कि सामान्य चालि बला समूहक वजन 0.76 किलोग्राम कम भेल। दुनू समूहक लोकक कमरक नाप आ खाली पेट रक्त शर्कराक स्तर मे सुधार देखल गेल। निष्कर्ष स्पष्ट छल जे सामान्य पैदल चालि ताई-चाई वॉकिंग सं कमजोर अथवा निष्प्रभावी नहि अछि। एतबे नहि, ऊर्जा खर्च संबंधी एकटा अध्ययन मे क्षमताक अनुरूप कयल गेल सामान्य पैदल चालि मे ताई-चाईक अपेक्षा 46 प्रतिशत बेसी ऊर्जा खर्च होयबाक बात सामने आयल। तें जं कैलोरी खर्च आ हृदय-रक्तवाहिका संबंधी व्यायाम कें आधार मानल जाय, तं ई कहबाक कोनो आधार नहि जे धीमा ताई-चाई वॉकिंग, व्यक्तिक क्षमताक अनुसार कयल गेल तेज चालि सं नीक अछि। भारतीय जीवन-पद्धतिक संदर्भ मे ई चर्चा आओर रोचक बनि जाइत अछि। अपना एतय रातिक भोजनक बाद टहलबाक पुरान परंपरा रहल अछि। महाराष्ट्र मे प्रचलित ह्यशतपावलीह्न्क अर्थे होइत अछि—भोजनक बाद सय डेग चलब। भोरे टहलनाइ, सांझ मे भ्रमण करब आ भोजनक बाद धीरे-धीरे चहलकदमी करब भारतीय जीवनशैलीक पुरान हिस्सा रहल अछि। आधुनिक विज्ञान सेहो भोजनक बाद पैदल चलेबाक समर्थन करैत अछि। एहि समय किछु दूर टहलला सं भोजनक बाद रक्त मे शर्कराक स्तर नियंत्रित रखबा मे सहायता भेटैत अछि। वस्तुतः ताई-चाई शरीरक गति आ भार कें नियंत्रित करबाक एकटा पद्धति अछि, जखन कि शतपावली भोजनक बाद हल्का टहलबाक सांस्कृतिक परंपरा। मुदा दुनू एक्के सत्य दिस संकेत करैत अछि–स्वस्थ रहबाक लेल पैदल चलब आवश्यक अछि, प्रत्येक बेर कोनो नव ब्रांड किनब आवश्यक नहि। तखन प्रश्न उठैत अछि जे संसार कें ताई-चाई वॉकिंगक जरूरत आखिर किएक पड़ल? एकर उत्तर स्वास्थ्यक बाजार मे नुकायल अछि। डिजिटल अर्थव्यवस्था मे साधारण सलाह बेचब कठिन अछि। रोज किछु काल टहलब करू – एहि सलाह मे ने कोनो सदस्यता शुल्क अछि, ने ऐप, ने प्रभावशाली प्रचारक आ ने कोनो सशुल्क कार्यक्रम। मुदा एही क्रिया कें आकर्षक नाम देल जाय, प्राचीन सभ्यताक रहस्य सं जोड़ल जाय, चयापचय, संतुलन आ दीर्घायुक वैज्ञानिक शब्दावली जोड़ल जाय आ ह्य21 दिनक कार्यक्रमह्न बना देल जाय, तं ओकरा बेचब आसान भए जाइत अछि। एहि तरहें सामान्य पैदल चालि बाजारक एकटा आकर्षक स्वास्थ्य उत्पाद बनि जाइत अछि। वर्ष 2026 मे द मिलबैंक क्वार्टरली मे प्रकाशित स्वास्थ्य आ कल्याण उद्योगक राजनीतिक अर्थव्यवस्था सं जुड़ल अध्ययन सेहो एहि व्यापक प्रवृत्तिक दिस संकेत करैत अछि। सोशल मीडिया एल्गोरिद्म, आकर्षक जीवनशैलीक प्रचार आ स्वास्थ्यक नाम पर लगातार नव उत्पाद बेचबाक प्रवृत्ति एहि तरहक विचारक प्रसार मे महत्त्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। वैज्ञानिक शब्दावली सेहो कखनो-कखनो उत्पाद कें जरूरत सं बेसी वैज्ञानिक विश्वसनीयता देबाक माध्यम बनि जाइत अछि। तें ताई-चाई वॉकिंगक पाछां कोनो देश, संस्था अथवा रहस्यमय समूहक संगठित वैश्विक योजना खोजब उचित नहि।

वर्ष 2024 मे प्रकाशित 18 चिकित्सकीय परीक्षणक समीक्षा मे 65 वर्ष सं बेसी आयुक लोकक शारीरिक संतुलन आ स्वास्थ्य मे समग्र सुधार देखल गेल। एही प्रकारक दोसर विश्लेषण मे 2,000 लोक पर कयल गेल 28 परीक्षणक आधार पर पैदल चलेबाक लाभ आ नीक संतुलनक बात सामने आयल। मुदा एतय एकटा महत्त्वपूर्ण अंतर अछि। ताई-चाई पर उपलब्ध वैज्ञानिक प्रमाण आ सोशल मीडिया पर प्रचलित ताई-चाई वॉकिंग कार्यक्रमक प्रमाण एक्के बात नहि अछि। हार्वर्ड हेल्थ सेहो चेतौने अछि जे एहि पद्धति सं बहुत तेजी सं वजन घटेबाक अथवा असाधारण मांसपेशी बनेबाक ऑनलाइन दाबी भ्रम फैला सकैत अछि। सामान्य चालि आ ताई-चाई वॉकिंगक तुलना सं ई बात आओर स्पष्ट होइत अछि। 374 प्रौढ़ चीनी लोक पर कयल गेल एकटा यादृच्छिक परीक्षण मे दू समूहक लोक 12 सप्ताह धरि सप्ताह मे पांच दिन, प्रतिदिन 45 मिनट ताई-चाई आ सामान्य पैदल चालिक अभ्यास कयलनि। ताई-चाई समूहक वजन लगभग 0.50 किलोग्राम घटल, जखन कि सामान्य चालि बला समूहक वजन 0.76 किलोग्राम कम भेल। दुनू समूहक लोकक कमरक नाप आ खाली पेट रक्त शर्कराक स्तर मे सुधार देखल गेल। निष्कर्ष स्पष्ट छल जे सामान्य पैदल चालि ताई-चाई वॉकिंग सं कमजोर अथवा निष्प्रभावी नहि अछि।

एकर सरल व्याख्या मे ध्यान आकर्षित करबाक अर्थव्यवस्था, स्वास्थ्यक बाजार आ सोशल मीडिया एल्गोरिद्मक साझा भूमिका देखाइत अछि। ई सभ मिलि कए पहिने सं परिचित चीज कें नव रूप दैत अछि आ फेर बेचैत अछि। आइ बाजारक सच्चाइ ई अछि जे नव शब्द पुरान सत्यक अपेक्षा बेसी तेजी सं बिकाइत अछि।

# प्राथमिकता मे होमक चाही फसिल संरक्षण आ स्वास्थ्य सुरक्षा

ज्ञानेंद्र रावत

अलनीनो आब भयावह खतराक कारण बनैत जा रहल अछि। संसारक मौसिम वैज्ञानिक सभ अलनीनोक खतरनाक अवस्था कें सुपर-डुपर अलनीनो नाम देने छथि। शिकागो विश्वविद्यालयक ऊर्जा नीति संस्थानक हालक रिपोर्टक अनुसार, सामान्य वर्षक तुलना मे सुपर-डुपर अलनीनोक कारण आगामी छह मास मे संसार भरि मे लगभग 4.51 लाख अतिरिक्त मृत्यु भए सकैत अछि। पहिने सं गरम होइत जलवायु पर अलनीनो अपन प्रभाव देखा रहल अछि। एहि कारण आगामी मास सभ मे तापमानक पुरान रिकॉर्ड टूटबाक आशंका बढ़ि गेल अछि। एहि बेर फरवरी मासे गर्मी दस्तक दए सकैत अछि। सुपर अलनीनोक प्रभाव सं आगामी मास सभ मे वैश्विक धरातलीय तापमान 1.2 डिग्री सेल्सियस धरि बेसी रहि सकैत अछि। अनुमान अछि जे अगिला 20 वर्ष धरि तापमान मे एहेन प्रवृत्ति देखबा मे आबि सकैत अछि। विश्व मौसिम संगठनक हालिया चेतावनीक अनुसार, अलनीनो फरवरी 2027 धरि बनल रहि सकैत अछि। एहेन स्थिति मे भारत मे अगिला मानसूनक शुरूआत धरि एकर प्रभाव रहबाक आशंका अछि। चिंताक बात ई अछि जे ई जाड़क बरखा आ तापमान कें सेहो प्रभावित कए सकैत अछि। संसारक कतेको भाग मे तापमान आ वर्षाक ढांचा बदलि सकैत अछि। फलस्वरूप, कतहु सुखाड़ पड़बाक तं कतहु सामान्य सं बेसी बरखा आ बाढ़िक खतरा बढ़बाक आशंका अछि। विश्व मौसम संगठनक पूवार्नुमानक अनुसार, नवंबर मास मे तापमान चरम पर पहुंचबाक संभावना जताओल गेल छल। मुदा आब प्रशांत महासागर मे भूमध्यरेखाक लग समुद्रक तापमान सामान्य सं तीन गुना बेसी अछि आ एहि मे तेजी सं वृद्धि होयबाक आशंका अछि। समुद्रक गहींर भागक कतेको स्थान पर पानि सामान्य सं आठ डिग्री धरि बेसी गरम पाओल गेल अछि। एहि कारण अलनीनो आओर शक्तिशाली भए गेल अछि। वैज्ञानिक सभक मानब अछि जे एहि वर्ष



नवंबर धरि संसारक सभ भूभाग मे तापमान सामान्य सं बेसी रहत। प्रशांत महासागरक पानि गरम होयबाक कारण भारत दिस आबयवला हवाक दबाव आ दिशा मे परिवर्तन होइत अछि। एहि सं बादल सभक आवाजाही आ वर्षाक मार्ग सेहो बदलि सकैत अछि। एहि कारण प्रशांत महासागर मे होमयवला परिवर्तन हजारो किलोमीटर दूर स्थित भारत जेकां देशक मौसिम कें सेहो प्रभावित करैत अछि। मौसिम वैज्ञानिक सभक अनुसार, अलनीनोक प्रभाव मात्र मानसून धरि सीमित नहि रहत। एकर प्रभाव मजबूत बनल रहला पर जाड़ो मे तापमान सामान्य सं बेसी रहबाक आशंका अछि। उत्तर भारत मे जाड़क अवधि छोट होयबाक आ फरवरी-मार्च मे गर्मी बढ़बाक प्रवृत्ति पहिने सं देखल जा रहल अछि। पश्चिमी विक्षोभ, हिमालय मे हिमपात आ हिंद महासागरक स्थिति सेहो एहि संदर्भ मे महत्त्वपूर्ण भूमिका निभाओत। वर्ष 2023-24क शक्तिशाली अलनीनो 2024 कें संसारक सभ सं गरम वर्ष बनेबाक प्रमुख कारण सभ मे एक छल। एही तरहें एहि वर्षो तापमानक नव अभिलेख बनेबाक खतरा बनल अछि। संभावना अछि जे दिसंबर मास मे तापमान उच्चतम स्तर पर पहुंचत। एहि बीच अलनीनोक तीव्रता बढ़त आ ई चारि डिग्री सेल्सियस धरि पहुंचि सकैत अछि। ई तापमान मे आबि सकयवला आब धरि सभ सं बेसी वृद्धि होयत। एहि सं स्पष्ट अछि जे अलनीनोक प्रभाव लगातार बढ़ि रहल अछि। एकर पहिने 2015 मे अधिकतम 2.6 डिग्री सेल्सियस वृद्धिक अभिलेख बनल छल। मौसिम विज्ञानी रायन माउक कहब अछि जे जाड़ मे अलनीनो अपन अधिकतम शक्तिपर बनल रहत आ अमेरिका छोड़ि संसारक अन्य भाग मे वैश्विक तापमान बढ़ाओत। प्रभावित क्षेत्र सभ मे तापमान सामान्य सं 3.4 डिग्री सेल्सियस बेसी दर्ज कयल गेल अछि। ई 1950क बाद दर्ज शक्तिशाली मौसमी घटनाक मध्य एकटा भए सकैत अछि। वस्तुतः अलनीनोक प्रभाव सं मानसून कमजोर आ अनियमित रहैत अछि। बेसी गर्मी पड़ला सं माटिक नमी सेहो घटैत अछि, जाहि कारण खरीफ फसलक उपज कम होयबाक आशंका रहैत अछि। खरीफक खेती देशक खाद्य सुरक्षा सं सोझे जुड़ल अछि। धान, मक्का, दलहन आ तिलहन जेकां प्रमुख फसल एहि मौसिम मे लगाओल जाइत अछि। तें अलनीनोक खतरा मात्र मौसिमक समस्या नहि, बल्कि कृषि उत्पादन, खाद्य पदार्थक दाम आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था सं सेहो जुड़ल अछि।

# फ्रांस मे नागरिक होयबाक जिम्मेदारी अछि विरोध-प्रदर्शन

निखिल रंजन

जखन फ्रांसक लोक ईंधन पर बेसी कर लगेबाक विरोध करैत छथि, तं पीयर जैकेट पहिरि जुलूस निकालैत छथि। बेसी पारिश्रमिकक मांग करयबला सैकड़ो किसान ट्रैक्टर लए कए शांज एलिजे पहुंचि जाइत छथि। संग्रहालयक कर्मचारी जखन पर्यटक सभक नीक व्यवस्था चाहैत छथि, तं हड़ताल कए लूव्र संग्रहालय बंद करा दैत छथि। ई फ्रांस अछि। विरोध करबाक एहेन आजादी आ तरीका संसारक आन देश सभ मे सहजहि नहि देखबा मे अबैत अछि। भावनापूर्ण सार्वजनिक विरोध फ्रांसीसी समाजक ओतबे विशिष्ट पहिचान अछि, जतेक हुनकर राष्ट्रगान ला मासेर्येज। वर्ष 1792 मे रचल एहि राष्ट्रगान मे अन्यायक विरुद्ध संघर्ष कें सार्वजनिक कर्तव्य मानल गेल अछि। मुदा एहि मास भेल विरोध-प्रदर्शन आ ओकरा दबेबाक लेल अपनाओल गेल कठोरता चिंता बढ़ा देने अछि। विरोध पर हिंसक घटनाक छाया एतेक भारी पड़ल जे महंगाई आ विद्यालयक दुर्दशाक विरुद्ध लाखो लोकक शांतिपूर्ण प्रदर्शन पाछां छूटि गेल। मात्र 17 अक्टूबर, शनिदिन फ्रांसक विभिन्न शहर सभ सं 2,400 लोक गिरफ्तार कयल गेलाह। प्रदर्शनक दौरान भेल हिंसक घटनाक बाद ई गिरफ्तारी भेल। पुलिसक संग झड़प, गाड़ी सभ मे आगि लगेनाइ, सार्वजनिक भवन सभ मे जबरन प्रवेश, दोकान मे लूटपाट आ एकटा ऐतिहासिक नगरपालिकाक भवन जरा देबाक घटना सामने आयल। विरोध-प्रदर्शनक सिलसिला एखनो थमल नहि अछि आ आगामी दिनो मे आओर प्रदर्शन होयबाक आह्वान कयल जा रहल अछि। रवि कें राष्ट्रपति इमानुएल मैक्रों पूछलनि जे फ्रांसक लोक अपन देशक संग एहन व्यवहार कोना कए सकैत छथि? हम सभ लज्जित छी। मुदा फ्रांसक इतिहासक कोनो विद्यार्थी जनैत होयत जे देशक गौरव रहल रंग-बिरंगक आ जोरदार नाराबाजीवला प्रदर्शन कखनो-कखनो हिंसक रूप धारण कए लैत अछि। एकर शुरूआत 1789 मे राजतंत्र कें उखाड़ि फेकबाक क्रांतिक दौरान राजा लुई सोलहवांक हत्या सं जुड़ल अछि।




**विरोधक संस्कृतिक जन्म** : इतिहासकार सभक कहब अछि जे क्रांतिक समये ई आधुनिक परंपरा जन्म लेलक जे सार्वजनिक आ राजनीतिक जीवन मे भाग लेब प्रत्येक नागरिकक कर्तव्य अछि। मात्र मतदान परिवर्तन अनबाक एकमात्र बाट नहि अछि। प्रदर्शन कें सेहो एकटा प्रमुख माध्यम मानल गेल, जाहि सं कुलीन वर्ग आम लोकक बात सुनय आ स्वतंत्रताक रक्षा हो। जखन कोनो बच्चा आंदोलनकारी बनैत अछि, तं एकरा पीढ़ी-दर-पीढ़ी चलि आबि रहल परंपरा मे शामिल होयबाक पहिल डेग मानल जाइत अछि। विरोध करबाक अधिकार संविधान द्वारा सेहो संरक्षित अछि। बोर्दोस्थित फ्रांसीसी राष्ट्रीय वैज्ञानिक अनुसंधान केंद्रक राजनीतिशास्त्र विभाग मे अनुसंधान निदेशक मागाली डेला सुडाक कहब अछि जे ई साझी पहिचान आ राजनीतिक समुदाय बनेबाक एकटा तरीका अछि। क्रांतिक बाद फ्रांसक इतिहास विरोध आ सुधारक कोनो सीधा-सपाट कथा नहि, बल्कि जनविरोध, दमन, जनसमूहक लामबंदी आ राजनीतिक रियायतक क्रमिक चक्र रहल अछि। वर्ष 1871 मे ई परंपरा दुखद मोड़ पर पहुंचि गेल, जखन सरकारी सैनिक नवगठित पेरिस कम्यून अर्थात नगर प्रशासनक विरुद्ध बल प्रयोग कयलनि आ हजारो लोकक मृत्यु भेल। एकटा अर्थ मे सामूहिक कारबाइक जीत 1968 मे भेल, जखन छात्र आंदोलन आ आम हड़ताल सरकार कें न्यूनतम मजदूरी जेकां किछु रियायत देबाक लेल विवश कयलक। हालक वर्ष सभ मे येलो वेस्ट आंदोलन ईंधन पर प्रस्तावित कर-वृद्धिक विरोध मे शुरू भेल। एहि आंदोलन जीवनयापनक बढ़ैत खर्च आ सामाजिक असमानताक प्रश्न कें प्रमुखता देलक। वर्ष 2018 आ 2019क किछु प्रदर्शन मे सेहो गाड़ी जड़ल, लूटपाट भेल आ पुलिसक संग झड़प भेल। फ्रांस मे प्रदर्शनक दौरान हिंसा असामान्य नहि अछि, मुदा एहि सं शांतिपूर्ण प्रदर्शनक छवि खराब होइत अछि। एहने स्थिति एहि सप्ताहांत भेल प्रदर्शनक संग सेहो देखल गेल, जे शिक्षा-व्यवस्था आ आन समस्या सभ कें लए कए आयोजित छल। मुदा संसारक नजरि पुलिसक संग झड़प आ लूटपाटक नाटकीय दृश्य पर केंद्रित भए गेल। एखन ई स्पष्ट नहि अछि जे दोकान लूटयवला लोक सभ मे कतेक वास्तव मे प्रदर्शन करबाक लेल आयल छलाह। लाखो लोकक भीड़ मे अवसरवादी लोक सेहो शामिल छलाह। सरकार कतेको इलाका मे रातिक कर्फ्यू लगा देने अछि आ एहि सप्ताहांतो प्रदर्शन करबाक आह्वान कयल जा रहल अछि।

# मोदीक कूटनीति सं भरि रहल अछि भारतक तेल भंडार

नीरज कुमार दुबे

दुनियांक नजरि एहि बात पर टिकल अछि जे भारत रूस सं कतेक तेल कीनि रहल अछि, वेनेजुएला सं कतेक तेल कीनत आ अमेरिकी दबावक आगू अपन निर्णय बदलत वा नहि। मुदा एहि हल्ल-गुल्लाक बीच एकटा पैघ प्रश्न जानि-बुझि अनदेखा कयल जा रहल अछि जे भारत इराक सं कतेक पैघ मात्रा मे तेल कीनि रहल अछि आ एहि कारोबार सं अपन आर्थिक हित केना साधि रहल अछि? रूस आ वेनेजुएलाक तेल पर दुनियां बहस करैत रहय, मुदा भारतक असली रणनीति बुझबाक लेल इराकक संग ओकर तेल कारोबार पर नजरि देब आवश्यक अछि। एतहि भारत अपन जरूरत, बाजार आ दामक हिसाब सं निर्णय लैत दुनियां कें ई संदेश दैत अछि जे ओकर ऊर्जा नीति दोसर देशक दबाव पर नहि, बल्कि राष्ट्रीय हित पर आधारित अछि।

**इराक : भारतक ऊर्जा सुरक्षाक प्रमुख आधार** : भारत संसारक तेसर सभ सं पैघ कच्चा तेल आयात करयवला देश अछि। देशक अर्थव्यवस्था, यातायात व्यवस्था, उद्योग आ आम लोकक जीवन मे पेट्रोलियमक महत्त्वपूर्ण भूमिका अछि। तेलक दाम मे मामूली वृद्धि सं सेहो आयात खर्च, महंगाई आ रुपैया पर दबाव बढ़ि सकैत अछि। भारतीय विदेश मंत्रालयक अनुसार, वित्तीय वर्ष 2025-26 मे इराक भारत कें 4.711 करोड़ मीट्रिक टन कच्चा तेल उपलब्ध करौने छल। ई भारतक कुल तेल आयातक मूल्यक लगभग 19.16 प्रतिशत छल। रूस-यूक्रेन युद्धक बाद इराक भारतक दोसर सभ सं पैघ कच्चा तेल आपूर्तिकर्ता बनल अछि। ई आंकड़ा स्पष्ट करैत अछि जे इराक भारत लेल कोनो छोट अथवा वैकल्पिक आपूर्तिकर्ता नहि, बल्कि ऊर्जा व्यवस्थाक प्रमुख आधार अछि।

**अक्टूबर 2026 मे तेल खरीदक चर्चा किएक?** : 22 अक्टूबरक एकटा समाचारक अनुसार, सितंबर मे भारत इराक सं प्रतिदिन लगभग 8.30 लाख बैरल तेल आयात कयलक, जखन कि अगस्त मे ई मात्रा लगभग 1.71 लाख बैरल प्रतिदिन छल। एहि बीच रूस सं भारतक तेल आयात लगभग 14 प्रतिशत घटि कए 18 लाख बैरल प्रतिदिन रहि गेल। ई परिवर्तन देखबैत अछि जे भारतक तेल खरीद कोनो एकटा राजनीतिक समीकरण पर निर्भर नहि अछि। जखन मध्य-पूर्वक तेल प्रतिस्पर्धी दाम पर भेटैत अछि, तं भारतीय तेल शोधक कारखाना ओकरा प्राथमिकता दए सकैत अछि। एहि रणनीतिक सोचक दोसर उदाहरण इंडियन ऑयल कॉरपोरेशनक खरीद अछि। एकटा मीडिया रिपोर्टक अनुसार, कंपनी इराकक बसरा टर्मिनल सं लगभग 20 लाख बैरल बसरा मीडियम कच्चा तेल कीनबाक सहमति देने छल। रिपोर्ट मे दुबईक तेल मूल्यक तुलना मे प्रति बैरल 32 डॉलर कम दामक उल्लेख छल। एहि उदाहरण सं स्पष्ट अछि जे भारत लेल नीक आर्थिक शर्त पर तेल खरीदबाक विकल्प खुलल रहब आवश्यक अछि।



**वैश्विक बाजार पर असरि** : भारत जेकां पैघ खरीदारक निर्णय मात्र घरेलू अर्थव्यवस्थे धरि सीमित नहि रहैत अछि। जं भारतीय कंपनियां रूसक बदला इराक अथवा मध्य-पूर्वक दोसर उत्पादक सं बेसी तेल कीनैत अछि, तं तेलक मांग, व्यापारिक प्रवाह आ क्षेत्रीय मूल्य प्रतिस्पर्धा प्रभावित भए सकैत अछि। सितंबर 2026 मे मध्य-पूर्व सं भारतक कुल तेल आयात बढ़ि कए लगभग 28 लाख बैरल प्रतिदिन भए गेल, जे कुल आयातक लगभग 54 प्रतिशत छल। मध्य-पूर्वक तेलक नीक उपलब्धता आ रूसी तेल पर घटैत मूल्यगत लाभ एहि परिवर्तनक प्रमुख कारण मानल जा रहल अछि। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे इराक सं बेसी तेल कीनिते वैश्विक बाजार मे दाम घटि जायत। तेलक दाम पर ओपेकक उत्पादन नीति, युद्ध, समुद्री यातायात, मांग आ आपूर्तिक प्रभाव पड़ैत अछि। तथापि, कतेको देश सं तेल खरीदबाक भारतक नीति आपूर्तिकर्ता सभक बीच प्रतिस्पर्धा बढ़ा सकैत अछि आ नीक सौदा प्राप्त करबा मे सहायता कए सकैत अछि।

किछु जटिल हार्मोनल अथवा विशेष ब्लड टेस्ट जकांउच्चस्तरीय जांचक सुविधा एतय उपलब्ध नहि अछि। एक्स-रे विभाग मे 4 पद स्वीकृत रहबाक बावजूद मात्र 1 तकनीशियन काज कए रहल छथि। तहिना नर्सिंग स्टाफक सेहो भारी कमी अछि। स्वीकृत 80 नर्स मे सं मात्र 40 एखन ड्यूटी पर छथि। खून, पेशाब आ अन्य जांच सीमित संख्या मे भए पबैत अछि। अल्ट्रासाउंड मशीन रहबाक बावजूद विशेषज्ञक कमी के कारण अधिकांश जांच बाधित रहैत अछि। आईसीयू आ इमरजेंसी वार्ड सेहो स्टाफक कमी सं प्रभावित अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे प्रतिदिन औसतन 400 सं 500 रोगी ओपीडी मे इलाज कराबय पहुंचैत छथि, मुदा चिकित्सकक कमी के कारण कतेको रोगीके घंटों प्रतीक्षा करय पड़ैत अछि। दोसर दिस, दुर्घटना मे गंभीर रूप सं घायल रोगी सभके दोसर अस्पताल रेफर करय पड़ैत अछि। आर्थिक रूप सं कमजोर रोगी सभके सबस बेसी परेशानी होइत अछि, किएक तं हुनका सभके निजी क्लिनिक अथवा रांची स्थित रिम्स जाए पड़ैत अछि। एहि कारण हुनका हजारो रुपैयाक अतिरिक्त खर्च उठाबय पड़ैत अछि। सीटी स्कैन कराबय लेल 3,200 रुपैया, अल्ट्रासाउंड लेल 800 सं 900 रुपैया आएमआरआई लेल अलग-अलग जगह पर 2,000 सं 5,000 रुपैया तक खर्च करय पड़ैत अछि।एहि मामिलापर सिविल सर्जन डॉ. राजू कच्छप कहलनि जे कर्मचारीक कमी दूर करबाक लेल विभाग सं कतेको बेर मांग कएल गेल अछि, मुदा एखन धरि कोनो जवाब नहि भेटल अछि। एहि कारण उपलब्ध संसाधन आ मैनपावरक भरोसे अस्पतालक व्यवस्था नीक करबाक दिशा मे प्रयास कएल जा रहल अछि।

# अररिया मे सीमावर्ती सुरक्षाक लेल एसएसबीक उच्चस्तरीय बैसार

## खुफिया सूचनाक तत्काल आदान-प्रदान आ नीक समन्वय पर जोर

**अररिया, समदिया**

सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे सुरक्षा व्यवस्था आओर मजबूत करबाक तथा सुरक्षा आ खुफिया एजेंसी सभक बीच नीक समन्वय स्थापित करबाक उद्देश्य सं 52म सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी) कैंप मे सेक्टर स्तरीय लीड इंटेलिजेंस एजेंसीक महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कएल गेल।

बैसार मे सीमावर्ती सुरक्षा सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण मुद्दा सभ पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। अधिकारी सभ संवेदनशील गतिविधि सभ पर लगातार निगरानी रखबाक आ कोनो महत्वपूर्ण सूचना पर समय रहैत कारबाइ सुनिश्चित करबाक जरूरत पर जोर देलनि। बैसारक अध्यक्षता एसएसबी सेक्टर मुख्यालय, पूर्णियाक उप महानिरीक्षक मधुकर अमिताभ कएलनि।

एहि दौरान अररियाक जिलाधिकारी विनोद दूहन, पुलिस अधीक्षक जितेंद्र कुमार सहित विभिन्न संबंधित विभाग आ सुरक्षा एजेंसी सभक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।



बैसारक मुख्य उद्देश्य सीमावर्ती इलाका सभ मे सुरक्षा तंत्र कें बेसी प्रभावी बनायब आ विभिन्न एजेंसी सभक बीच सूचना तंत्र कें मजबूत करब रहल।

### खुफिया सूचनाक समय पर आदान-प्रदान पर जोर

बैसार मे एहि बात पर विशेष जोर देल गेल जे सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे सुरक्षा सं संबंधित कोनो महत्वपूर्ण सूचना संबंधित एजेंसी सभ तक समय पर पहुंचाओल जाए। अधिकारी सभ कहलनि जे सुरक्षा व्यवस्था मजबूत बनौने रखबाक लेल विभिन्न एजेंसी सभक बीच नीक समन्वय, आपसी सहयोग आ सूचनाक प्रभावी आदान-प्रदान बहुत जरूरी अछि। एकर अतिरिक्त सीमावर्ती इलाका सभ मे संवेदनशील गतिविधि पर नजरि रखबाक, सुरक्षा संबंधी चुनौती सभक प्रति सतर्क रहबाक तथा कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी भेटला पर संबंधित स्तर पर तुरंत समन्वय स्थापित करबाक विषय पर सेहो चर्चा भेल।

जिला प्रशासन आ सुरक्षा एजेंसी सभक बीच नीक समन्वयक पहल

बैसारक दौरान संबंधित अधिकारी आ एजेंसी सभ कें आपसी समन्वयक संग काज करबाक, महत्वपूर्ण सूचनाक आदान-प्रदान मे देरी नहि करबाक तथा सुरक्षा सं जुड़ल मामिला सभ मे पूरा सतर्कता बरतबाक निर्देश देल गेल।

अधिकारी सभ सुरक्षा व्यवस्था कें प्रभावी बनौने रखबाक लेल सामूहिक जिम्मेदारी आ निरंतर संवादक आवश्यकतापर जोर देलनि।

जिला प्रशासन, अररियाक दिस सं संबंधित सुरक्षा आ खुफिया एजेंसी सभक संग समन्वय स्थापित कए सुरक्षा व्यवस्था कें मजबूत बनौने रखबाक लेल आवश्यक कारबाइ कएल जा रहल अछि। एहि बैसार कें सीमावर्ती सुरक्षा व्यवस्था नीक बनेबाक, खुफिया सूचना सभक शीघ्र संकलन आ साझा करबाक तथा विभिन्न एजेंसी सभक बीच कार्यात्मक समन्वय मजबूत करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल मानल जा रहल अछि।

# शेखपुरा मे 15 नवंबर सं शुरू होयत धान खरीद

## डीएम राइस मिल सभक पंजीकरण आ किसान सभक सत्यापनक देलनि निर्देश

**शेखपुरा, समदिया**

खरीफ विपणन मौसिम 2026-27 अंतर्गत धान खरीदक तैयारी तेज कए देल गेल अछि। शनिदिन डीएम शेखर आनंद धान खरीद कें लए संबंधित अधिकारी सभक संग बैसार कएलनि।

ओ बेसी सं बेसी योग्य किसान सभक पंजीकरण करय आ सभ पंजीकृत किसानक सत्यापन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। बिहार मे धान खरीद 15 नवंबर सं शुरू होयत। सरकार धानक न्यूनतम समर्थन मूल्य निर्धारित कए देने अछि। एहि अंतर्गत साधारण धानक कीमत 2441 रुपैया प्रति क्विंटल आ ग्रेड-ए धानक कीमत 2461 रुपैया प्रति क्विंटल तय कएल गेल अछि।

### एखन धरि 319 किसान करौलनि पंजीकरण

बैसार मे जिला सहकारिता अधिकारी बतौलनि जे वित्तीय वर्ष 2026-27 मे जिला मे कुल 54 पैक्स आ पांच व्यापार मंडल अछि। एखन धरि 253 रैयत आ 66 गैर-रैयत किसान सहित कुल 319 किसान धान बेचबाक लेल पंजीकरण करौने छथि। डीएम पंजीकरण प्रक्रिया मे तेजी अनबाक आ पात्र किसान सभ कें एकर लाभ देबाक निर्देश देलनि।



### राइस मिल सभक होयत भौतिक सत्यापन

डीएम धान खरीद लेल समिति सभक चयनक संग राइस मिल सभक पंजीकरण आ भौतिक सत्यापन करयबाक निर्देश देलनि। जिला मे एखन छह पंजीकृत राइस मिल अछि। एहि मे पांच उसना आ एक अरबा मिल शामिल अछि। अधिकारी सभ कें एहि सभ मिलक जांच करबाक निर्देश देल गेल अछि।

### टोल फ्री नंबर पर भेटत जानकारी

धान खरीद सं संबंधित जानकारी आ सहायता लेल किसान टोल फ्री नंबर 18001800110 पर संपर्क कए सकैत छथि। बैसार मे वरीय उपसमाहर्ता, जिला आपूर्ति अधिकारी, जिला सहकारिता अधिकारी, जिला कृषि अधिकारी, राज्य खाद्य निगमक अधिकारी सहित अन्य संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# भागलपुर मे मॉलक स्टॉक रूम मे लागल आगि, 6 हजार कपड़ा जरल




**भागलपुर, समदिया**

भागलपुर मे टेक्नो स्पोर्ट मॉलक स्टॉक रूम मे शनिदिन भोर भीषण आगि लागि गेल। किछुए मिनट मे आगि विकराल रूप धारण कए लेलक। आगिक लपट एतेक तेज छल जे मॉलक सामने लागल शीशा सेहो टूटि गेल। एहि अगिलग्गी मे करीब 6 हजार कपड़ा जरि गेल। मॉल मे कुल 13 हजार कपड़ा स्टॉक मे राखल रहबाक जानकारी सामने आएल अछि। घटना कोतवाली थाना क्षेत्रक अछि।

मैनेजर राजेश कुमार झाक अनुसार, भोर मे सभ किछु सामान्य छल। तकर बाद करीब 10:40 बजे कर्मचारी सभ स्टॉक रूम मे अनचोके आगिक लपट देखलनि। एकर बाद अग्निशमन विभाग कें सूचना देल गेल। करीब 2 घंटा बाद आगि पर काबू पाओल जा सकल। नोकसानक आकलन कएल जा रहल अछि।

जिला अग्निशमन पदाधिकारी रमन राजक अनुसार, हुनका भोर करीब 11:40 बजे फोन पर आगि लगबाक सूचना भेटलनि। एकर बाद विभागक दल घटनास्थल पर पहुंचल। आगि बुझेबा मे बहुत मशक्कत करय पड़ल। करीब 2 घंटाक प्रयासक बाद आगि पर काबू पाओल गेल। शुरूआती तौर पर शॉर्ट सर्किट सं आगि लगबाक आशंका जताओल जा रहल अछि, मुदा वास्तविक कारणक पुष्टि जांचक बादे भए सकत।

# गया-फल्गु नदीक संरक्षण, भूजल स्तर सुधारबाक पहल

## दुनू कात हरियरी बढ़त, 123 खराब बोरवेल होयत रिर्चाज, 5 किलोमीटरक दायरा मे बनत योजना

**गया, समदिया**

गयाक फल्गु नदीक संरक्षण आ खसैत भूजल स्तर मे सुधार लेल जिला प्रशासन पहल केने अछि। जिलाधिकारी शशांक शुभंकरक अध्यक्षता मे एकटा बैसार भेल, जाहि मे एहि विषय पर चर्चा कएल गेल। नदीक दुनू कात बड़का स्तर पर गाछ लगाओल जायत। गया, बोधगया आ डोभी मे 123 खराब बोरवेल कें वाटर रिचार्ज बोरवेल मे बदलल जायत।

नदीक दुनू कात पांच-पांच किलोमीटरक दायरा मे जल संरक्षणक उपाय लागू कएल जायत। एहि मे जलजमाव बला क्षेत्र मे सोख्ता बनायब आ सरकारी भवन सभ मे रेन वाटर हार्वेस्टिंग लगायब शामिल अछि। डीएम वन विभाग, जल संसाधन आ ग्रामीण विकास विभागक अधिकारी सभ कें नदी क्षेत्रक सर्वेक्षण कए पौधरोपणक योजना बनेबाक निर्देश देलनि।

निरीक्षणक दौरान एहन स्थान सभक पहचान कएल जायत,



जतय बड़का स्तर पर गाछ लगाओल जा सकैत अछि। एहि अभियानक उद्देश्य नदीक कात हरित क्षेत्रक विस्तार करब आ पर्यावरण संरक्षण कें बढ़ावा देब अछि। प्रशासनक योजना अछि जे नदी संरक्षण सं जुड़ल काज मात्र पौधरोपण धरि सीमित नहि रहय, बल्कि जल संचयन आ भूजल पुनर्भरण कें सेहो एकरा संग जोड़ल जाए। एहि सं फल्गु नदीक आसपासक क्षेत्र सभ मे पर्यावरणीय संतुलन बनौने रखबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।

### 123 खराब बोरवेल बनत वाटर रिचार्ज बोरवेल

फल्गु नदी आ आसपासक आवासीय क्षेत्र सभ मे भूजल स्तर मे सुधार बैसारक प्रमुख मुद्दा रहल। बरखा जल कें जमीनक भीतर पहुंचा कए भूजल भंडार नीक बनेबाक उद्देश्य सं खराब पड़ल बोरवेल सभक फेर सं उपयोग करबाक योजना बनाओल गेल अछि।

बैसार मे जल संसाधन विभागक दिस सं जानकारी देल गेल जे गया, बोधगया आ डोभी क्षेत्र मे कुल 123 खराब अर्थात निष्क्रिय बोरवेल चिह्नित कएल गेल अछि। जिलाधिकारी एहि सभ बोरवेल कें वाटर रिचार्ज बोरवेलक रूप मे विकसित करबाक लेल जरूरी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। एहि माध्यम सं बरखा जल कें भूजल पुनर्भरणक काज मे आनबाक योजना अछि।

डीएम जिला पंचायती राज पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे फल्गु नदीक कात स्थित संबंधित पंचायत सभ मे सेहो खराब बोरवेलक पहचान कराओल जाए। पंचायत स्तर पर एहन बोरवेल चिह्नित कए ओकरा वाटर रिचार्ज बोरवेल मे बदलबाक कार्ययोजना तैयार कएल जायत। एहि सं ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र सभ मे जल संरक्षणक काज व्यापक स्तर पर आगू बढ़ाओल जा सकत।

### पांच-पांच किलोमीटरक दायरा मे होयत जल संरक्षण

फल्गु नदीक दुनू कात पांच-पांच किलोमीटर चौड़ाई बला क्षेत्र मे जल पुनर्भरणक व्यवस्था विकसित करबा पर विशेष जोर देल गेल अछि। एहि क्षेत्र मे उपलब्ध जलस्रोत, खराब बोरवेल आ जलजमाव बला स्थान सभक पहचान कए आवश्यकतानुसार अलग-अलग उपाय कएल जायत। जिलाधिकारी निर्देश देलनि जे जाहि स्थान सभ पर बरखा काल मे जलजमावक समस्या होइत अछि, ओतय सोख्ता बनाओल जाए। एहि सं बरखा जलक नीक प्रबंधन करबा आ ओकरा जमीनक भीतर पहुंचेबा मे सहायता भेटत। जलजमाव बला क्षेत्र सभक पहचान भेलाक बाद संबंधित विभाग निर्माणक आवश्यकताक अनुसार योजना तैयार करत।

एहि पहलक उद्देश्य बरखाक पानि कें व्यर्थ बहि जेबा सं रोकब आ भूजल स्तर सुधारबा मे ओकर उपयोग करब अछि। खास कए नदीक आसपासक क्षेत्र सभ मे जल संरक्षणक अलग-अलग उपाय एक्के संग लागू करबा पर जोर देल गेल अछि।

## विविध

# बेर-बेर खांसि रहल अछि अहांक बच्चा? कतहु ई प्रदूषणक असरि तं नहि, डाक्टर सं बुझू

स्मॉगक मौसिम मे जं बच्चा सभ कें लगातार खांसी होइत अछि, तं जरूरी नहि जे एकर कारण बेर-बेर होमय बला संक्रमण हो। कतेको बेर हवा मे मौजूद प्रदूषण सेहो एकर पैघ कारण भए सकैत अछि। प्रदूषित हवा सांसक नली मे जलन आ सूजन पैदा करैत अछि, बलगम बढ़बैत अछि आ सांसक नली कें बेसी संवेदनशील बना दैत अछि। बच्चा सभ पर एकर असर बेसी पड़ैत अछि, कारण एहि उम्र मे हुनकर फेफड़ा एखन विकसित भए रहल होइत अछि। एकरा अतिरिक्त, शरीरक वजनक अनुपात मे बच्चा सभ वयस्कक तुलना मे बेसी हवा भीतर लैत अछि। हवा मे मौजूद बारीक कण, खास कए पीएम 2.5, बच्चा सभ मे पहिने सं मौजूद अस्थमा आ एलर्जी जेकां समस्या कें बढ़ा सकैत अछि। एहि सं सांस लैत समय घरघराहट भए सकैत अछि आ खांसी बहुत दिन धरि बनल रहि सकैत अछि, भले वायरल संक्रमण ठीक भए चुकल हो।

प्रदूषणक कारण बच्चा सभक शरीरक संक्रमण सं लड़बाक क्षमता सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। एहि सं सांस संबंधी संक्रमण होयबाक आशंका बढ़ि सकैत अछि वा ओकर लक्षण बेसी गंभीर भए सकैत अछि। एहि लेल हर बेर खांसी होयबाक अर्थ मात्र संक्रमण नहि होइत अछि। कतेको बेर प्रदूषण आ संक्रमण दुनू मिलि कए परेशानी बढ़ा दैत अछि। डॉ. निखिल राजवंशी (सलाहकार, बाल फेफड़ा रोग विशेषज्ञ, एलर्जी आ निद्रा विशेषज्ञ, रेनबो चिल्ड्रेन हॉस्पिटल, दिल्ली)क अनुसार, जं बच्चा कें लगातार वा बेर-बेर खांसी होइत अछि, खांसीक संग घरघराहट होइत अछि, राति मे निन्न टूटैत अछि, सांस लेबा मे परेशानी होइत अछि वा बच्चा पहिने जकां खेल-कूद नहिक पबैत अछि, तं ओकरा डाक्टर लग अवश्य लए जाउ। बच्चा सभ मे जं खांसी चारि सप्ताह सं बेसी समय धरि बनल रहैत अछि, तं जांच कराएब जरूरी अछि।



प्रदूषण बेसी रहला पर बच्चा सभ कें बहुत समय धरि बाहर राखबा सं बचू। जखन हवा खराब हो, तखन बाहर खेलबाक आ कसरत करबाक समय कम राखू। घरक भीतरक हवा कें जतबा संभव हो, साफ राखू। जं बच्चा कें अस्थमा अछि, तं डाक्टरक सलाह सं देल जा रहल दवाइ नियमित रूप सं दैत रहू।

सब सं जरूरी बात ई अछि जे बच्चा सभ कें बेर-बेर खांसी होयबाक अर्थ हमेशा संक्रमण नहि होइत अछि। सही जांच केने बिना बेर-बेर एंटीबायोटिक देब उचित नहि अछि। एहि सं बेमारीक असली कारण पता लगाबय आ सही इलाज शुरू करबा मे देरी भए सकैत अछि।

डॉ. विकास मित्तल (निदेशक आ फेफड़ा रोग विशेषज्ञ, सी.के. बिरला हॉस्पिटल) बतबैत छथि जे दिल्ली मे स्मॉगक मौसिम मे लगातार होमय बला खांसी कें अक्सर प्रदूषण सं जोड़ि कए देखल जाइत अछि, मुदा बेर-बेर होमय बला सांस संबंधी संक्रमण सेहो एकर कारण भए सकैत अछि। फेफड़ाक दृष्टिकोण सं देखल जाए, तं पीएम 2.5 जेकां प्रदूषणक बारीक कण सांसक नली मे जलन आ सूजन पैदा करैत अछि। एहि सं सांसक नली बेसी संवेदनशील भए जाइत अछि आ सुखल खांसी, गला मे खराश वा जलन, सांस लैत समय घरघराहट आ सांस फूलबाक समस्या भए सकैत अछि। जिनका पहिने सं अस्थमा वा सांस संबंधी कोनो बेमारी अछि, हुनका पर एकर असर बेसी देखबा मे आबि सकैत अछि। प्रदूषण सांस लेबाक प्रणालीक प्राकृतिक सुरक्षा कें सेहो कमजोरक सकैत अछि। एहि सं सांसक नली लेल संक्रमण सं बचाव करब कठिन भए सकैत अछि आ संक्रमण होयबाक वा ओकर लक्षण बढ़बाक आशंका रहैत अछि। एही कारण प्रदूषण सं होमय बला खांसी आ संक्रमणक कारण होमय बला खांसी मे भेद करब कतेको बेर कठिन भए जाइत अछि। मात्र लक्षण देखि कए हमेशा ई तय नहि कएल जा सकैत अछि जे खांसी कोन कारण सं भए रहल अछि। जं खांसी लगातार बनल रहैत अछि, राति मे बेसी बढ़ि जाइत अछि वा ओकर संग घरघराहट होइत अछि, तं ई सांसक नली बेसी संवेदनशील होयबाक संकेत भए सकैत अछि। दोसर दिस, खांसीक संग बोखार, शरीर मे दर्द वा कमजोरी जेकां लक्षण रहला पर संक्रमणक आशंका भए सकैत अछि। हालांकि, ई लक्षण अपने आप मे एहि बातक पक्का पुष्टि नहि करैत अछि जे समस्याक असली कारण की अछि। सही कारण जानबाक लेल डाक्टर सं जांच कराएब जरूरी भए सकैत अछि।

# आब कम उम्र मे बेसी भए रहल अछि बिसरबाक आदति? एना कियैक भए रहल अछि, विशेषज्ञ बतौलनि

तकनीक हमर सोचबाक, सीखबाक आ मोन राखबाक तरीका केना बदलि रहल अछि? एकटा महत्वपूर्ण सवाल, जाहि पर बेसी ध्यान देबाक जरूरत अछि, से ई जे की आइ हम कम उम्र मे चीज सभ बिसरय लगल छी वा जानकारी मोन रखबाक हमर तरीका बदलि रहल अछि? हम एहन समय मे जी रहल छी, जतय लगभग प्रत्येक चीज डिजिटल रूप मे सुरक्षित राखल जा सकैत अछि। हम संदेशक स्क्रीनशॉट लैत छी, लेख सभकेँ बुकमार्क करैत छी, सोशल मीडिया पोस्ट सुरक्षित करैत छी आ स्मार्टफोन मे नोट्स बनबैत छी।

हम सोचैत छी जे बाद मे एहि चीज सभकेँ फेर देखब। मुदा की हम वास्तव मे एना करैत छी? आ एहि सं बेसी महत्वपूर्ण सवाल ई अछि जे एहि जानकारी सभ मे सं हमरा कतेक बात वास्तव मे मोन रहैत अछि?

डॉ. अस्तिक जोशी (सलाहकार, मनोचिकित्सा एवं बाल आ किशोर मनोचिकित्सा, बीएलके-मैक्स सुपर स्पेशियलिटी हॉस्पिटल) बतबैत छथि जे मनोविज्ञानक दृष्टिकोण सं देखल जाए, तं स्मरणशक्तिक शुरूआत ध्यान देबा सं होइत अछि। कोनो जानकारी कें बहुत दिन धरि मोन रखबाक लेल पहिने ओहि पर ध्यान देब, ओकरा बुझब आ तकर बाद मस्तिष्क मे दर्ज करब जरूरी अछि।



लगातार आबय बला नोटिफिकेशन, एकहि संग कतेको काज करबाक आदति आ बिना रुकने सोशल मीडिया स्क्रॉल करब एहि प्रक्रिया कें प्रभावित क सकैत अछि।

दोसर महत्वपूर्ण अवधारणा अछि ह्यडिजिटल ऑफलोडिंगह्न। एकर अर्थ अछि जानकारी मोन रखबाक लेल बाहरी साधन, जेना मोबाइल आ डिजिटल नोट्स पर निर्भर रहब। ई सुविधा बहुत उपयोगी अछि, मुदा एकरा पर बेसी निर्भर रहला सं अपने सं जानकारी मोन करबाक अभ्यास कम भ सकैत अछि। चिंताक बात मात्र ई नहि अछि जे हम बेसी बिसरि रहल छी, बल्कि ईहो अछि जे हम जानकारी कें सक्रिय रूप सं बुझबा आ सीखबा मे कम समय द रहल छी। कोनो चीज कें सुरक्षित राखब, ओकरा सीखबाक बराबर नहि अछि आ पढ़ब, ओकरा मोन रखबाक समान नहि अछि। हालांकि, तकनीक अपने आप मे नुकसानदायक नहि अछि। डिजिटल रिमाइंडर, कैलेंडर आ नोट्स हमर सहायता क सकैत अछि। जरूरत एहि बातक अछि जे हम एहि सभक उपयोग अपन मानसिक क्षमता कें बेहतर बनेबाक लेल करी, नहि कि पूरा तरहे एहि पर निर्भर भ जाए।

एहि लेल सक्रिय रूप सं मोन करबाक अभ्यास करू, बिना कोनो बाधाक पढ़ू, सीखल गेल बात सभकेँ अपन शब्द मे दोहराउ, बातचीत करू आ पूरा निन्न लिअ।

# दीपावली सं पहिने सोना आ चानीक दाम किएक लगातार खसि रहल अछि?





**मुंबई, एजेंसी**

दीपावली सं पहिने सोना आ चानीक दाम मे लगातार गिरावट आबि रहल अछि। वैश्विक शेयर बाजार मे बिकवाली आ क्रूड ऑयलक दाम 117 डॉलर प्रति बैरल धरि पहुंचबाक बीच 23 अक्टूबर कें दुनू बहुमूल्य धातुक दाम पर दबाव बनल रहल। घरेलू बाजार मे चानीक दाम दू लाख टाका प्रति किलोग्राम सं नीचां खसि गेल। सोना आ चानीक दाम मे ई गिरावट निवेशक सभक लेल चिंताक विषय बनल अछि। वैश्विक बाजार मे कॉमेक्स पर सोनाक वायदा भाव लगभग 4,030 डॉलर प्रति औंस आ चानीक भाव करीब 54 डॉलर प्रति औंस रहल। भारत मे मल्टी कमोडिटी एक्सचेंज (एमसीएक्स) पर सोनाक वायदा भाव लगभग 1,42,300 टाका प्रति 10 ग्राम आ चानीक भाव 1,96,000 टाका प्रति किलोग्राम रहल। सोना लगातार दोसर सप्ताह सस्ता भेल अछि। ब्लूमबर्गक अनुसार, टीडी सिक्योरिटीजक वरिष्ठ कमोडिटी रणनीतिकार रायन मैके कहलनि जे तेलक दाम, ब्याज दर आ अमेरिकी फेडरल रिजर्वक नीति कें लए कए बनल चिंता सोनाक दाम पर दबाव बना रहल अछि।

**घरेलू बाजार मे चानीक दाम दू लाख टाका प्रति किलोग्राम सं नीचां खसि गेल**

बाजार मे निवेशक सभक रुख सेहो नकारात्मक रहल। एहि सप्ताह सोनाक दाम मे चारि प्रतिशत धरि गिरावट आबि सकैत अछि। जूनक शुरूआतक बाद ई सब सं पैघ साप्ताहिक गिरावट होयत। मध्य-पूर्व मे तनाव फेर बढ़ला सं ऊर्जा पदार्थक दाम ऊपर गेल अछि। दोसर दिस, कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) सं जुड़ल कंपनी सभक शेयर मे निवेश निकालि कए निवेशक अमेरिकी सरकारी बॉन्ड दिस बढ़ि रहल छथि। एहि कारण अमेरिकी ट्रेजरी बॉन्ड पर प्रतिफल बढ़ल अछि। बॉन्ड पर प्रतिफल बढ़ला सं सोनाक आकर्षण घटैत अछि, किएक तं सोना अपन धारक कें नियमित ब्याज नहि दैत अछि।

**ईटीएफ मे सोनाक खरीदारी जारी :** सोनाक दाम घटबाक बादो एक्सचेंज ट्रेडेड फंड (ईटीएफ) मे एकर खरीदारी जारी अछि। ब्लूमबर्ग जिन गोल्ड ईटीएफ पर नजरि रखैत अछि, ताहि मे लगातार 14 सप्ताह सं सोनाक आवक भए रहल अछि। ई रुझान दाम मे गिरावट सं अलग अछि। सैक्सो बैंकक कमोडिटी रणनीति प्रमुख ओले हानसेनक अनुसार, दीर्घकालीन निवेशक भू-राजनीतिक जोखिम आ मुद्रा क्रयशक्ति मे कमी सं बचबाक लेल ईटीएफक माध्यम सं सोना जमा कए रहल छथि।

**चानीक दाम मे तेज गिरावट :** शुक्रदिन चानीक दाम मे 7.5 प्रतिशत धरि गिरावट आबि गेल। अगस्त मे 2,48,800 टाका प्रति किलोग्रामक उच्चतम स्तर पर पहुंचबाक बाद चानी लगभग 56 हजार टाका सस्ता भए गेल। अपन 4,20,048 टाका प्रति किलोग्रामक ऐतिहासिक उच्चतम स्तर सं चानीक दाम आधा सं बेसी खसि चुकल अछि। वर्ष 2025 मे चानीक दाम मे 170 प्रतिशतक उछाल आएल छल। तकर बाद आब ई तेज गिरावट देखबा मे आबि रहल अछि। सोनाक दाम सेहो अगस्तक 1,64,773 टाका प्रति 10 ग्रामक उच्चतम स्तर सं लगभग 23 हजार टाका घटि गेल अछि। जाय कैपिटल मार्केट्सक मुख्य निवेश अधिकारी नईम असलमक अनुसार, अमेरिकी ट्रेजरी बॉन्ड पर बढ़ैत प्रतिफल, डॉलरक मजबूती आ ब्रेंट कच्चा तेलक दाम 110 डॉलर प्रति बैरल सं ऊपर रहबाक कारण महंगाइक चिंता फेर बढ़ल अछि। एहि परिस्थिति मे सोना आ चानी दुनू पर दबाव बनल अछि।

**पिछला सालक तुलना मे सोना एखनो महग :** इंडिया बुलियन एंड ज्वेलर्स एसोसिएशनक सचिव कुमार जैन कहलनि जे पिछला सालक तुलना मे एहि बेर सोना एखनो बेसी महग अछि। एहि कारण निवेशक सभक भरोसा बनल अछि। हुनकर अनुसार, धनतेरस आ दीपावली लग रहबाक कारण लोक सोना किनि रहल छथि। सोनाक पुनर्चक्रण सेहो बढ़ल अछि। पिछला साल दशहराक समय सोना 1,16,000 टाका प्रति 10 ग्राम छल, जखन कि एहि साल दशहराक अवसर पर एकर दाम 1,49,000 टाका प्रति 10 ग्राम छल। आब आगू विवाहक मौसिम शुरू होयवाक अछि। एहि कारण गहना बनयबाक लेल सोनाक मांग बढ़ि रहल अछि। हालांकि, चानीक दाम मे उतार-चढ़ाव सं खरीदार सभक अनुभव नीक नहि रहल अछि।

**आगू कोन दिशा पकड़त बाजार? :** विशेषज्ञ सभक कहब अछि जे केंद्रीय बैंक सभक खरीदारी आ गोल्ड ईटीएफ मे मजबूत मांग सोनाक दाम मे गिरावट कें सीमित कए रहल अछि। एक्सएस डॉट कॉमक बाजार विश्लेषक लिन ट्रानक अनुसार, बाजार मे सोनाक मांग आ ऊंच ब्याज दरक दबावक बीच संतुलन बनेबाक प्रयास भए रहल अछि। मुदा एखनक खरीदारी दाम कें नव दिशा देबाक लेल पर्याप्त मजबूत नहि अछि। चानीक दाम पर औद्योगिक मांग सेहो असरि करैत अछि। एकर उपयोग इलेक्ट्रॉनिक्स, सौर पैनल आ अन्य निर्माण उद्योग मे होइत अछि। वर्ष 2024 मे वैश्विक चानी मांग मे औद्योगिक उपयोगक हिस्सा लगभग 56 प्रतिशत छल। जं तेल महग होयबाक कारण उत्पादन लागत बढ़ैत अछि आ निर्माण गतिविधि कमजोर पड़ैत अछि, तं चानीक मांग घटि सकैत अछि।



### तेलक दाम आ बहुमूल्य धातुक संबंध

तेलक दाम सोना आ चानी कें मुख्य रूप सं अप्रत्यक्ष रूपें प्रभावित करैत अछि। तेल महग भेला सं परिवहन, ईंधन आ उत्पादनक लागति बढ़ैत अछि। एहि कारण महंगाइ लंबा समय धरि बनल रहबाक आशंका बढ़ैत अछि। केंद्रीय बैंक ब्याज दर कम करबा मे देरी कए सकैत अछि अथवा ओकरा ऊंच राखि सकैत अछि। एहन स्थिति मे बॉन्डक प्रतिफल बढ़ैत अछि आ सोनाक आकर्षण घटैत अछि। दोसर दिस, तेलक दाम मे तेजी आ भू-राजनीतिक तनाव निवेशक कें सुरक्षित निवेशक रूप मे सोनाक दिस आकर्षित सेहो कए सकैत अछि। मुदा जं ऊंच ब्याज दरक दबाव बेसी रहत, तं सोनाक दाम पर कमजोरी बनल रहि सकैत अछि।

# जामिया मे प्रदर्शनक बीच हंगामा, सभ कक्षाक संचालन ऑनलाइन माध्यम सं होयत

**नई दिल्ली, एजेंसी**

दिल्लीक जामिया मिल्लिया इस्लामिया (जेएमआई) विश्वविद्यालय मे छात्र संघ बहाल करबाक मांग लए कए चलि रहल प्रदर्शनक बीच सभ पाठ्यक्रमक कक्षा ऑनलाइन माध्यम सं संचालित करबाक निर्णय लेल गेल अछि। विश्वविद्यालय प्रशासन ई निर्णय परिसरक वर्तमान स्थिति आ छात्रसभक सुरक्षा कें ध्यान मे राखि कए लेलक अछि। 24 अक्टूबर कें कुलसचिव कार्यालय द्वारा जारी आदेश मे कहल गेल अछि जे अगिला आदेश धरि सभ कक्षाक संचालन ऑनलाइन माध्यम सं होयत।

**विरोध-प्रदर्शनक दौरान लगाओल गेल नारा सभ कें लए कए विवाद उत्पन्न भए गेल अछि**




विश्वविद्यालय प्रशासनक अनुसार, ई एकटा एहतियाती डेग अछि, जाहि सं छात्रसभक सुरक्षा सुनिश्चित कयल जा सकय। एकर संगहि पढ़ाइ-लिखाइ सेहो जारी रहत आ छात्रसभक अध्ययन पर कोनो प्रतिकूल प्रभाव नहि पड़त। ई निर्णय एहन समय मे लेल गेल अछि, जखन छात्र संघक पुनर्बहालीक मांग लए कए चलि रहल विरोध-प्रदर्शनक दौरान लगाओल गेल नारा सभ कें लए कए विवाद उत्पन्न भए गेल अछि। एकर पहिने, शुक्रदिन दिल्ली पुलिस विश्वविद्यालय परिसरक लग सं कांग्रेस सांसद इमरान मसूद सहित 10 गोटे कें हिरासत मे लेने छल। ओम्हर, समाजवादी पार्टी (सपा)क सांसद मोहिबुल्लाह नदवी आरोप लगौलनि जे प्रदर्शनकारी छात्र सभ सं भेंट करबाक लेल जाइत काल दिल्ली पुलिस हुनको हिरासत मे लए लेलक।

**किएक भए रहल अछि प्रदर्शन? :** ई आंदोलन 12 अक्टूबर कें शुरू भेल छल। प्रदर्शनकारी छात्रसभक मांग अछि जे छात्र संघक चुनावक कार्यक्रम घोषित करबाक आधिकारिक अधिसूचना जारी कयल जाय। विश्वविद्यालय मे अंतिम बेर वर्ष 2005 मे छात्र संघक चुनाव भेल छल आ 2006 मे छात्र संघ भंग कए देल गेल छल। प्रदर्शनकारी छात्रसभक प्रमुख मांग निर्वाचित छात्र संघक पुनर्बहाली अछि। दोसर दिस, विश्वविद्यालय प्रशासन नव छात्र संघक संविधानक प्रारूप तैयार करबाक लेल एकटा समिति गठित कयने अछि। एहि बीच विश्वविद्यालय परिसरक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि। विभाग आ केंद्र सभ मे प्रवेश करबाक अनुमति देबाक पहिने छात्रसभक जांच कयल जा रहल अछि। प्रशासनक प्रयास अछि जे परिसर मे सुरक्षा बनल रहय आ शैक्षणिक गतिविधि बाधित नहि हो।

# मोदी पर जादू-टोना? श्मशानक लग भेटल तस्वीर, सूई गड़ल नेबो आ सिंदूर, प्राथमिकी दर्ज

**मऊ, एजेंसी**

उत्तर प्रदेशक मऊ जिला सं एकटा सनसनीखेज मामिला सोझां आएल अछि। दोहरीघाट मे सरयू नदीक कात बनल श्मशान घाट लग जमीन पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक तस्वीर भेटल अछि। तस्वीरक आसपास नारिकेर, नेबो, लाल ताग आ सिंदूर सेहो राखल छल। नेबो मे सूई गाड़ल गेल छल। एहि घटनाक वीडियो सोशल मीडिया पर प्रसारित होयलाक बाद हड़कंप मचि गेल। हालांकि, हम सभ एहि वायरल वीडियो आ तस्वीरक पुष्टि नहि करैत छी।

वीडियो प्रसारित भेलाक बाद पुलिस सक्रिय भए गेल आ अज्ञात व्यक्तिक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कए जांच शुरू कए देलक। पूरा मामिला दोहरीघाट क्षेत्र मे सरयू नदीक कात स्थित श्मशान घाट लगक बताओल जा रहल अछि। ओतय प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक एकटा तस्वीर भेटल। तस्वीरक आसपास नारिकेर, नेबो, सिंदूर आ सूई सन वस्तु देखल गेल। एहि वस्तु सभ कें राखबाक तरीका देखैत लोक एकरा तंत्र-मंत्र आ टोना-टोटका सं जोड़ि कए देखि रहल छथि। हालांकि, प्रधानमंत्री मोदीक तस्वीरक संग एहि तरहक कृत्य कें कयलक आ एहि पाछां ओकर उद्देश्य की छल, से एखन स्पष्ट नहि भए सकल अछि।

**वीडियो प्रसारित भेलाक बाद सक्रिय भेल पुलिस**



**तंत्र-मंत्रक सामग्रीक संग प्रधानमंत्री मोदीक तस्वीर वायरल**

श्मशान घाट लग प्रधानमंत्री मोदीक तस्वीरक संग भेटल तंत्र-मंत्रक सामग्रीक वीडियो आब सोशल मीडिया पर वायरल भए गेल अछि। एहि वीडियो कें लए कए लोक तरह-तरहक चर्चा कए रहल छथि। मामिला प्रधानमंत्री मोदी सं जुड़ल रहबाक कारण पुलिस आ प्रशासन सेहो सक्रिय भए गेल अछि। पुलिस तत्काल जांच-पड़ताल शुरू कए देलक अछि आ एहि मामिला मे प्राथमिकी सेहो दर्ज कए लेल गेल अछि। दोहरीघाट थानाध्यक्ष रामायण सिंह बतौलनि जे मामिलाक जांच कयल जा रहल अछि।

जांच पूरा भेलाक बाद आगांक कारबाइ कयल जायत। दोसर दिस, भाजपा जिलाध्यक्ष रामाश्रय मौर्य कहलनि जे ई कृत्य कोनो अराजक तत्त्व द्वारा कयल गेल अछि। ओ एहि मामिला मे दोषी व्यक्तिक विरुद्ध सख्त कारबाइ करबाक मांग कयलनि। फिलहाल पुलिस घटनाक विभिन्न पहलु सभक जांच कए रहल अछि।

# न्यायाधीश घूस लए सामूहिक दुष्कर्मक आरोपित कें देलनि जमानत, भड़कि उठली मुख्यमंत्री



**लाहौर, एजेंसी**

न्यायाधीश आ न्यायालय लग लोक न्यायक आशा लए कए जाइत छथि, मुदा पाकिस्तानक एकटा न्यायाधीश पर 20 वर्षीया महिलाक संग सामूहिक दुष्कर्मक मामिला मे घूस लए मुख्य आरोपित कें जमानत देबाक आरोप लागल अछि। ई आरोप दोसर केओ नहि, बल्कि पंजाब प्रांतक मुख्यमंत्री मरियम नवाज लगौलनि। मामिला अजरबैजानक एकटा महिलाक संग भेल सामूहिक दुष्कर्म सं जुड़ल अछि। मरियम नवाज ईहो जानकारी देलनि जे मुख्य आरोपित अहमद तनवीर पीड़िता कें 70 हजार अमेरिकी डॉलर देबाक प्रस्ताव देने छल, जाहि सं ओ अपना आ अन्य दू आरोपितक विरुद्ध लगाओल आरोप वापस लए लिअय। पुलिसक अनुसार, पीड़िता बाकूक रहनिहार छथि आ सितंबरक मध्य व्यापारिक यात्रापर पाकिस्तान गेल रहथि।

**फ्लैट मे लए जा कए कयलक सामूहिक दुष्कर्म :** पुलिस बतौलक जे 25 सितंबर कें लाहौर मे दू महिलाक पीड़िता कें डिफेन्स हाउसिंग अथॉरिटी (डीएचए) क्षेत्रक एकटा कैफे मे बजौलनि। ओतय तीन गोट पुरुष सेहो आबि गेल। तकर बाद ओ सभ पीड़िता आ अन्य दू महिला कें अपन गाड़ी मे बैसा लेलनि। पुलिसक अनुसार, अनजान पुरुष पीड़िता कें एकटा फ्लैट मे लए गेल, जतय शराब पीबाक बाद ओकरा संग सामूहिक दुष्कर्म कयलनि। पुलिस दू पुरुष आरोपित आ दुनू महिला कें गिरफ्तार कए लेने छल, जखन कि मुख्य आरोपित अहमद तनवीर जमानत पर बाहर छल। मुदा शुक्रदिन ओकरा लाहौरक सत्र न्यायालयक बाहर सं गिरफ्तार कए लेल गेल।

**मामिला अजरबैजानक एकटा महिलाक संग भेल सामूहिक दुष्कर्म सं जुड़ल अछि**

## मुकदमा वापस लेबाक लेल दू करोड़ पाकिस्तानी टाकाक प्रस्ताव

तनवीरक गिरफ्तारी कें उचित ठहरबैत मुख्यमंत्री मरियम नवाज कहलनि जे कोनो बलात्कारी वा अपराधी मात्र एहि लेल कानूनक पकड़ सं नहि बचि सकैत अछि जे ओकरा लग पैसा अछि। मुख्यमंत्रीक अनुसार, जानकारी भेटल अछि जे आरोपितक धनी परिवार पीड़िता कें आरोप वापस लेबाक बदला दू करोड़ पाकिस्तानी टाका अर्थात लगभग 72 हजार अमेरिकी डॉलर देबाक प्रस्ताव देने छल। दंड प्रक्रिया संहिताक धारा 164 अंतर्गत पीड़िताक बयान पहिनहि दर्ज कयल जा चुकल छल। मरियम नवाज कहलनि जे आरोपित कें जमानत देनिहार न्यायाधीश पर सेहो घूस लेबाक आरोप अछि। ओ कहलनि जे जं ई आरोप सही साबित होइत अछि, तं ई हमर न्याय-व्यवस्थाक निष्पक्षता पर गंभीर प्रश्न ठाढ़ करैत अछि। ईहो देखबैत अछि जे दुष्कर्म पीड़िता सभ आर्थिक दबाव आ सत्ताक दुरुपयोगक शिकार कोना बनैत छथि। मुख्यमंत्री स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे न्याय कहियो बिकाइत नहि चाही आ केओ कानून सं ऊपर नहि होयबाक चाही। एहि वर्ष जून मास मे सेहो चारि गोटे एकटा डच आ एकटा वेनेजुएलाक महिलाक संग दुष्कर्म कयने छल। एहि चारि आरोपित मे पाकिस्तानक उपप्रधानमंत्री आ विदेशमंत्री इशाक डारक पोता सेहो शामिल छल।

# आकाश मे टकरा गेल दू विमान, चारू पायलटक मृत्यु

**मनीला, एजेंसी**

फिलीपीन्स मे एकटा दुखद विमान दुर्घटना भए गेल, जाहि मे वायुसेनाक दूटा विमान आकाश मे एक-दोसरा सं टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे दुनू विमान पर सवार चारू पायलटक मृत्यु भए गेल। जानकारीक अनुसार, लिपान सिटी स्थित फर्नांडो एयरबेस पर प्रशिक्षण देनिहार दुनू विमान दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। फिलीपीन्स वायुसेना (पीएएफ) बयान जारी कए एहि दुर्घटना पर शोक व्यक्त कयलक। वायुसेनाक अनुसार, दुर्घटनाक तुरंत बाद बचाव दल घटनास्थल पर पहुंचि गेल। एहि दुर्घटनाक बाद एसएफ-260 विमान सभक उड़ान पर रोक लगा देल गेल अछि। आब जांच पूरा भेलाक बादे एहि विमान सभ कें उड़ान भरबाक अनुमति देल जायत।

### वायुसेना अड्डाक परिसर मे खसल विमान

स्थानीय समाचार माध्यम सभक अनुसार, प्रशिक्षणक दौरान ई दुर्घटना भेल। दुनू विमान वायुसेना अड्डाक परिसर मे खसल, जाहि सं बाहर कोनो नोकसान नहि भेल। वायुसेना बलिदान देनिहार पायलट सभक परिवार सं संपर्क कयने अछि।

### 66 वर्ष पुरान नमूनाक विमान

एसएफ-260 हलुक विमान अछि, जे इटली मे बनाओल गेल छल। एकर रूपरेखा 1960 मे तैयार कयल गेल छल। एहि विमानक उपयोग फिलीपीन्स वायुसेना प्रशिक्षण लेल करैत रहल अछि। ई दू सीट बला विमान अछि, जाहि मे पिस्टन इंजन लगल रहैत अछि। ई कलाबाजी करबाक क्षमता सेहो रखैत अछि। वर्ष 2017 मे मरावी नगरक अभियान मे सेहो एहि विमानक उपयोग भेल छल। आपदा काल मे सेहो एकर उपयोग कयल जा सकैत अछि। हालक वर्ष सभ मे फिलीपीन्स वायुसेनाक कतेको विमान दुर्घटनाग्रस्त भए चुकल अछि। चारि मास पहिने सेहो एकटा एसएफ-260 विमान दुर्घटनाग्रस्त भेल छल, जाहि मे दुनू पायलटक मृत्यु भए गेल छल। वर्ष 2023 मे सेहो एहि तरहक दुर्घटना भेल छल।



**एहि दुर्घटनाक बाद एसएफ-260 विमान सभक उड़ान पर रोक लगा देल गेल अछि**

## भारतक यादगार प्रदर्शन

# 114 पदकक संग एशियन पैरा गेम्स 2026 मे बनौलक नव कीर्तिमान



एशियन पैरा गेम्स 2026 मे भारतीय खेलाड़ी सभ इतिहास रचलनि। भारत एशियन पैरा गेम्स मे अपन सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करैत पदकक नव रिकॉर्ड कायम कए लेलक अछि। भारतक कुल पदकक संख्या 114 पहुंचि गेल अछि। एशियन पैरा गेम्सक इतिहास मे ई भारतक एखन धरि सबस नीक प्रदर्शन अछि। भारत 30 स्वर्ण, 35 रजत आ 49 कांस्य पदक अपना नाम कएने अछि। स्वर्ण पदकक हिसाबे सेहो ई भारतक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन अछि। एशियन पैरा गेम्स 2023 मे भारत कुल 111 पदक जीतने छल, जाहिमे 29 स्वर्ण पदक शामिल छल। मुदा, भारतीय खेलाड़ी सभ एहि रिकॉर्ड कें तोड़ि देलनि। शुक्रदिन भारत कुल 9 स्वर्ण पदक अपना नाम कएलक।

एशियन पैरा गेम्स 2026 मे भारत 168 खेलाड़ी सभक दल भेजने छल, जे पिछला गेम्सक तुलना मे लगभग आधा छल। मुदा, खेलाड़ी सभ शानदार प्रदर्शन करैत देशक नाम रोशन करय मे कोनो कसरि नहि छोड़लनि। पदक तालिका मे भारत एखन चारिम स्थान पर अछि। एशियन पैरा गेम्स 2023 मे भारत प्रतियोगिताक समापन पदक तालिका मे पांचम स्थान पर रहि कए कएने छल। जापानक धरती पर पैरा खेलाड़ी सभक ऐतिहासिक प्रदर्शन मे एथलेटिक्सक भूमिका सबस महत्वपूर्ण रहल। एथलेटिक्स मे भारतक झोली मे सबस बेसी 65 पदक आएल। ई पिछला एशियन गेम्सक तुलना मे 12 बेसी अछि।

शुक्रदिन भाला फेंक प्रतियोगिता मे सुमित अंतिल शानदार प्रदर्शन करैत स्वर्ण पदक जीतलनि। ओम्हर, महेंद्र गुर्जर रजत आ संदीप सरगर कांस्य पदक अपना नाम कएलनि। एहि तरहें भाला फेंकक पदक मंच पर भारतीय खेलाड़ी सभक दबदबा रहल। भारतीय पैरा बैडमिंटन जोड़ी थुलसिमथी मुरुगेसन आ मानसी जोशी महिला डबल्स मे शानदार खेल देखबैत स्वर्ण पदक जीतलनि। थुलसिमथी नितेशक संग मिलि मिक्स्ड डबल्स मे सेहो रजत पदक जीतलनि।

मोना अग्रवाल शूटिंग मे एशियन पैरा गेम्स 2026 क दोसर स्वर्ण पदक जीतलनि। ओम्हर, बैडमिंटन आ तीरंदाजी मे सेहो भारतीय खेलाड़ी सभ अपन शानदार प्रदर्शन सं सबहक ध्यान आकर्षित कएलनि।

# तिलक-नीतीश न्यूजीलैंडक मुंह सं जीत छीनलनि

## भारत दोसर टी-20 मे न्यूजीलैंड कें 4 विकेट सं हरौलक

भारत शानदार प्रदर्शन करैत दोसर टी-20 अंतरराष्ट्रीय मुकाबला मे न्यूजीलैंड कें 4 विकेट सं हरा देलक। हेगले ओवल मैदान पर न्यूजीलैंड दिस सं भेटल 181 रनक लक्ष्य भारतीय टीम 6 विकेट गंवा कए 19.5 ओवर मे हासिल कए लेलक।



181 रनक लक्ष्यक पीछा करय उतरल भारतीय टीम कें संजू सैमसन आ अभिषेक शर्मा नीक शुरूआत देलनि। दुनू गोटे मिलि पहिल विकेट लेल 4.4 ओवर मे 40 रन जोड़लनि। संजू सैमसन संघर्ष करैत देखल गेलाह आ 17 गेंद मे 14 रन बना कए आउट भेला। अभिषेक 21 गेंद मे 27 रन बनयलाक बाद मिचेल सैंटनरक शिकार बनला। ईशान किशनक जगह प्लेइंग इलेवन मे शामिल कएल गेल वैभव सूर्यवंशी बल्ला सं खास कमाल नहि देखा सकला आ 8 गेंद खेललाक बाद मात्र 4 रन बना कए आउट भेला। कप्तान श्रेयस अय्यर सेहो बल्ला सं खास योगदान नहि देलनि। ओ 11 गेंद खेललाक बाद 7 रन बना कए मिचेल सैंटनरक गेंद पर क्लीन बोल्ड भेला। अक्षर पटेल सेहो खास प्रदर्शन नहि कए सकला आ 11 रन बना कए आउट भेला। नमन धीर किछु दमदार शॉट लगौलनि आ 17 गेंद मे 31 रन बनयलाक बाद पवेलियन लौटला। मुदा, अंतिम ओवर सभमे नीतीश कुमार रेड्डी आ तिलक वर्मा मोर्चा सम्हारलनि। दुनू खेलाड़ी सातम विकेट लेल 30 गेंद मे 69 रनक अटूट साझेदारी कए भारतीय टीम कें जीत दिऔलनि। तिलक 26 गेंद मे 6 चौका आ 1 छक्काक मदद सं नाबाद 51 रन बनौलनि, जखनकि नीतीश कुमार रेड्डी 13 गेंद मे 26 रन बना कए नाबाद रहलाह। न्यूजीलैंड दिस सं मिचेल सैंटनर शानदार गेंदबाजी करैत



4 ओवर मे 21 रन दऽ 4 विकेट लेलनि। एहि सं पहिने न्यूजीलैंड 20 ओवर मे 5 विकेट गंवा कए 180 रन बनौने छल। टीमक शुरूआत नीक नहि रहल आ टिम सीफर्ट 7 रन बना कए आउट भेला। डेरिल मिचेल सेहो 6 रन बना कए पवेलियन लौटला। फिन एलन 14 गेंद मे 16 रन बनयलाक बाद प्रिंस यादवक गेंद पर क्लीन बोल्ड भेला। मुदा, एकर बाद ग्लेन फिलिप्स आ बेवन जैकब्स मोर्चा सम्हारलनि। दुनू खेलाड़ी चारिम विकेट लेल 76 गेंद मे 116 रनक साझेदारी कएलनि। जैकब्स 46 गेंद मे 58 रन बना कए आउट भेला। ओम्हर, फिलिप्स मात्र 43 गेंदक सामना करैत 70 रनक विस्फोटक पारी खेललनि। भारत दिस सं गेंदबाजी करैत अर्शदीप सिंह सबस बेसी 2 विकेट लेलनि। भुवनेश्वर कुमार, प्रिंस यादव आ नीतीश कुमार रेड्डी एक-एक विकेट लेलनि। एहि जीतक संग भारत पांच मैचक टी-20 सीरीज मे 2-0 सं बढ़त बना लेलक।

# अर्शदीप सिंह रचलनि इतिहास, एक कैलेंडर वर्ष मे सबसं बेसी विकेट लेबय बला भारतीय गेंदबाज बनलाह

भारत आ न्यूजीलैंडक बीच पांच मैचक टी-20 सीरीजक दोसर मुकाबला हेगले ओवल मैदान पर खेलल जा रहल अछि। पहिने बल्लेबाजी करैत न्यूजीलैंड 5 विकेट गंवा कए 180 रन बनौलक। एहि मुकाबला मे 2 विकेट लेबाक संग अर्शदीप सिंह इतिहास रचि देलनि। अर्शदीप टी-20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे एक कैलेंडर वर्षमे भारत दिस सं सबस बेसी विकेट लेबय बला गेंदबाज बनि गेलाह। अर्शदीप 2026 मे एखन धरि कुल 38 विकेट अपना नाम कए चुकल छथि। अपन 4 ओवरक स्पेल मे भारतीय तेज गेंदबाज 33 रन दैत 2 विकेट लेलनि।



अर्शदीप भुवनेश्वर कुमारक रिकॉर्ड तोड़लनि। भुवनेश्वर 2022 मे क्रिकेटक सभस छोट प्रारूप मे भारत दिस सं 37 विकेट लेने छलाह। ओम्हर, अर्शदीप 2024 मे 36 विकेट लेने छलाह। अर्शदीप एक कैलेंडर वर्षमे सभस बेसी विकेट लेबय बला विश्वक संयुक्त रूप सं दोसर गेंदबाज बनि गेलाह। ओ श्रीलंकाक गेंदबाज वानिंदु हसरंगाक रिकॉर्डक बराबरी कएलनि। एहि सूची मे अर्शदीप सं आगू मात्र आयरलैंडक तेज गेंदबाज जोश लिटिल छथि, जे 2022 मे 39 विकेट लेने छलाह। अर्शदीप टिम सीफर्ट आ ग्लेन फिलिप्सक महत्वपूर्ण विकेट सेहो लेलनि।

न्यूजीलैंड दिस सं फिलिप्स शानदार बल्लेबाजी करैत 43 गेंद मे 70 रनक दमदार पारी खेललनि। अपन एहि पारी मे फिलिप्स 4 चौका आ 4 छक्का लगौलनि। बेवन जैकब्स सेहो नीक लय मे देखल गेलाह। ओ 46 गेंदक सामना करैत 58 रन बनौलनि। अपन एहि पारी मे जैकब्स 5 चौका आ 1 छक्का लगौलनि। दुनू खेलाड़ी मिलि चारिम विकेट लेल 76 गेंद मे 116 रनक साझेदारी कएलनि। एहि साझेदारीक बदौलत न्यूजीलैंडक टीम सम्मानजनक स्कोर धरि पहुंचय मे सफल रहल। फिन एलन 16 रन आ माइकल ब्रेसवेल 10 रनक योगदान देलनि। पांच मैचक टी-20 सीरीज मे भारतीय टीम 1-0 सं आगू अछि।

# प्रतीका के शतक आ श्री चरणीक घातक गेंदबाजी सं भारत जिम्बाब्वे कें 9 विकेट सं हरौलक

प्रतीका रावलक नाबाद शतक आ श्री चरणीक शानदार गेंदबाजीक बदौलत भारतीय महिला क्रिकेट टीम पहिल एकदिवसीय अंतरराष्ट्रीय मुकाबला मे जिम्बाब्वे कें 9 विकेट सं करारी शिकस्त देलक। भारत 198 रनक लक्ष्य मात्र 27.1 ओवर मे 1 विकेट गंवा कए हासिल कए लेलक। एहि जीतक संग भारतीय टीम तीन मैचक श्रृंखला मे 1-0 सं बढ़त बना लेलक। प्रतीका रावल 96 गेंद पर नाबाद 100 रनक शानदार पारी खेललनि। ओम्हर, शेफाली वर्मा आक्रामक बल्लेबाजी करैत 33 गेंद पर नाबाद 64 रन बनौलनि। ओ अपन पारीक दौरान छक्का सभक झड़ी लगबैत भारतीय टीम कें सहज जीत दिऔलनि। स्मृति मंधाना सेहो 32 रनक योगदान देलनि। एहि सं पहिने भारतीय गेंदबाज सभ जिम्बाब्वेक पारी कें 49.5 ओवर मे 197 रन पर समेटि देलनि। श्री चरणी अपन करियरक सर्वश्रेष्ठ प्रदर्शन करैत 23 रन दऽ 4 विकेट लेलनि, जखनकि क्रांति गौड़ 42 रन दऽ 3 विकेट हासिल कएलनि। जिम्बाब्वे दिस सं बिलव्ड बिजा सबस बेसी 62 रन बनौलनि। टॉस जीत कए पहिने बल्लेबाजी करय उतरल जिम्बाब्वे टीम कें तेसर ओवर मे पहिल झटका लागल, जखन क्रांति गौड़ लोरिन फिरी के अपन गेंद पर शानदार कैच लैत पवेलियन पठा देलनि। हालांकि, शुरूआती ओवर सभमे भारतीय क्षेत्ररक्षक किछु आसान मौका गंवा देलनि। ऋचा घोष चिपो मुगेरी-तिरिपानो के कैच छोड़ि देलनि, जखनकि पदार्पण कए रहल जिंतमणि कलिताक गेंद पर दीप्ति शर्मा मोडेस्टर मुपाचिक्वाक कैच छोड़ि देलनि। एकर बाद श्री चरणी मैचक रुख बदलि देलनि। ओ पहिने मेडन ओवर फेकलनि आ फेर मुगेरी-तिरिपानो के पगबाधा आउट कए देलनि। चरणी मुपाचिक्वा के सेहो पवेलियन पठा देलनि। दीप्ति शर्मा शार्न मेयर्स के कैच आउट करबैत जिम्बाब्वेक स्कोर 70 रन पर 4 विकेट कए देलनि। मुश्किल मे फंसल जिम्बाब्वेक पारी के बिजा सम्हारलनि। ओ न्याशा ग्वांजुराक संग पांचम विकेट लेल 43 रन जोड़लनि आ अपन अर्धशतक पूरा कएलनि। मिशेल मावुंगा 23 गेंद पर 29 रन बना कए टीम




के तेजी सं रन देबाक प्रयास कएलनि। मुदा, श्री चरणी कलिताक हाथे हुनका कैच आउट करबैत एहि साझेदारी के तोड़ि देलनि। एकर बाद जिम्बाब्वेक पारी लड़खड़ा गेल। टीम मात्र 3 रनक भीतर 3 विकेट गंवा देलक। शेफाली वर्मा कप्तान नोमवेलो सिबांडा के पगबाधा आउट कएलनि, जखनकि क्रांति गौड़ बिजा के मिड ऑफ पर कैच करौलनि। दीप्ति शर्मा पारीक अंतिम गेंद सं पहिने तेंदई मकुशा के बोल्ड कए जिम्बाब्वेक पारी समाप्त कए देलनि। लक्ष्यक पीछा करय उतरल भारतीय टीम शुरूआतहि सं आक्रामक रुख अपनौलक। प्रतीका रावल आ स्मृति मंधाना पहिल विकेट लेल तेजी सं रन जोड़लनि। भारत पावरप्ले के बाद 10 ओवर मे बिना कोनो विकेट गंने 72 रन बना लेने छल। प्रतीका 54 गेंद पर अपन अर्धशतक पूरा कएलनि। हुनका 45 रनक निजी स्कोर पर जीवनदान सेहो भेटलनि। दुनू सलामी बल्लेबाज पहिल विकेट लेल 94 रन जोड़लनि, जाहि के बाद मंधाना 32 रन बना कए आउट भेली।

## महेला जयवर्धनेक स्थान कीरोन पोलार्ड बनलाह मुंबई इंडियंसक मुख्य कोच

इंडियन प्रीमियर लीग (आईपीएल) क अगिला सत्र शुरू होयबाक पहिने मुंबई इंडियंस पैघ निर्णय लैत कीरोन पोलार्ड के टीमक मुख्य कोच नियुक्त कएने अछि। पोलार्ड महेला जयवर्धनेक जगह लेताह। जयवर्धनेक दू सत्र बला दोसर कार्यकाल आईपीएल-2026 मे टीमक निराशाजनक प्रदर्शनक संग समाप्त भ गेल। पांच बेर आईपीएल चैंपियन बनि चुकल मुंबई इंडियंस पिछला छह सत्र सं खिताब जीतय मे असफल रहल अछि। टीम अपन पिछला खिताब 2020 मे जीतने छल। एहन स्थिति मे फ्रेंचाइजी खिताबक सूखा समाप्त करबाक लेल अपन पुरान भरोसेमंद खेलाड़ी पोलार्ड के पैघ जिम्मेदारी सौंपने अछि। पोलार्डक मुंबई इंडियंसक संग करीब 16 वर्ष पुरान जुड़ाव रहल अछि। फ्रेंचाइजी हुनका 2010 सत्र सं पहिने नीलामी मे खरीदने छल। चैंपियंस लीग टी-20 क शुरूआती



संस्करण मे शानदार प्रदर्शनक बाद पोलार्डक मांग काफी बढ़ि गेल छल। ओ मुंबई लेल बहुत दिन धरि खेलाड़ीक रूप मे योगदान देलनि आ बाद मे कोचिंग दलक हिस्सा बनलाह। टीमक कार्यशैली आ खेलाड़ी सभक संग पोलार्डक मजबूत संबंध के हुनकर नियुक्तिक महत्वपूर्ण कारण मानल जा रहल अछि। रोहित शर्मा आ हार्दिक पांड्या संग सेहो हुनकर नीक तालमेल अछि। रोहित आ हार्दिक अलग-अलग समय मे मुंबई इंडियंसक कप्तानी कए चुकल छथि। एहन स्थिति मे अगिला सत्र मे टीमक रणनीति आ कामकाज मे पोलार्डक भूमिका पर सभक नजरि रहत। टीमक किछु पैघ खेलाड़ी सभक भविष्य के लए चलि रहल अटकलक बीच ई नियुक्ति आओर महत्वपूर्ण भ गेल अछि। रोहित शर्माक टीमक कामकाज मे संभावित रूप सं बढ़ैत भूमिका के देखैत ई देखब रोचक होयत जे पोलार्डक नेतृत्व मे मुंबई इंडियंस अगिला सत्र लेल कोन तरहक योजना बनबैत अछि।





आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित
समदिया परिवार





वर्ष 17, अंक 45 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 ( * पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053